Нохчех дуьххьара хьуьнан Іилма Іамош хиллачу йаздархочун, сайн хьехамчин Ошаев Халидан сирлачу безамна.

Автор



НОХЧИЙН РЕСПУБЛИКИН ЙАЗДАРХОЙН СОЮЗ

Хасаев Хьамзат

ХЬУЬНАН КЪАЙЛЕНАШ



Соьлжа-ГІала
2023

УДК: 8С(Чеч)-11
ББК: 84(2Рос=Чеч)6-4
Х-74

Хасаев Х.

Хьуьнан къайленаш. – Соьлжа-ГІала: АО «ИПК «Грозненский рабочий», 2023. – 128 агІо.

ХІокху книгин авторо Хасаев Хьамзата цкъа Хьуьнан техникумехь, тІаккха хьехархойн институтехь дешна. Иттех шарахь цо болх бина школехь, нохчиин мотт а, литература а хьоьхуш. Цул тІаьхьа иза хьуьнхочун балха вахана. Иза ларамаза а ца нисделла, хІунда аьлча хьуьне, Іаламе болу безам цуьнга шен дегара Мохьмадера кхаьчна, йеххачу хенахь изза болх бина волчу. Хасаев Хьамзатан книга йоьшуш, иза хьуьнан лор хилла ала мегар долуш, гучудолу авторан васт. Цуьнан тидамза ца дуьсу хьунхахь йа ломахь адаман гІо оьшу цхьа а дийнат а, орамат а.

Шеко йоцуш, берашна а, баккхийчарна а книга пайде хир йу вайн исбаьхьа Іалам довзарехь а, вайн хьомечу махке безам кхиорехь а.

ISBN 978-5-4314-0535-8

© Союз писателей ЧР, 2023



БІАЬСТЕНАН МУКЪАМАШ

Іа чекхдолуш доллура. Акхарошна а, олхазаршна а тІехІиттинарш уггар хала денош дара, Іаьнан тІаьххьара, бІаьстенан хьалхара мур уггар халаниг бу Іаламехь – оцу хенахь хьуьн чохь даа хІума кІеззиг хуьлу. Делахь а хала а, атта а чекхделира Іа, тІейогІуш йара Іаламан уггар исбаьхьа хан.

БІаьсте! Хьанна ца хета хаза, бІаьсте тІекхочуш. Шийла Іа чекхдалале дуьйна, беш хаамаш бара, бІаьсте йогІу, бохуш. Ткъа мила вара и кхаъ боккхуш верг? Хьун. Іалам. Зезагаш. Хьун самайала йолайелира. Иза стенах хиира? Хьалха и хаам бира моой, бІаьллангой. Моан а, бІаьлланган а генаш тІехь кхо-

зуш гуш йара цхьа йеха кIинжаш. Уьш церан зазанан чIенигаш йу. Царна тIехь можа, хIур санна, кIеда дургал хуьлу. Хьо хьуьнхула дIавоьдуш, генах хьакхавелча а, мох баьлча а, и дургал дитташ тIера охьадоьлху, бухахь Iуьллуш долу ло можа-баьццара хоьтуьйтуш. Иштта хьал дара кхечу дечигашкахь а – дакхехь, акхтаргехь.

Ткъа зезагаш? Уьш хIун деш хуьлу? Уьш а ца Iара хаам ца беш. Уггар хьалха, Iа чIогIа долчу хенахь, дийнахь малх хьаьжча гучудаьллачу Органан бердан лаьтта тIехь гуш дара деши санна можа зезаг. Ца тешшал гIуллакх дара иза, амма иза бIаьстенан «векал» вара. Иза машхьекхориган зезаг дара. Нана-десте а олу цунах. Оцу зезагана тIехь Iаш бара накхармоза. Цунах а тамаша бойла йацара. Малхо де дохдича, моза арабаьллера шен дегIехь болу ницкъ зен а, Iаламехь хIун ду хьажа а. Гена йоццуш мазлагIа йара.

Ткъа вай йийцина хьекхориг? Цуьнан гIа хьалакъадале хьаладаьллера зезаг. Нана-десте боху цIе хIунда тиллина? Иза-х дарбане буц йу! Цуьнан гIан лаьттехьа йолчу агIон тIехь бамба болуш санна кIеда, куьйгана аьхна хуьлу, оцу агIонах «нана» олу. ТIоьхулара агIо къегаш а, шога а хуьлу, цунах «десте» олу. Лаьттах хьалайолучу бецех уггар хьалха зазадоккхург а, бIаьсте йогIуш хиларан хьокъехь хаам бийриг а йу и машхьекхориг.

СТАВНО – ВОРХІАЗЗА...

Шело хІинца а лаьтташ йара. Амма чилла йуккъе а ца йаханехь а, денош дахдала дуьйладелира. Малхбасешкара ло даша а дешаш, латта гучудуьйлура. Цхьана Іуьйренца дІахьаьжча, Органан басенаш, можа басар диллича санна, гуш йара. Цецвала оьшуш хІума дацара – зазадоккхуш дерг стов дара. Ставно заза ворхІазза доккху, олуш ду. Нагахь хьалхе даьккхина заза шелоно човхадахь?! Кхера ца оьшу. Заза масазза талхадахь а, шело, йовхо масазза йеа, йух-йуха зазадоккхуш, бІаьсте кхоччуш йаьлла йаллалц лаьттар ду иза. Цуьнан заза доккхуш йолу чІенигаш 20 сов хуьлу.

Ставно дегІ чІогІа меллаша доккху. Иза башха лекха а ца хуьлу. Амма хІора шарна а шена тІерачу стоьмаша цуьнан дуткъа генаш саттадой хуьлу. Заза массо а диттел хьалха даккхахь а, цуьнан цІий санна цІен стоьмаш гурахь бен ца ношло. Хьуьнхахь хуьлуш болу массо а стом нІаьно талхабо. Амма ставнна нІаьна а ца бо, иза талха а ца телха.

Хьун шен «болх» беш йара. Самадаьллера талл. Таьллаш маситта тайпана хуьлу. Иза дика дечиг йу. Цуьнан хадийна баьккхина хьокха а, сара а лаьттах боьллича, ден а лой, цунах дитт кхуьу. Цуьнан орам кІорге боьду.

Талл дугІу токхамаш ца хилийта басенашкахь а, гІамарш йолчу хин йистехь а.

Цхьацца хьуна дагахь а йоцчу, кІезиг хетачу билгалонашца лаха ламанан когашкара лакха коьрте хьалаоьхуш йара бІаьсте. Амма халкъалахь олуш

ду, комаран диттана дехкан лерггал гІа даллалц а, хьуьнчохь хІуттут йеккалц а бІаьсте кхоччуш йох ца ло.

ХЬУЬНАН АКХАРОЙ БІАЬСТА

Арахь йовхо хІоьттича, хиира чана. Іай наб йеш а Іиллина, самайелира иза. Шен хІусамера арайолучу хенахь, иза кенах йолуш хуьлу, цунна тІера схьайуьйлу тІергІан баргалш. И тІаргІа хьуьнан кегийчу дехкаша шайна бенаш дан дІакхоьхьу.

Ара а йаьлла, дІайолайеллачу чано хІун до? Иза уггар хьалха зингатийн туьйлиг лаха йолало. Иза карайой, барз бохабой, цо хазахетарца хІаллакдо зингатий. Шен хьалхара ши ког, тІе мотт хьокхий баша а бой, сихделла лелаш долу зннгаташна йукъа буьллий, тІе зингатий лотуьйтий, чано уьш дуу. Шена кхачам хиллалц и болх а бой, лела йоьду иза. БІаьста ча дера а, меца а хуьлу. Цо дуу моьлкъарчий, пхьидаш, хьонка. Мецачу чано акха газа а, бежана а йуьйш меттиг хуьлу.

Стечу чано, Іа йуккъе ма-дахханехь, шен бенахь ши кІорни йо. Цо уьш, ша цхьана агІон тІе а йуьжий, дукха лерина Іалашйеш, Іаьнера йоху. Шен коьртаца а, хьалхарчу когашца а йохйеш, шурица кхобуш лелайо. БІаьста кІорнешца ара а йолий, цаьрца цхьаьна хуьлу нана-ча. Нанас шен кІорнеш Іамайо лаьттара шайна ижу лаха: цхьацца орамаш, цІазамаш.

Нагахь кІорнешна кхерам болуш хІума делахь, нана-ча кийча йу уьш ларйан. Цуьнан дера а, оьгІазе



а, майра а хиларан доза дац, нагахь шен кIорнешна кхерам белахь. Ча адамашна кхераме йац. Чено, шен кIорнеш ларйеш бен, адамца дов ца до. Кхоччуш бIаьсте йаьлча, черчий меца а ца хуьлу...

Апрель-май беттанашкахь нана-барзо а кIезий до. Хьалхарчу шина кIиранах кIезий къора а, бIаьрзе а хуьлу. Баттахь сов йуххера дIа кIезиг йолуш, цо шурица кхобу уьш. Ши бутт кхаьчча, кIезаша жижиг даа доладо. Уьш сутара, ца дузуш хуьлу. Цундела хуьлу берзан кIезий угIуш.

Дуькъачу кIоргачу Iин чохь йа хьуьнан хотешкахь, хина гена доцуш хуьлу берзан Iуьрг. Цо цкъа а ца йо шена хIусам. Кхечу экхано тесна йитина «хIусам» шена то а йой, кечйо барзо. Цхьогалан йа дIаманан «хIусам» тойо цо шена.

КIезий кхиош, кхобуш дакъалоцу боьршачу барзо. Нагахь кIезашна кхерам белахь, берзалоша уьш чIогIа лардо, йоккхачу майраллица. Нагахь церан «хIусамна» тIе адам кхаьчна меттиг хилча, берзалоша шайн кIезий кхечухьа дIакхалхадо. Берзалоша зен до хьуьнан акхарошна, уьстагIий, бежанаш хIаллакдо.

ЗЕВНЕ ХЬЕШИЙ

Дуьне дохделира, хьуьнхахь гIа дала, зазадаккха доладелира. Органан тогIешца дукха ду элхьаьмцаш, хьаьрса хьечаш, хьуьнан Iежаш, кхораш. Iуьйранна хьо хьаьжча, басешкахь, бердашкахь цара даьккхинчу зазано, ло диллича санна, кIай йинера.

Зазанна тIехула хьийзачу накхармозийн зевне ладоьгIча, пондар лоькхуш санна хеталора. Мозаша дургал кхоьхьура накхаршна чу.

Іуьйранна араваьлла, маьлхан зIаьнарш схьакъадале, Органан йистехь ахь ладоьгIча, дехьа басарчу хьуьнхара схьахезаш олхазарийн хаза эшарш хуьлу. Вайн хьаннашкахь эшарш хаза йолуш ду шоршалш, алкханчаш, дуккха а кхин тайпа олхазарш. Малх схьакхетталц эшарш ца совцайо цара. Мел дукха ладегIарх кIордор доцуш, хаза мукъамаш хеза. Малх схьакхетча, жимма са а даьIна, иза чубузуш, эшарийн ловзар духадолор ду цара.

Иштта ловзар хуьлу олхазарийн, кIорнеш йаххалц. Буьйса а ца йуьту цара тийна. Сахиллалц шен хазачу эшарца иза новкъайоккху зарзаро.

Каде хьийза бIаьста мокха хьоза. Иза къардайна олхазар ду. Уьш даима а вовшашца девне хуьлу. Кор диллина хилча, корах чу догIий а, рагIу кIелахь лаьттачу пхьегIаш чу хьожий а, шена амал бо оцу хьозано. Цо деш дерг доккха зен дац, цо бечу пайдане хьаьжча. Оцу къардайначу хьозано цхьацца кIеда хIуманаш лахьош, шена бен бо. Шозза-кхузза кIорнеш йоху. КIорнеш цо кхобу стоьмаш тIехь хуьлуш долу зуламе нIаьний даош. Цундела Іалашдан деза и олхазар. Иза адамашца уггар чIогIа гергарло долуш ду.

Хьуьнца схьавогIучу хенахь хезаш хуьлу «тIахтIах-тIах» бохуш цхьа тата. Цхьаволчунна из детташ диг ду мотта а тарло. Иза хьуьнан лор-пхьар – хенакIур йу. Ирачу мIарашца дечиган гIодах таса а йелла, шен чIогIачу ирачу зIакарца дечигах хара



йоккхуш, шена бен кечбеш йу иза. И болх беш йина чов дечигана зуламе йац. Хара а йоккхий, цу чу кхоъ-йалх хIоа охьадуьллу хенакIуро. Царах кIира кхоччуш хан йаьлча, кIорнеш йевр йу.

Хьалххе схьайаьхкина, шайн стохкалера бенаш кечдеш, цу чуьра хьалха чу хевшина хьозий арадохуш, бIаьстенан кечамаш беш йара алкханчаш а. Амма иштта атта а дацара и сира къуй «цIа» чуьра арабаха. Делахь а алкханчаш а ца къарлора. Алкханчаша адамийн хIусамна гена ца дохуш до шайн баннаш. Цара хазачу эшаршца самукъадоккху шаьш тевна ховшалц. Алкханчан тевнахь иссанна тIекхаччалц хIоаш хуьлу. Вайн республикехь цара тевна шозза доккху. КIорнеш кхобучу хенахь алкханчо эшарш ца лоькху. КIорнешна ижу шина а алкханчо дийнахь сарралц рогI-рогIана йохьу. Цара уьш кхобу бошмашкара а, хьаннашкара а зуламе сагалматаш-нIаьний, полларчий лоьцуш.

ГIа-буц йаьлла хьун а, беш а йукъйелча бен Iа даккха даханчуьра духа ца доьрзу селасат олхазар. Цуьнан бен лекхачу диттийн баххьашкахь хуьлу. Селасато хазачу шакаршца эшарш лоькху, ладогIа дог доуьйтуш. Селасатан эшарш хазачу маттера цIеххьана, стаг цецвоккхуш, цIоган тIе ког баькк-хинчу цициган санна гIовгIане йоьрзу. И аз хьенан ду ца хууш цецвала тарло. Иза а ду селасатан.

БIаьсте кхоччуш йохйелча, йартийн бошмашкахь хезаш хуьлу «кхал-кхал-кхал» боху аз. Корта башха боккха а боцуш, йу санна йуткъа йеха зIок а йолуш, хье тIехь хаза къорза кIуж а болуш хуьлу хIуттут. ГIишлошца, хари чохь, лаьттан Iуьргахь

бен бо цо. Тевнехь йалх-бархI хIоа хуьлу. КIорнеш йоху май бутт чекхболуш.

ТIехьаьжча, кIеда чилланан жIуга йу моьттур долуш хаза хуьлу уьш. Амма куьг Іоьттича, царах йогIу боьха хьожа дIа ца йолуш вехха лела деза. Шен кIорнеш ларйархьама, деш ду до иза. Цундела и хьожа хиларна оццул йамарт хуьлуш долу цициг а да гIурту царна тIе.

Атйокх йека йолайелча а, хьаьмцо зазадаьккхича а, гота кхин дIа йаа охуш, сацайо, олуш ду вайнехан. Дуьне дикка доxделча бен ца йоьрзу атйокх йуха ша Іа даккха йаханчуьра. «ХIут-тут-хIут-тут» бохуш, хьуьн чуьра цуьнан аз хезачу хенахь дикка йовха хуьлу. Кхокха санна, дегIана доккха олхазар ду атйокх. Амма бен а бина, кIорнеш а йаьхна, уьш кхиош къахьоьгур долуш йац.

Муьлххачу а шел жимачу олхазаран бена чохь хIоа а дой, кIорни кхечу олхазаре йоккхуьйту до. КIорнино ша хIоьа чуьра ара ма-йеллинехь, бен чуьра кхийолу кIорнеш аракхуьссу. И кIорни кхиош долу олхазар дегIана кхул дуккха а жима хуьлу. Масала, хIуьрцIилдиго атйокхан кIорни кхиош меттигаш дукха хилла.

Атйокх чIогIа пайдехь олхазар ду. Цо хьуьн чохь дууш, хIаллакдо кхечу олхазарша ца дууш долу тIехь чоьш долу нIаьв-цицигаш.

Хазахетарца, эшаршца тIеоьцу олхазарша бIаьсте. Хазахетча а, сакъераделча а бехк бац – Іаламехь уггар хазачарах цхьа мур бу иза. ГIа долу, баьццара бос оьций дIахIутту хьун. Можа-къорза куз тесча санна, хуьлу баьццара бай. Малх санна, къегаш

хуьлу бай тIехь баппанаш. Жил-Iалам доьлуш санна хуьлу, бIаьстено самукъадоккхий.

ЧIЕГIАГГИЙ, ЛАЬХЬИЙ

Олхазарш шайн баннаш тодечара тодина а, керла дечара керла дина а девллера. Цхьана дийнахь балха воьдуш вара, белш тIехь диг а долуш, хьуьн чохь болх беш волу Жамалайла. Дочу-Борзера тогIи чу буссучу новкъа вогIуш цIеххьана цунна гира некъа тIехь гIеххьа гено цхьа муш санна йолчу хIуманна кхисса а луш, тIейетталуш чIегIаг.

ХIара лаа-м хир ма дац аьлла, Жамалайла лерина тидам беш сецира. ЧIегIаго тIе а уьдуш, зIок йеттара. ДIахьаьжча, и хьекъале олхазар лаьхьанца тIом беш дара. И санна долу сурт шена цкъа а гина ца хиларна, Жамалайла чIогIа цецваьллера. Девнах хIун хуьлу хьоьжуш, кхин тIе ца воьдуш, сецна лаьттара иза.

ЧIегIаг шен «болх» бина а йаьлла, некъана гена йолчу элхьамчийн коьллашка дIайахара. Новкъахь Iилла йисира муш санна йолу и хIума.

Жамалайла чIегIаг кхиссалуш тIейеттайеллачу хIуманна тIевахара.

ЧIегIаго зIок йиттина, хье боха а бина, белла Iуьллура лаьхьа.

Сел къиза хIара цо хIаллакбар хIун бахьана ду-теша аьлла, чIегIаг йукъайаханчу коьллаш йуккъе вахара Жамалайла. Гена доццуш даьллачу элхьаьмцийн буьххьехь, керла даьллачу баьццарчу

гIашлахь чIегIаган бена чохь, тевни тIехь, Iаш деха цIога а долуш чIегIаг гора. Шен бена йуххе адам деана хааделла чIегIаг, маьхьарца хьалаиккхина, жимма дехьа а йаьлла, кхура тIе хиира.

Шеко йацара, лаьхьа тевнахь долчу хIоаш тIе кхача гIоьртина хиларан. ТIаккха шен тIаьхье кхио хиъна йолчу чIегIаго дира муьлххачу а нанас ден дерриг.

«Хьайн йамартлоно хIаллакби-кх хьо, лаьхьа», – ойла хилира Жамалайлин.

БЕН

БIаьсте чекх а йаьлла, аьхке йулуш хан йара. Дочу-Борзина йуххерчу тогIехь уьшал чуьра къаж хьокхуш вара Iусман. Машенаш лелочу цунна хетара некъа йуххерчу къухлахь хIун хир йара, аьлла.

Мангал хьокхуш, къаж йожа а йеш, дIавоьдучу Iусманна дагахь хIумма а дацара. Кхо мангал дIатуххушехь, кхунна хьалхара цхьа-ши метр генара къожана йуккъера, чехка тIемаш детташ, цхьа олхазар хьалаиккхира. Иза йара бад.

Беттачуьра мангал саца а бина, Iусман меллаша, лекха къаж дIаса а тоттуш, бад хьалагIаьттинчу метте хьаьжира. Къожана йуккъехь бара бедан бен. Оцу говза бинчу бенахь Iуьллура бархI мокха-къорза хIоа. Иштта сурт шена гича, Iусмана кхин дIа ца хьокхуш мангал сацийра, бен йуккъехь болу къаж ша йолччохь а йитина. Шен тIаьхье кхио гIерташ йолчу бедана новкъарло йойла дацара. Мангалхочо

шен «цIен цIа» ца дохадойла хиича, бедо шен болх йуха а дIаболийра.

Цул тIаьхьа цхьа кIира даьлла хир дара. Дукха Іуьйранна хьуьнах воьдуш вара Іусман, оцу уьшалшна йуххехула. ДIахьаьжначу цунна гира уьшалхула лелаш бад, тIаьхьа хIиттина могIа бина догIуш бархI кIорни а долуш. Уьш кегий а, мокха а дара. Машенан гIовгIанах къаьхкина и «нана-доьзал», къоьжана йуккъе бахара.

– Могаш-маьрша кхуьийла шу, – аьлла, шен гIуллакхе дIавахара Іусман.

БАРКАЛЛА

Кехаташ, газеташ чутосу йаьшка лекха а йоцуш, кертах дIатоьхна йара. Йуххехула дIасалелаш адамаш, машенаш йара.

ЦIера ваьлла ши де а даьллера сан. Йуха цIа ма-кхеччинехь керла газеташ схьаэца йаьшка схьайиллича, со цецвелира. Луларчу берашна гIеххьа оьгIазвахара. Газеташца цхьаьна йаьшки чохь дара дакъаделла гIаш, чемхалгаш, месаш. Уьш чуьра ара а кхийсина, йаьшкин чоь цIанйира ас. Цул тIаьхьа цхьа-ши де даьлча а, изза сурт хилира: йаьшки чохь «нехаш» йара. Йуха а луларчу берашна реза воцуш, йаьшка паргIатйаккха воьлча, сан тидам хилира жимачу шина олхазаран. Уьш суна гена ца дуьйлуш, «цIар-цIек» деш, хьийзара. ХIун ду техьа хIара, аьлла йуьстах ваьлла со сайн пхьола дан хIоьттира. Ас деттачу дагаран а, хьоькхучу херхан а гIовгIа тергал а ца йеш, шайн болх дIаболийра олхазарша.

ШолгІачу дийнахь со хьаьжча, кехатийн йаьшки чохь дуьххьара чуйехкинчу нехашна йуккъехь, горга а болуш, котаман месех бина бен бара. Цул тІаьхьа кІира геррга хан йелира со бене ца хьожуш.

Цхьана дийнахь цІеххьана дага а деана, бене хьажа дагахь ас йаьшка схьайиллича, чуьра араикккхира букъ тІера мокха доІахан бос а, чуо кІелхьара цІен-цІеран бос а болуш долу исбаьхьа жима олхазар. Иза гена доццуш охьахиъна Іаш дара, шен синтем боцу «цІар-цІар-цІек» деш. Иза реза дацара ша бенара меттахдаккхарна. Ткъа бен чохь? Бенахь Іоккуш дара стиглан басахь жима диъ хІоа. ТІаккха йаьшка, хьостамаш а тухуш, олхазарна чудаххал Іуьрг а дитина, дІакъевлира ас, газеташ а совцийра чутуьйсучуьра.

Цхьана дийнахь хІусамнана хесахь асар деш йара. Цо дІахІоттийначу аьстанна тІе а хуьйшуш, наьрсийн хуталш йуккъе лелхаш, шайн «цІарцІарр» деш, цунах къахка а ца къаьхкаш лелаш цхьа хаза олхазарш дара. Цара хесахь а, бешахь а леца а лоьцуш, дууш хІаллакдора зуламе нІаьний а, кхин садолу хІуманаш а. Йаьшка шайна хІусамна паргІат йитарна, баркалла олуш дара и хаза олхазарш.

ЧІЕГІАГ

ЧІегІаг ша-тайпа олхазар ду. Иза вайна массанхьа а го: новкъа воьдучу хенахь некъа йистерчу бай тІехь а, дитташ тІехь а. БІаьстенан йуьххьехь олхазарша шайна чохь кІорнеш йаха бенаш до. Уьш

тайп-тайпана хуьлу. Амма чIегIаго, кIеда гIирс лоьхуш, къа ца хьоьгу.

Йаккхий чIешалгаш а гулйой, уьш вовшах а туьйсуш, цо бина бен кхакханан куйнах тера гуш хуьлу дитташ тIехь. Бен чу йуьллий кхин кIеда мас а, йа кхин хIума а ца хуьлу. Иштта бен а йоцчу чIешалгех бина хеталахь а, и говза бина бен бу. Лакхара охьахьаьжча, бен чохь дерг ган йиш йац. Цунна тIоьхула тхов тиллича санна, дIакъевлина чIегIаго иза, шен хIоаш а, кIорнеш а ца гайта.

Бен тIехь Iа стен чIегIаг. Хина гергахь йолчу хьуьнхахь а, ирзошкахь а деха чIегIаг. Уьш тобанашкахь хуьлу. Iай чIегIагаш адамийн хIусамашна герга догIу. Йалтех бухайисина хIума а, къиэйеллачу дийнатийн жижиг а, хьуьнан цIазамаш а, цхьацца йолу кегий бецан садолу хIуманаш а, кегий дехкий а дуу цара.

ЧIегIаг хIилла долуш олхазар ду. Масала, талла воьдург йа шен кхечу гIуллакхана хьуьнха воьдург, газа санна, Iеха а Iоьхуш, топ ца кхочче генара ларво цо. Ша-тайпана бахьана ду цуьнан. Оцу хьуьнчухула воьдучу стага, коьллашна йуккъера меттахдохий, кегий олхазарш дIадовлу. И меттиг билгалйо. Эццахь бен хуьлу. Цу чуьра хIоаш йа кIорнеш йуу чIегIаго.

Цо чIогIа тидам бо къегаш йолчу хIуманийн. Цуьнан бен чохь цхьацца къегаш йолу хIуманаш карош меттигаш дукха хилла. Масала, зударийн пхьаьрсах доьхку сахьт, фонарик тIера жима лампа, стаканан Iайг, куьзганан бIаьргаш, нуьйдарчий.

ЧIегIаг йуьртан бахамна пайдехь олхазар ду. Цхьацца йолчу йарташкахь суьйлийн чIегIаг олу цунах.

АХАРХОЙ

БIаьсте. Массо а садолчу хIуманийн а, диттийн а уггаре а жоьпаллин мур бу иза. Олхазарш шайна баннаш деш, кIорнеш йаха кечлуш хуьлу. Ахархой латта аха а, йалта ден а кечлуш хуьлу. Шен трактор а, нахарш а тодина, тракторна тIаьхьа кхо нох долу агрегат а тесна, оханан харш тосуш волавелира Хас-Мохьмад. Охуш лелачу цуьнан тидам хилира шен нахаршна тIаьхьа лелачу шина олхазаран. И шиъ дара хIуьрцIилдигаш. Шайна охана тIера садолу хIуманаш: чуьркаш, нIаьний лехьош хир ду-кха хIорш, бохуш ойла а йеш, шен болх беш воллура Хас-Мохьмад.

Делкъанна садаIа ша трактор сацийначу хенахь Хас-Мохьмадна гира нахарш вовшахтосуш, тIехула йиллинчу йесачу биргIи чу цхьа олхазар доьдуш. ХIара ма тамашийна хIума ду, аьлла оцу биргIи чу хьаьжна иза, инзар а ваьлла висира.

Цу чохь цунна гира бен, цу чохь тIе чо бала а тохайелла, беллаза бIаьргаш а болуш, пхи кIорни а. Цунна тIаккха хиира хIуьрцIилдигаш шен тракторна тIаьхьа хIунда лелаш хилла.

Хас-Мохьмад ойлане велира, ша хIун дан деза ца хууш. Оцу балхах цецйаьллера йаахIума йахьаш тIаьхьайеана цуьнан йоI а. Хас-Мохьмадна дагаде-

ара, тІаьхьара нох дІа а хецна, цунна метта керланиг тІаьхьатаса. Кхуьнан ойла хууш санна, йоІа а а элира: «Дада, ма къа ду-кха оцу кегийчу кІорнийн. Уьш йаккхий хиллалц меттах ма йаккхахьа и хьайн трактор».

Хас-Мохьмада трактор йуьстах а йаьккхина, новкъа цахиндолчу дІахІоттийра нох. Шен тракторна тІаьхьа кхин нох а тесна, дІадолийра трактористо шен охана.

Цхьа-ши кІира даьллачу хенахь, охана чекх а даьлла, ша паргІатваьлча, Хас-Мохьмадана дагабаьхкира шен кегийра «ахархой». Дай, йоІІий дахара шаьш дІахецна нох долчу хьуьнан йисте. Тохарлерра чохь лаьтташ нох а дара, биргІи чохь бен а бара.

Амма и бен беса-м бара. Гена доццуш охана тІехула уьдуш лелаш къона маситта хІуьрцІилдиг гира цу шинна.

ХІУСАМАШ

Хьанна ца гина чІегІаган бен. Иза даима а вайна гуччохь хуьлу, хІунда аьлча чІегІаган дахар адамашца доьзна хиларна. Бен йоккхачу говзаллица бина хуьлу.

Кхокханан бен дукха бина атта хуьлу. Цхьана шалгу генаш тІе масех чІешалг охьа а йуьллий, цу тІехь дина стигал басахь ши хІоа хуьлу.

БухІанийн, хенакІурийн бенаш хари чохь хуьлу.

Вайна массарна а хазахеташ, даима а стиглахь эшарш лоькхуш хуьлу нІаьвла. Цуьнан бен лаьттахь

муьлххачу кIаг чохь а, йоккхачу йаран гIа кIелахь а хуьлу.

Маккхалший, къийгаший, хьаргIанаший шайн хIусамаш, чIогIа маьхьарий а хьоькхуш, лекхачу таьллашна а, декхнашна а тIехь йо.

Бердашца дехаш долчу чIегIардиган бен лаьттах бердан басехь даькккхинчу Iуьргахь хуьлу.

Оцу баннех вайн тамаша бойла йац. ХIуьрцIилдиг вайна девзаш а, дезаш а олхазар ду. Цуьнан бен дагахь доцчохь карош меттигаш хуьлу.

Хьуьнан бахаман конторан кертахь лаьтташ йара йоьхна тракторш, машенаш. Машенан тIаьхьара сема йара Iуьллуш. Йуххехула тIехволуш хезаш йара олхазарийн кIорнийн гIовгIанаш. Дикка ла а доьгIна, тидам бича, гIовгIа хезара оцу семан чуьра. Хьакхар охьадохуьйтучу Iуьргах чу а дахана, бен бинера хIуьрцIилдиго. КIорнеш чохь йекара. Багахь нIаьна а болуш нана арахула хьийзаш йара.

ЭЛХЬАМЧ

Элхьамч кIохцалийн колл йа гIеххьа долу дитт хуьлу. Цуьнан дитташ, коьллаш нилхачу хьуьнхахь, Органан, Теркан тогIешкахь, ирзошкахь хуьлу. Стомма гIад долуш, нийса ирхдахана элхьамчаш дукха ду Чечанан регIахь а, Гуьмсен районан раьгIнийн басешкахь а. Iаламан дикачу совгIатех цхьаъ лара мегар ду элхьамч, иза дарбане хиларна.

Элхьамчан гIад а, генаш а шайна тIехь кIохцалш долуш хуьлу. ТIехула йолу агIо таьIина-баьццарчу

басахь, кIелхьара агIо – сирла-баьццарчу басахь, тIехь чо болуш санна, месала а долуш хуьлу цуьнан гIаш.

Элхьамчо зазадоккху май – июнь беттанашкахь, стоьмаш хила буьйлало августехь дуьйна. Зазанах, стоьмех дарбанна пайда оьцу. Заза гулдо, иза кхоччуш делладелла даьлча. Дакъо деза чохь йовха йолчу меттехь: мох кхоьтуьйтуш, IиндагIехь.

Хилла бевлла элхьамчаш, гурахь схьабохий, куьркаш чохь, гIийлла цIе а йагош, бакъабо. Зазанах а, стоьмех а дарбанаш леладо дагна цамгар йолчарна. Дарбанча хилла ца Iаш, иза дика кхача бу Iай хьуьна чохь дехаш долчу олхазаршна. Элхьамч лардан а, Iалашдан а деза.

ТУТМАКХ

Иза дара цхьана довхачу дийнахь. ЧIегIардигаш сацам боцуш шайн болх беш дара. Ши-кхо де хьалха бан болийнера шина чIегIардиго бен. Хи йистера поппар боккхуш, чемхалгашца и эбеш, шайна хIусам йеш дара и шиъ. Бен бина чекхбаьлча, зIенан бIогIамашна тIерачу серашна тIе хевшина эшарш лоькхуш Iара чIегIардигаш.

Амма и шиъ иштта Iачу йукъана церан бен дIа а лаьцна, цу чу мокха хьоза хиънера. Схьадеана ши чIегIардиг и арадаккха гIоьртира. Царна хетарг аьттехьа а дацара – хьоза арадала ойла йолуш дацара.

ГIуллакх хир доцийла хиъча, чIегIардигаш дIадахара. Хьоза цхьана ханна паргIатделира шена деш

хиллачу тІелетарх. Бакъду, шаьш къахьоьгуш бинчу бена чохь «йамартхочунна» синтеме дахар хилийта дагахь долчух тера дацара чІегІардигаш.

Дукха хан йалале уьш духадаьхкира, шайца кхин а дуккха а накъостий – чІегІардигаш а долуш. Хьоза хІинца а бенара арадала лууш дацара. ТІаккха чІегІардигаша багахь хатт а кхоьхьуш, бенна чудоьдийла дІайукъа йолийра. Ах сахьт далале мокхачу хьозанах «тутмакх» хилира – арадала меттиг ца буьтуш, чудоьллира чІегІардигаша и декъаза олхазар.

Бен боха а бина, паргІатдаккха дийзира хьоза.

БІАЬСТЕНАН АМАТАШ

Бацалахь, гаьннаш тІехь,
КІайн бІаьрхиш санна,
БІаьстенан сирла тхиш
ЖовхІарех лепаш ду.

З. Сулейманова

БІаьстенан Іуьйре. Лаьмнаш тІехьара схьакъедира сирла малх. Цуьнан зІаьнарш хьуьнан диттийн баххьашкахула кхерстира. Коьллашна а, бацана а тІедиллинчу тхин тІадамаш лепара бес-бесарчу басаршца. Йехачу буса тийнна дижина Іиллича санна, набарх долуш лаьттара Іалам. БІаьстенан маьлхана доьлура Іалам: хьун, акхарой, сагалматаш. Хьаннийн татолийн бердашца девллачу таьллаша уггар хьалха хаийтира бІаьсте йолуш йуйла. Цуьнан дуткъачу нийсачу гаьннаш тІехь гуш заза дара. Толлан

заза, дешица кхелича санна, можа-цIен бос болуш хуьлу, цициган цIога санна, месала а долуш.

Оцу хазачу зазанна тIехь шайн болх дIаболийра накхармозаша. Цара цу тIера хIур гулбора шайна дургална.

Халкъо дукха хьалха дуьйна пайдаоьцуш билгалйаьккхина дечиг йу талл. Хин хьерашна тIедогIучу татолийн бердаш тIехь кхуьу таьллаш. Царна оьшуш дац хьена латта: иза кхуьу жагIи тIехь, саз-лаьттахь. Дагарца хадийна баьккхина сара а, хьокха а дIабоьгIча денлой, сихха доккха дитт хуьлий дIахIутту, шен даккхийчу кIоргачу орамашца бердан йистош чIагIйеш.

Таьллийн генашлахь бIаьстенан муьрехь шайн хаза эшарш лоькхуш деха зарзарш. Мохо ловза а деш, дуткъа, деха хуьлу цуьнан гIаш, тIехула таьIина баьццара а, кIелхьара агIо дато басахь къеггина а йолуш.

Толлан дуткъачу серех дукха хьалха дуьйна дуьйцина тускарш, гIанташ, чIерий лоьцу доьрчий деш хилла. Хи тIехула чуохкаделла кхозучу таьллийн IиндагIехь мIераца чIерий лецар самукъане хуьлу...

Органан тогIешкахь кхуьучу меънийн баххьаш а даьхнера бIаьстено серла. Царна тIехь кхозуш гуш йара дуккха а чIенигаш. Уьш Iай а кхезира. ХIинца хаалуш йаккхий хиллера бIаьстенан дехачу довхачу деношкахь.

Маъ а ду бIаьстенан хьалха зазадоккхучу дечигех цхьаъ. Цуьнан йеха зазанан чIенигаш, гIийлачу махо а лестош, гуш хуьлу генара хьаьжча а. Царна тIера гIоттуш гуш ду можачу хIуьран дохк.

ЧIенигашна йуккъехь дохкуш, берцан буьртигаш санна, кегийра хIу хуьлу. ДIайаханчу гурахь хилла а девлла, хIинца бIаьсте йолуш охьаэга доладеллера иза.

Меънийн хьаннашкахь хаалуш хуьлу чIевнийн, вирмерIуьргийн тобанаш. Моан хIуш церан кхача бу, къаьсттана бIаьсте хала текхначул тIаьхьа. Маъ дика кхиа а кхуьу, деба а деба тIуьначу лаьттахь. Цунна тIера дужучу гIано латта чIогIа тодо.

БIаьсте тIекхачар хаийтира накхармозаша а.

Шийла Iа чекх ма-деллинехь накхарш (тускарш) ара малхе хIиттийнера мазлагIехь. Iуьйранна малх схьакхеташ, шайн зевца меттахдевлира ца кIордош къахьоьгуш долу уьш. Цкъачунна мозий накхаршна гена ца довлура. Шайн мекхаш дIа а хьедеш, цара хIаваъ толлура. ХIаваъ шийла хилча уьш гена ца довлуш а, оьгIазе а хуьлу, йуххе ваханчунна атта йу тухуш.

Кхано малх лакха а баьлла, де дохделча мозийн гIовгIа чIагIйелира, уьш гена дIаэха а дуьйлира. Накхармозаша хаам бора бIаьсте кхоччуш шен бакъоне йирзина хиларан хьокъехь.

Баьццарчу аренашкара схьаоьхучу мозийн тIехьарчу шина кога тIехь гуш, кегийра мижаргаш санна, хIуманаш йара. Церан бан ма-беззара тидам бича, цхьа къайле гучуйолура. Оцу когаш тIехь гуш йерг дургал йу. Иза мозийн кхача бу. Дургал мозаша дIайуьллу накхар чохь жуьрган бенаш чу, бIаьстенан хенахь иза чIогIа оьшуш йу.

БIаьсте! Ирзуш, тогIеш, некъан йистош, бошмаш, баьццара къорза куз тесча санна, зезагаша

хазйой хуьлу. Оцу баьццарчу дуьненахь инзаре дукха зезагаш ду шайн беснаш тайп-тайпана долуш. Массо а тайпа бос болчу зезагашна тІерачу хІуьрах хуьлуш йу мозийн и дургал.

Накхар чу догІучу хенахь мозий когаш тІера и дургал уьш тІехийшинчу зезагийн басахь хуьлу. Стигалан басахь дургал го цхьадолчеран когех. Иза бІаьстенан хьалхарчу, лилан басахь долчу зезагашна тІера гулйина дургал хиларан билгало йу. Вукхуьнан кІеззиг можо бос кхеташ кІайн йу. Иза лайн зезаг тІера йу. Дукхах долчу мозаша йохьу дургал малхехь деши санна къегаш, хІоьан буьйр санна, можа хуьлу. БІаьста уггар хьалха гучудевллачу толлан, баппан, машхьекхориган можачу зезагийн хІуьрах гулйина дургал хилар билгало йара иза...

ЛАЬХЬА

БІаьсте йукъал тІехйаььллера. Довха денош лаьттара. Иштта цхьана довхачу къеггина кхетта малх болчу бІаьстенан дийнахь, бажа бежачу ирзошкахула схьадогІура тхо, хьуьнан белхахой. ЦІехьана хьалаиккхина ши бежІу, шайн гІожмаш а эцна, ирзун йистехь йолу хьун йолчухьа дІахьаьдира. Цара ирахъоьхуьйтуш бацала гІожмаш йеттара, цхьа хІума йен гІерташ. ХІун ду хьажа тхо а дахара тІе. Йаьлла лаьттачу бацахула шен ног йетташ лазийна лаьхьа бара. Хьуьнан хехочо Мухтара ши Іу сацийра, лаьхьа бен мегар доцийла дІа а хоуьйтуш...

Лаьхьа. Бай буьйцур бу вешан махкахь хуьлуш болу дIаьвше лаьхьа. Иза бу йуккъерачу барамехь лаьхьа. Цуьнан дегI гIеххьа доца делахь а, шен бараме хьаьжжина стомма, йохалла метре ца кхоччуш хуьлу. Корта кхаасонара болуш санна чIапа а, коьртан тIехулара агIо, маьIан йолуш санна, кегийра пелагийн экъанаш а йолуш хуьлу. И пелагаш дегIан йохалла охьадаьржина ду. Лаьхьанан йоIбIаьрг буткъа а болуш, хьала-охьа бу. Хьалхахьа лакхарчу мочхалах йохкуш йаккхийра, гIеххьа чоьхьанехьа сеттина, меттах а хьуьйш, дIаьвше цергаш хуьлу, цIога – доца.

Вайнаха оцу лаьхьанах «текхарг» а, «боьха хIума» а олу. Боьха боху дош данне а догIуш дац оцу дийнатана, хIунда аьлча иза цIена хиларна. Баьццарчу ирзехь долчу хазачу зезагашлахь вуно товш бу иза. Цуьнан дегI, хаза кечдича санна, тIехь суьрташ долуш, ткъа коьрта тIехула йолчу агIон тIехь, бустамца йиллича санна, «Х» элпах тера а йолуш, тIамар хуьлу. Кортий, деггIий хотталучуьра дуьйна цIогане кхаччалц йеха кхаа сонара ситтина моха йу. ДегIан шинна агIорхьа чоьжехула, цIогане дIакхача кIеззиг меттиг а йуьсуш, деасонара Iаьржа, вовшашна ген-гена тIедарчий хуьлу. ЧуокIело кIайн-можо бос а болуш, сирла йу...

БIаьстенан хьалхарчу деношкахь арадовлу лаьхьарчий шаьш Iа даькхинчу лаьтта бухарчу хIусамашкара. Гондахьа Iуьллуш ло хилча, уьш гуш хуьлу ло дIадаьллачу хьаьтташкахь. Хьалха боьршанаш довлу бенаш чуьра ара, цул тIаьхьа цхьа бутт баьлча, стенаш а арадовлий, шаьш Iа даькхинчу мет-

тера гена ца довлуш, гIеххьа тобанаш йой, цхьаьна Iа, Iаламехь кхоччуш йовхо хIотталц. Йоккха йоцчу майданахь итт-пхийтта лаьхьа цхьана хуьлу.

БIаьстенан тIаьххьарчу деношкахь лаьхьарчий вовшахкхета дуьйлало – стениг а, боьршаниг а. Иштта лела шина кIиранах. И хан йаьлча, уьш дIаса а къаьстий, шайн аьхкенан меттигашка дIасадовлу. Iа даькккхинчуьра гIеххьа генахь, ирзошкахь, хьуьн чохь хуьлу. Iуьйранна дуккха а маьлхан зIаьнарш кхочехь ган тарло и дийнаташ. Лаьхьарчий, кхоччуш маьлхан йовхо дегIах йулуьйтуш, малхе довлий хуьлу: тIулгийн оьланашна а, бухйаьллачу дечиган орамашна а, охьакхетта йакъайеллачу дечигана а тIехь. Шаьш дехачу меттера дIаса ца довлуш, лаьхьарчий масийтта шарахь Iаш меттиг хуьлу. СадаIа дуьйшу меттиг шерашкахь дIа ца тосуш, хан йоккху цара.

БIаьста санна, уьш гуллой, тобанаш йеш меттиг а, аьхка а хуьлу. Оцу хенахь тIахъаьлла, каде хуьлу боьрша лаьхьарчий, стенаш – дукха мела а, дIасадаха карах ца долуш а. Вовшахкхетта кхо бутт хан йаьлча, лаьхьарчий деба дуьйлало. ДIаьвшечу лаьхьарчийн дебар кIорнеш хIоа чохь дийна дуьнен чу йахарца ду. Цкъа хьалха кийрахь хIоа чохь кхуьу лаьхьанан кIорнеш. Дуьнен чу йовлучу хенахь уьш хIоан чекх са гуш йолчу пардон чохь хуьлу. Ненан кийрара арайевлла сахьт хан йалале кIорнеш, хIоан пардон чуьра ара а йовлий, шайн лаамехь дIайоьлху. Цхьана стечу лаьхьано пхиъ-шийтта кIорни йо.

Лаьхьанан кхача цхьацца кегийра дийнаташ, пхьидаш, моьлкъарчий, сагалматаш йу. Кхача хий-

цабала тарло лаьхьа бехачу меттиге хьаьжжина. Хьуьн чохь цо лоьцу кегийра хьуьнан дехкий. Хьуьнан а, йалтин аренан а дозанашкахь хIаллакдо аренннйн кегийра хьаьрса дехкий. Уьшалан йистошкахь пхьидаш лоьцу. Къоначу лаьхьарчаша моьлкъарчий лоьцу.

Ижунна лаьхьа дийнахь а, сарахь а араболу. Цо шен шалгочу маттаца лоху кхача. Дехкана а, ша лаца кечдинчу кхечу дийнатана а шалгуо мотт тIеIоттабелча, цIеххьана тIекхетий, дIаьвше цергаш йухкий, йухакхоссало лаьхьа. БIаьрг-негIар тухучу йукъана хуьлу иза.

Лаьхьанан дIовш долу меттигаш коьртан шина а агIор бIаьштигашца йу. Цу тIера пхенаш чухула цуьнан хьалхарчу цергашка кхочу иза. Ша меттахъхьабича, хьаьрчий, бошхап санна, горг а лой, шалгу мотт ара а оьхуьйтуш, буса а лой, тIекхета кечло. ТIе ког баьккхина ша ца лазийча, йа эрна ца хьабича, лаьхьано ца лоцу адам. Лаьхьанан дIовшах дуккха а цамгаршна дарба ден молханаш кечдо. Цунах дина молханаш дика ду энашна, дагна, салецарна, цIийсацорна, иштта кхечарна.

Аьхке чекхйаьлча, гурахь лаьхьарчий йуха гуллур ду шаьш Iа доккхучу метте. Уьш лаьттах гIур ду латта гIуора ца дечу кхаччалц кIорге, ах метрера шина метре кхаччалц. Iа цара доккху, Iадийча санна, наб йеш.

ІАЖДАРБУЦ

Хьанна ца йевза и таме хьожа йогІу буц? Іаждарбуц хьалайолу тІуьна йоцчу хьуьнхахь, ирзошкахь, коьллашлахь, хинан бердашкахь. Вайн лаьмнашкахь буц йолучу меттехь иза массанхьа а йу. Иза дукха шерийн буц йу. Иза деба орамашца а, хІуца а.

Дукха хенахь дуьйна вайнехан кхачанехь коьртачех цхьа дакъа ду цунах деш долу чай. Хьалххе, цо заза даккха долийначу муьрехь кечйо, йоккху и буц. Мегар дац иза, орамашца ийзош, бухйаха. Бухйаьхча, цуьнан хІу довр ду. Лакхара заза долучу буьххьера уьрсаца, маьрсаца йа лерина куьйгаца кагйееш схьайаккха йеза и буц. Цуьнан тІалам беш и йоккхуш хилча, цхьана меттехь маситта шарахь кечйан а мегар ду и. Іаламехь дуккха а йара аьлла, тІалам боцуш хІалакйан мегар дац Іаждарбуц.

Гулйина буц йакъо йеза маьлхан зІаьнарех ларйеш, цхьана рагІу кІелахь йа тхевна чохь, мох кхетийлехь. Оцу бецах дина чай вайнаха дукха хенахь дуьйна сискалца, хьолтІамашца, шура а тухуш, туьханан чам а беш, молуш хилла.

Іаждарбецан кхин цхьацца адамана пайдехь йолу агІонаш а йу. Оцу бацаца зайтдаьтта (эфирное масло) а, дабагІден басар а ду. Дакъийначу зазан гІаш чохь кхехкийна хи пайдехь ду кийрахь, йоьхьашца лазар долчу нахана дарбанна а, кийрара шат дІайалийта а. Шелвеллачунна Іаждарбецан чай дика ду хьацар далийта.

Аьхке йоьлчахь гурралц гуш хуьлу оцу бецан къеггина цІен а, кІайн а бос болу заза. Накхармоза-

ша дика пайдаоьцуш зезаг а ду иза. Іаждарбуц дукха йолчохь лаьттачу мазлагІехь даькккхина моз чам дика болуш а, хьожа хаза йолуш а хуьлу. Зазана тІехуьйшуш, тІера хьалагІуьттуш балхана мало йоцу накхармозий гуьйре йоллалц хуьлу.

Іаждарбуц бежанаша йууш йац. Иза Іаламехь хазаллина санна, йолуш буц йу. Иза тІалам боцуш хІаллак ца хилийтар вайн декхар ду.

БАППА

Хаза дара бІаьстенан Іалам. Ло диллича санна, зазано кІайдина лаьттара стоьмийн дитташ. Аренашкахь, ирзошкахь, басешкахь тІехь хьун йоцуш паргІат йолу меттигаш баьццара куз тесна лаьттара. БІаьстенан куз кхин а хазбинера, малх санна, къегачу можачу зезагаша. Уьш дара баппа зезагаш.

Вайна и зезагаш го, вогІу-воьдуш, некъан йистошкахь, стоьмийн бошмашкахь, гІишлонна йухехь. Уьш Іаламат дукха хуьлу. Дукха хиларх а, хьуна хьежа кІорда ца деш, хаза ду уьш. Іуьйранна малх схьакхеташ церан и можа кортош малхбалехьа доьрзий, малхана доьлуш санна лаьтташ хуьлу...

Баппа дукхашерийн буц йу. Цуьнан зезаг хуьлу горга, кегийчу дуккхачу буткъачу асанех лаьттачу тускарх терра. Цхьана орамах хьаладаьлла, цхьанна тІера кхузткъа сов зезаг хила тарло. Цуьнан орам а, гІа а, зезаг а, кагдича схьайолу тІуналла къаьхьа чам а болуш, йуькъа шура санна хуьлу. Зезаг тІехь долу биргІанан тайпана долу гІад ах метрал сов деха хуьлуш меттига нисло.

Баппа зазадоккхий сихха долу. Можа заза, цкъа хаба а хебий, йуха схьа а деллалой, дакъа а лой, месала кIайн куй санна, горгга лаьтташ хуьлу. Иза хIу даржо бина кечам бу. Баппин хIуш кегийра деха хуьлу, йехачу гIожа тIехь долуш санна.

Баппа серло дукхайезачарах зезаг ду. Нохч-ГIалгIайчохь и доцуш меттигаш йац – Теркан, Соьлжан, Органан тогIенашкара Итон-Кхаьллан, Шуьйтан лаьмнашка кхаччалц. Баппа асаран буц лоруш делахь а, Iаламан дарбанча а ду. Вай ма-дийццара, бIаьстенера гуьйренан тIаьххьарчу деношка кхаччалц гуш хир ду и хаза а, шех пайда болуш а долу зезаг.



АЬХКЕ

Ткъа муха хуур дара аьхке тIекхочуш йуйла? Оцу хенан дукха бу тидамаш. Аьхке йулуш хаа лаахь, календара тIе хьежа ца оьшу. Иза гойтур ду дитташа, дийнаташа.

Нагахь хьармако, элхьамчо, чIижаргIано заза даькккхинехь, аьхке йулуш хиларан билгало йу. Йажа лаьхкина говраш аьхке йоьллачу дийнахь дуьйна хьала-охьа кортош лестош хуьлу. Гомаш хи чу йижча, кхоччуш йохйаларна тоьшалла ду.

Йоькхана хуьлуш а вайна хоуьйту цхьацца тидамаша. Нагахь мокха хьозарчий, ченалахь чан кегош, «луьйчуш» делахь, йоькхана йахлург хиларан билгало йу. Іуьйранна мархаш йоцуш, малх цIийбелла схьакхеташ белахь а, Органан тогIешкахь долу дохк

сихха дIадалахь а, баца тIехь буса диллина дукха тхи делахь а, де хаза декхна хир ду.

Хазачу эшаршца чIегIардигаш лекхачу стиглахь лелаш хилча а, йоькхана хирг хиларан билгало йу. Йоькхане де хир ду, нагахь сай, бодий къаьстачу хенахь накхар чуьра мозий арадуьйлуш а, чуьркаш зов деш лелаш а, хи чохь чIара ловзуш а хилахь. Бацалахь буса йекачу цаьпцалгаша а, дийнахь сиха лелаш долчу зингаташа а хоуьйту денош хаза хирг хилар.

ДогIа ца догIуш аьхке хуьлийла а дац. Дикка тидам бича, ши-кхо сахьт хьалха хуур ду йочана хуьлуш. Iуьйранна малх схьакхетачу хенахь мархаш тIехьара схьагуш йеха цIен бос болу зIаьнарш хир йу, догIа догIур долуш делахь. Iуьйранна хи тIе хIоьттина дохк дIа ца долуш, цунах мархаш хилча, догIанна беш кечам бу. Латийначу цIеран кIур лаьттахула буьжуш хир бу, йочана хир йолуш йелахь.

Йочана хилале хьалха туьха тIунло. Хи чохь чIеро муьрг а тухур йац. Шайн балха арадовла зингатий сихлой ца хуьлу, царна хаьа догIа догIур долуш хилча. Мокха хьозарчий хи чохь луьйчу, чIегIардигаш лаьттана гергахула лела, цаьпцалгийн эшарш дIасовцу, догIа дан гергадахча. Зезагийн хьожа къаьсттина чIогIа хуьлу йочана хуьлуш.

ЛИЙЧАР

Боккха зингатийн барз бара моан хьуьн чу вуллучохь, коьллаш йуккъехь. Зингатийн барз – иза-м

башха тамашийна хIума а дацара. Оцу барз тIе хиъна Iаш, тIемаш даржийна, наггахь тоха а луш, месаш йусийна шоршал йара. Хеталора иза зингатий дууш йу, аьлла. Амма иза иштта дацара. Шоршал шен дегI зингаташка садолчу хIуманех цIандойтуш йара. Оцу кIадо йоццу къинхьегамхоша шайна кхерам болуш меттиг хилча, мусталла йетта (муравьиная кислота). Шоршал йехха лийча а лийчина, зингатийн барзана йуьстах а йаьлла, жимма зIакарца месаш а кегийна, шен гIуллакхе дIайахара.

Садолчу хIуманех зингаташа иза цIанйинера.

ХЬУЬНХАРА ДIАВОЬДУШ

Хьуьнхахула дIавоьдуш, цхьана ирзу тIе кхочу... Кхузахь долу сурт хьежа кIордор доцуш хаза ду. КIайчу, цIечу, тайп-тайпанчу зезагаша, къорза куз тесча санна, хаздина хIара ирзу. Жимма садаIа хьо охьалахвелча, баца йуккъехь гуш хуьлу хьуьнан цIазамаш. ЦIазамаш мерза а, ша-тайпана хьожа йолуш а хуьлу. Малхбасешкахь цIазамаш мерза а, кегийра а хуьлу, хьуьнан ІнндагIехь – даккхий, жимма муьста чам болуш. И цIазамаш пайдехь а, дарбане а ду, къаьсттина берашна.

Лекхачу хьуьна йуккъехь тийна, бодане хуьлу. Делахь а кхузахь шайн болх беш кегийра хьун йу – коьллаш. Уьш дарбане йу аьлча, тамашийна хетадала мега. ЧIижаргIа, башха стомма гIад а доцуш, деха дуткъа даьржина гIаш а, кIайн заза а долуш колл йу. Цо а заза доккху аьхка. Цунна тIера аьхка йаьккхина

кевстиг дарбане йу. Муьргийн гІода тІера чкъор а ду дарбане. Кхано тІера стоьмаш хилла бевлча, уьш кхехка а бина, церан хи мелча, шелоно цомгаш вина хьо велахь, цо доккха дарба дийр ду.

Аьхка заза доккхуш йолчу коьллийн зазанах боккха пайдаоьцу накхармозаша а.

НАКХАРМОЗИЙН МОСТАГІ

Хьуьнна генахь доцчу ирзехь лаьтташ йара тхан мазлагІа. Кхузарчу хьуьнхахь дукха хьехан дечигаш йара. Аьхкенан довха де дара, хьехо зазадоккху хан йара лаьтташ йерг. Накхармозашна уггаре дукхадезачех цхьаъ ду хьехан заза. Накхарш цундела хІиттийнера кхуза. Мозий болх беш дара. Накхар чуьра арадуьйлуш, хьун йолчухьа дІаоьхура цхьадерш. Моз дахьаш догІурш хьуьн чуьра мазлагІе схьаоьхура. И болх малх чубуззалц мало а, кІадо а йоцуш бора оцу кегийрчу белхалоша. МазлагІин Іуналла деш а, моз жуьргара схьадоккхуш а, шен болх беш мазлагІча къена Ацин Халид вара.

Цхьацца хабарш а дуьйцуш, мозашка а хьоьжуш Іаш, тхан тидам хилира хІокху суьртан: цхьана накхарна хьалха доллучу зезагана тІехь садоІуш Іара цхьа моза. Мичара йели ца хууш, цІеххьана цунна тІелетира зІуга. Къолах йеана зІуга-хІилланчий, мозий вовшах хьаьрчира. Кхушнннех цхьаъ бен дийна йиса йиш йоцуш, чІогІа дара латар. Хьерчаш, зезагана тІера охьаделира зІугий, накхармозий. Цхьанна а эша ца лаьара. Делахь а, белхан охІла болчу

мозанал тІахъаьлла каде йара гуттара «къу» лелаш йолу зІуга. ЦІеххьана тІелеттачу зІугано бІаьрнегІар туххучу йукъана, уьрсаца хадийча санна, схьабаькхира накхармозанан корта. Цунах тамаш бойла йацара. ДІаьвше йу хилла ца Іаш, ондда мочхалаш ду зІуганан, ира а долуш.

ЗІуга йамарт а, хІиллане а къу-сагалмат йу. Иза туьйлира. И йамарт, ирча гІуллакх дина а йаьлла, зІуга цхьана муьрехь ша хІаллакбинчу мозанна йуххехь Іийра, шен мекхаш хьедеш. Са а даьІна, йуха болх дІаболийра йамартчу зІугано. Белла Іуьллучу мозана гонаха цхьа-ши го а баькхнна, зІугано цкъа хадийна ши тІам схьабаькхира, цул тІаьхьа когаш хедийна охьакхиссира, мозанан дегІ а эцна, зІуга шен бена дІайахара.

– ЗІуга накхармозийн воккха мостагІ ву, – элира къеначу Халида.

ЗІУГАНАШ

Мангалан хан йара. Массо нах малх схьакхетале, шайн мангалш оьций, мангала боьлхура, де шелах буц хьакха. Иштта тхо дехаш долчу кІотарара нах а бара Дехачу Ирзехь мангал хьокхуш.

Тхан оцу жимачу кІотарахь вара вон лела карахдолуш цхьа кІант. Цуьнан бакъ йолу цІе Султан йара. Делахь а бераша а, кІотархоша а Шуша олура цунах. Охьакхетта лакхара цергаш дІайевллера Шушин. Бераша накхарІуьргах тера йу Шушин батт олий, тІехтухий, велхавора иза кест-кестта.

Цхьана дийнахь мангала ваханчу шен воккхах волчу вешина Аслана йуург эцна тІаьхьавахнера Шуша. ДІавоьдуш куьйгаш мукъа ца хиларна вон лела таро йоцуш дІакхечира иза. Вешина йуург охьа а йиллина, йухавогІура Шуша, карахь баькк-хина беха бІаьлланган сара а болуш. Некъаца дехьа а, сехьа а йолчу коьллашна беттара Шушас иза. Иштта вогІуш волу кІант цІеххьана сецира цхьана хьармакан коьлле хьоьжуш. Кулла тІехь гуш бара зІуганийн бен-жуьрг. Церан жуьрг, накхармозийн-чех тера а йоцуш, жима хьокхам санна хуьлу. Иштта гуш болчу оцу бена тІе, ирх а бахийтина, шега ма тоххалу чІогІа сара туьйхира Шушас. Бен коьллаш тІера охьабуьйжира, зІуганийн гІовгІа йелира, уьш хІаваэхь сихха хьийза йуьйлира. Шайн бен бохийна марсайевлла уьш Шушина араш йетта йевлира.

Дуьххьара йу вуон леллачу кІантана мерах тоь-хнера. Іовжийна Шуша шен ког ма-боллу цІехьа ведира, карара сара охьа а тесна. Коьртана а, йуьхьана а тІелетта зІуганаш дІа ца йовлура. Шушин мара бистина, балг санна, тІебеънера, ворта ворданан милк санна йара.

Шайн хІусам йохийначу Шушина луьра бекхам бира зІуганаша.

ГІуллакх доцург а, хьашт доцург а лелийча, хуьлуш ду и санна дерг.

ВАЙ

Тийна декхна аьхкенан де дара. Олхазарнйн эшарш, цаьпцалгийн гІовгІанаш хезара. Тхо хьуьн-

ха доьлхуш дара. ЦIеххьана хIаваэхь, тхуна тIоьхула цхьа тамашийна, цхьа гIовгIа йелира. Хезаш йара «жужж-а» боху гIовгIа. ДIахьаьжча гуш богIуш бара накхармозийн бода. Иза дара вай.

Вай – иза дуккха а вовшахкхетта, уьйриг хилла, накхар чуьра дебаш арадевлла къона мозий ду. Цаьрца цхьаьна церан «эла» – нана-моза а хуьлу. «Эла» охьахаалц – мозий а ховшур дац.

Дукха лакхахь доцуш хIаваэхула тIехделира вай. Шаьш чохь Iийна тускар дIатесна, кхечахьа шайна хIусам лаха арадаьллера иза. Тхо а дара вай даханчу агIорхьа даха дезаш. Дукха хан йалале тхо кхечира мазлагIе.

Цхьана Iинах дехьа ма веллинехь, ирзехь, лаьтташ йара иза. МазлагIанчица, маршалла- могашалла хаьттина, сан сацар хилира.

Сан накъост, хьуьнхо Шамсадов Хьамзат, дехьо долчу шовдана тIе хи мала вахара. Кхузахь буьйцина бина дуткъачу цIуллан серийн до а болуш, къеначу бIаьллинган IнндагIехь дара шийла, жовхIар санна, цIена шовда. Шовдане вахана Хьамзат цецвелира. И тохара гина долу вай шовдана тIехула кхозучу генаш тIе хиънера.

– Ва, Халид! Схьаволахь, – аьлла, кхайкхира Хьамзат. Къена мазлагIанча Ацин Халид велакъежира кхузара сурт гича.

– Совдмат! Схьайоьл цигара тускаррий, кIуртухурггий йахьаш, – кхайкхира Халид шеца мазлагIехь гIо деш йолчу шен кIентан йоIе.

Совдмата схьадеъна тускар кIела а лаьцна, кIур тоьхна, мозий чуэгийра Халида тускарна. Мазла-

гIе дIа а даьхьна, вай даьлча эшахь а аьлла латтош болчу накхарна хьалха ша карахь лаьцна схьавеана «эла» чу а хецна, вай чухийцира Халида.

Цу чохь нана-моза хилча, къона мозий а севцира, цунна шаьш муьтIахь хиларе терра.

ЦИЦИГ

Иза дара цхьана йовхачу аьхка. Теркал дехьарчу гIамаршлахь жа тIехь дара тхо цу аьхка. Жа лардеш доккха ламанан жIаьла а, чохь тхоьца Iаш доккха месала цициг а дара. Цу хенахь аганахь йара жима Лалийта. Лалийта лелайора йоккхачу бабас Кесирас. Ткъа Лалийтин дай-наний дийнахь сарралц жа дажош хуьлура.

Теркан гIамаршлахь дукха дара лаьхьарчий, моьлкъарчий. Ша гIуллакхана арайолуш Лалийтица цициг чохь ца дуьтура Кесирас, цицигна ловза лаьара жимачу бераца. Цунах забар ца хуьлура: писус мIараш туьйсу дела. Наггахь йоьIан бат дIа а къовлуш, йуххе охьадуьжура. Цунах кхоьрура Кесира, цициге цабезам хилар а дацара и.

Цхьана буса, дукха йовха а хилла, отин неI йиллина йитина, дIадийшинера тхо. Буьйсанна чохь цхьа татанаш а хезна, самавелира массо а. Стогар латийча, цициг дара вортана тIера а лаьцна, цIенкъахула боккха лаьхьа текхош. Хилларг хIун дара буса? Лаьхьа текхна чу а беана, йистехь набйеш Iуьллучу Лалийтина бета тIе баханера.

Лаьхьано буса адамийн а, дийнатийн а дегIан йовхонца тIелата Iалашо лоцу. ЙоIана уллохь дижинчу цициго бодашкахь шах-тата хезча, тIекхетта лаьцна хиллера и дIаьвше лаьхьа.

Къовсамехь и тIом цициг тоьлуш бирзира. ДIовш тухучу лаьхьанан ка тоха аьтто ца хин болччуьра лаьцнера цициго цуьнан ворта.

Цул тIаьхьа къеначу бабас Лалийтина йуххера цициг дIа-м муххале а ца эккхадора, мелхо а ша цхьана гIуллакхе дIасайолуш, цунна гIаролехь дуьтура иза гуттар а.

ЛАТТАЛУЬТТУРГ

Аьхке йолучу хенахь, малхехь дешица кхелина йолуш санна, хьаьжча бIаьргана там беш, гуш цхьа лекха буц хуьлу. Ирзошкахь, хьаьмцийн, элхьамчийн коьллашна йуххехь, йалташ дийначу аренийн шунашца хуьлу иза. И вайна гуш йерг латталуьттург цIе йолу буц йу. Халкъо 99 цамгарна дарба ден буц аьлла, цIе тиллина цунна. Иза нийса ду.

Шен хеннахь, зазадаккха йолайелча кечйан ейза и дарбане буц. Цуьнан гIад дуткъа, биъ са болуш санна хуьлу, локхалла – цхьана метре кхаччалц. Латталуьттург гулйечу хенахь схьахадо йеза маьрсаца йа уьрсаца. Лахохьара стомма гIад дита деза, шен зазанца дуткъа генаш схьа а хедийна. Цуьнан генаш лакхарчу эханна тIехь хуьлу. Ийза а йеш, орамашца цхьаьна лаьттара схьайаккха мегар дац и буц. Иза дукхашерийн буц йу.

Схьайаьккхина буц йакъо йеза Іиндагіехь, мох а кхоьтуьйтуш.

Латталуьттургах кхехкийна чай шел диканиг кхин хир доцуш ду. Латталуьттургах пайдаоьцу, нагахь санна дегІа тІехь йагийна кІорга чевнаш йелахь а.

ЙИЙСАР

Аьхке олу мур бара лаьтташ. Иза дара дукк-ха а хан хьалха. Тхо дехаш Іаш долчу кІотаран цІе Акхтаргийн Гу йара. Кхузахь-м акхтаргаш доцурш а дара кхин а дитташ: декхнаш, баганаш, таьллаш. Делахь а оцу кІотархойх и ткъех цІа акхтаргийн хьуьна йуккъехь дара.

Дийнахь цІазамаш лахьош, дууш, лелла цІа веанера тхан девешин кІант Іадланний, сой. МаьркІа-жан хан хиллера, Іадлана мехкадаьтта дутту стогар латийна, тхойша рагІу кІелахь кхехко картолаш цІанйан хиира. Кхано картолаш цІанйина тхойша ваьлча, дІахьаьжча хи дацара. Дай-наний гІала а да-хана, цІахь тхойша тхаьш вара. Іадлана ша воккха хиларе терра, со хи дан вахийтира. Кхаба а эцна, суо кхоьррушехь хитІа вахара со.

КІотарахула охьадогІура жима татол, йистехь лаьтташ Іабазан Ахьмадан пхьалгІа а йолуш. Оцу пхьалгІи тІехьа жима айма йара, чуьра мала хи а оь-цуш. Коьллаш йуккъехула айми тІе боьдучу новкъа-хула дІаса а лелаш, жимачу кхабица айми чуьра ма-сийттазза хи дан дийзира, боккха йай бузархьама. И гІуллакх дечу хенахь къеггина кхетта беттаса дара.

Йай буза а буьзна, негIар тIе а тоьхна, кхихкина картолашший, тIо-бераммий баа хиира Iадланний, сой.

Иштта тхойшиъ Iаш, хи чохь долчу йен негIар ирх кхоссаделира. Кхеравелла тхойшиъ хьалаик-кхира. ЛадуьйгIира. НегIар йуха а кхоссаделира. Ведда вахана ас орцах валийра тхайн лулахо Солта.

Оха кхааммо йай уьйтIарчу бай тIе а баькхина, негIар цхьана агIор а теттина, охьаIанийра. Хица бай тIе йай чуьра чIара буьйжира.

Беттан серлонгахь къегаш бетталора иза. Иза мекхаш-чIара хиллера, буьйсанна хи оьцуш ас кхаби чохь лаьцна беана. ЧIара бадийна баьхьна айми чу хийцира тхан доттагIчо Солтас.

БАI БИЪЧА САННА...

«БаI биинчо а дуьйцур дац ахь дуьйцург», – олуш вайна массарна а хезна. Ткъа иза иштта хIунда олуш ду дуккхахчарна ца хаа тарло. БаI дIаьвше буц йу. ДIаьвше йелахь а, дарбане а йу иза.

БаI кхуьу хьалха гIишлош хиллачохь, некъан йистошца. Вайн республикехь баьIийн майданаш хаало Йоккхачу АтагIана къилбехьа йолчу хьалха Чехкар-гIап лаьттинчу аренгахь. Иштта дукха ду уьш Шуьйтахь, Итон-Кхаьллахь, йуьрта йуккъерчу керташна йуххехь, кхечанхьа а.

БоIан массо а меже йу дIаьвше. Цундела и бокк-хуш, кечбечу муьрехь чIогIа лерина хила веза. БоIан гIа йа зезаг кхаьллина стаг, цхьа а бахьана а доцуш,

воьлуш а, цхьа а тайпана чулацам боцу хабарш дуьйцуш а хуьлу. Цундела олуш ду вай йуьхьанца далийна и кица.

Цуьнан гІад локхалла цхьа метр сов хуьлу. Зезагаш кІайн хуьлу, ворхІ-шийтта сантиметр деха а долуш, гІаш даккхий, баьццарчу басахь хуьлу. ТІелатош болу стом, котаман хІоа санна а болуш, шена тІехь кІохцалш долуш хуьлу. Кхано кхоччуш хилла баьлча, и баІ, деа декъе бекъалуш, схьабеллало. Цу чохь долу хІуш кегийра хуьлу, берцан Іов санна.

БоІах дарбанна молханаш кечдо. Цунах дина молханаш садаІар хала долчарна дика ду. Амма цхьана а кепара дарба лело мегар дац, лоьре ца хоттуш.

БоІан гІаш гулдан деза цо зазадоккхучу хенахь аьхка, июнехь-июлехь, къеггина кхетта малх а болуш, декхначу дийнахь.

НАНА

Аьхкенан цхьана довхачу дийнахь уьшалш чохь йийшина а Іаьхкина, жимма де шелдала доьлча, уьшалара хьалагІевттина гомашаш, шайца жима кІорнеш а йолуш, Органах дехьайовла дагахь хи чу йуьйлира. Дехьа басахь, гуш сийна буц а йолуш, майда йара. Хьалха йаьлла эра бугІа а йолуш, тІаьхьа хІоьттина шиъ нана-гомашший, кхушарахьлера шиъ кІорний а йолуш, Органна йуккъе кхаччалц дІайахара уьш. Йухахьаьжначу наношна-гомашашна шайн ши кІорни, гоьллех хи чу а йаьлла, кхин



дІайаха ца йаьхьаш, лаьтташ гира. Ши гомаш йухайеара, ткъа эра бугІа дехьайелира.

Шина гомашо шайн кІорнешна тІе мотт хьоькхура, и шиъ хьоьстуш санна. И болх а бина, ши гомаш, йуха а кІорнешна гойтуш, Орган чу йуьйлира. Ши, кІорни наношка а хьоьжуш, тІаьхьа йаха ца йаьхьаш, лаьтташ йара хІинца а.

Ши гомаш йухайеана, хьалха санна, кІорнешна тІе мотт а хьекхна, йуха а хи чу йелира. Амма ши кІорни царна тІаьхьа ца йоьдура. КІорнеш хих дехьайаха гІерташ, маситтазза дехьа-сехьа йевлира наной-гомашаш. Цунах гІуллакх а ца хилла, ши кІорни шаьшшиъ ца йуьтуш, сехьахь цхьаьна йажа хІоьттира ши нана шайн кІорнешца.

КОМАЬРША ХЬУН

Хьун! Дечигаш, коьллаш, бецаш, зезагаш, акхарой, дийнаташ... Берахь дуьйна а вайна гуш йу уьш. Хьуьнца хІун къайленаш хир йу аьлла хетадала тарло. Цуьнан йерриге а агІонаш къеггина гучуйовлу гурахь. Хьуьн чохь дуккха а бу стоьмаш, цІазамаш, кхачанан а, дарбанан а дуккха а ораматаш.

Хьанна ца бевза хьуьнан кхор? Цунна тІелатош болу кхораш чІогІа мерза а, дика а хуьлу. Вайнаха дукха хенахь дуьйна оцу кхорийн цу дарбанна лелош бу. Кхораш куьркахь батта а боттуш, йуха хьерахь ахьа а охьуш, беш бу иза. Йеттачу шури тІехь и цу кеч а бина биъча, цунах чІогІа дарба хуьлу. Кхораш хи чу бухкий, Іаьнан йохалла бууш латтабо.

Кхуран генаш тІе болий хуьлу корсам. Иза, геннара хьаьжча, месала куй санна, гуш хуьлу. Корсам кхехка а бой, цуьнан хи молу корта лозуш хилча.

Дикка хилла бевлча, кхораш Іарж а лой, мокха хуьлу, йуккъера седарчий санна, къегаш мерза хи а дуьйлуш. Акхарошна дика кхача бу хьуьнан кхор...

Хьуьнхахула волавелча, мажделла, охьаэгначу гІаш йуккъехь карадо бІараш. Уьш цІен бос болуш, дуьзна хуьлу. Диканиг бен бІаьллинга тІера охьа а ца дужу. Шано талхийнарг тІехь дуьсу.

БІараш лахьош лелачу хенахь, хьуна хьалхара дІаоькхху цхьа жима экха. Иза тарсал йу. Цу жимачу экханан беснеш, буьрка санна, йусайелла гахь, хаалахь цуьнан бага бІарех йуьзна йуйла. Уьш цара, шайна Іаьнна кечам беш, дІадахка хьош ду шайн хари чу. Иштта адамашна а, дийнаташна а пайдехь йу бІаьлланг. Вай хьуьнан бІар а олу цунах.

Йуькъачу хьуьн чуьра ирзошкахьа ара а ваьлла, схьавогІуш цІеххьана тидам хуьлу гондахьарчу дитташна а, коьллашна а йуккъера гуш болчу цхьана цІечу стоьмийн. Уьш муьргаш йу, тхо гой шуна бохуш санна, лаьтташ.

Хьал ца хуучунна хетадала тарло, «царх -м хІун дийр дара» – аьлла. Уьш схьа ца йохуш йуьтийла дац. Іай шелвелча, кхехкийначу муьргийн довха хи малахь, дегІ метта а догІур ду, йовхарш йелахь, уьш дІа а йевр йу. Иштта дарбане йу муьргаш.

Кхин дагахь хІума а доцуш, хьайн новкъа схьаван дагахь хьо волавелча, тІехьара цхьаммо схьа а лаьцна, сецош санна хетий, соцу хьо, гІеххьа оьгІаз а воьдуш. ХІун ду хиича-м, оьгІазло дІайолу.

Уьш кIохцалийн коьллаш йу, хьох тасайелларш. Иза хIумма а дац, уьш шаьш пайдехь йуйла хаийта гIерта. БIаьргана хазахоьтуьйтуш, лепаш цIена стоьмаш бу царна тIехь кхозурш – уьш чIогIа дарбане йолу хьармакаш йу. Церан орам а, йакъийна хьармакаш а чутосуш дина чай Iаламат чIогIа мерза а, дарбане а ду.

Коьллийн генаш тIехь можа бос болуш дукхе-дукха луьста, леррина тIелетийча санна, гIад гуш доцуш цхьа цIазамаш ду схьагуш. Уьш наркаш йу. Цу тIерачу стоьмех чIогIа дика а, мерза а варени хуьлу, могашаллина Iаламат пайдехь даьтта а доккху.

Хьуьнхара богIучу некъана дехьа а, сехьа а хьаьмчаш, элхьамчаш, стеш хуьлу.

Хьуьно ша йолчу маьрша веанчунна комаьршаллица гучуйоккху шен бух боцу хазна.

ЗУЬНАН АМАЛШ

Аьхка вайн йиш хуьлу зуьнан амалш йовза а.

Зу вайна массарна девзаш а, гина а дийнат ду. Амма иза ша-тайпана амалш йолуш, шен дахар долуш йу. Моттадала тарло зу гуттара а шена тIехь долу кIохцалш чIогIа долуш хуьлу, аьлла. И бакъ дац. Йинчу хенахь зуьнан кIорнеш тIера кIохцалш бамбин долуш санна кIеда хуьлу.

Зу схьалаца хала ду. Шена кхерам болчу хенахь цунах, хьаьрчий, «буьрка» хуьлу, массо а маьIIхь кIохцалш а долуш. Зуьнан кхача бу цхьацца йолу зуламе садолу хIуманаш: сагалматаш, пхьидаш, моьл-

къарчий, лаьхьарчий, олхазарийн хIоаш а, кIорнеш а. Шена ижу лаха иза буса йолу ара. Зуьно пайда бо зуламе садолу хIуманаш хIаллакйарца.

Аьхке йоьллачул тIаьхьа зуьно шиъ-бархI кIорни йо. Уьш хуьлу кIайн а, кIеда а. Зу вайн махкахь хуьлу Органан тогIешца а, божалшна гергахь а, ирзошкахь а, адамна гена йоцуш.

Зу йеха иштта кхечу мехкашкахь а: Къилба Карелера дIа Генарчу Малхбале а, Къилбехьарчу районашка а кхаччалц.

Гуьйре ма-йуьйллинехь, шена Iа даккха кечам беш, каде хьийза зу. Цо декъа гIаш а гулдой, кхин кIеда хIуманаш а чуйохкуш, бен кечбо.

Iа зуьно, наб кхетий, доккху.

Зу ларйан а, Iалашйан а йеза. Иза йийча, цхьа туьма гIуда туху.

БОХАМ

Аьхкенан уггаре а довха де дара. Къинхетам боцуш бовхачу малхо доттуш дара Iалам.

Кхин йовхонна тоха са а ца хилла ЧIаьнтий-Оргий, Шарой-Оргий вовшехкхетачу гIайри тIе, гIамаршлахь садаIа вахнера со. Бухахь карийра нштта-чу Iалашонца веана хилла хьехархо Султан а. Орган чохь луьйчий, дегI шелдеш, йуха йовхачу гIамарла керчаш, цхьацца хабарш дуьйцуш, хан дIахьош тхойша Iачу хенахь, Органан бердана генахь йоцчу цхьана коьллаш йуккъера инзаре чIогIачу маьхьаршца пхьидаш йекаш хезара. Иза дийнан делкъехь

дара. Оцу балхах тхойша цецвелира. Цхьа бохам ца хилча, пхьидаш йека хан йацара хIара. ХIун ду техьа хIара, аьлла, пхьидийн аьзнаш хезачу агIор тIевахара тхойша.

Схьагуш дерг иштта сурт дара: гуш жима ор дара, башха кIорга доцчу цу чохь хатта бара, кхехкаш долу худар санна, сийса а сийсаш. Дикка хьаьжча, и сийсош дерш пхьидийн сесий хилар гучуделира. ХIоьттинчу йокъано ор чуьра дIадаькхинера хи, иза доцуш хIаллакьхуьлуш лаьттара сесий. Цара вовшех хьерчаш, сийсош бара ор чуьра и коча поппар.

Орана гондахьа го а бина, цхьаммо нисйеш хевшича санна, Iачу пхьидаша чIогIа гIовгIа йора.

Тхойша тIевеача, уьш меттах а ца йевлира. Шайн кIорнешна дан гIо доцуш, балхам беш йара уьш.

ХIара гIуллакх иштта дита мегар дац аьлла, Султана, ша цIера деана долу жIоммагIа схьа а деана, цхьа хьокха а баькхкхина, и ир а бина, гена доццуш доьдучу татола тIера схьа пхьидийн ор чу хи даийта харш даккха хIоьттира. Иза даькхкхина сихха велира Султан. Ор чу хи деара, иза сихха хьала а дузуш. Сесий сихонца хи чухула лела дуьйладелира. Уьш хIаллакьхиларх хьалхадевлира.

Пхьидийн гIовгIа жим-жима дIатен йуьйлира, уьш цхьацца-шишша кхоссалуш. Орана йистера дIайовла йуьйлайелира. Царна хиинчух тера дара шайн тIаьхье хIаллакьхиларх хьалхайаьллийла.

ЗИНГАТИЙ

Йовхонан тевно кхехкош дара Іалам. Массо а са долу хІума а, адамаш а, акхарой а, олхазарш а шайн белхаш, гІуллакхаш деш хьийзара. Лаа аьлла дац халкъо: «Аьхка хье ца кхихкича, Іай йай ца кхехка».

Иштта и хаа а хууш, мангала ваха кечам беш вара сарахь дуьйна Іабдул-Хьамиддий, Іалманний. Мангалш туса а туьйсина, гІола тІехь нис а дина, кханенна мангала йахьа йуург а кечйина, Іуьйранна гІатта деза дела ши накъост хьалххе дІавижира.

Дуьненчу син билгалонаш йаьржаш хьала а гІаьттина, шийлачу хица йуьхь-куьг а диллина, ши накъост Дехачу ирзе боьдучу некъа велира.

Сихха ирзе дІа а кхаьчна, шаьшшиннан йуург чохь йолу тІоьрмиг ирзон йисттехь боллучу кхурах хьалауллуш воллучу кхушиннан тидам хилира йуххехь йолчу зингатийн туьйлиган. Садаьржаш лаьттара. Малх гучубалаза белахь а, хІокху кегийчу, кІадо хІун йу ца хуучу белхалоша — хьуьнан хьаьрсачу зингаташа шайн болх дІаболийнера. Шайн туьйлигера генна дІаоьхура уьш, салтий санна, могІанаш а долуш.

«Зингатий болх беш ду, де йоькхане хила мега», – элира Іалмана. Кхин хьем ца беш, де дохдалале аьлла, ши мангалхо буц хьакха хІоьттира. Кху шиммо хьокхучу мангалан бен кхин гІовгІа йоцуш тийна дара ирзехь. Малх орцах хьалакъадале кху шиммо дуккха а кесарш охьадехкира.

Де дохдала дуьйлира, маьлхан зІаьнарш гучу ма йевллинехь. Делахь а Іабдул-Хьамиддий, Іалман-

ний, мало ца йеш, мангал хьокхуш вара. Церан кучамаш, кIац йиллича санна, йара тIедаьллачу хьацаран туьхано кIайййина.

Делкъана де дохделча, садаIа тохарлерачу кхура кIела а вахана, гомашан морза чохь долу сурила лаьттах йоьллинчуьра схьа а йаькхина, тIоьрмиг чуьра сискал схьа а эцна, хIума йаа хиира и шиъ.

Шийла морза тIе а молуш, сискал йууш Iачу Iалмана элира:

– Делкъал тIаьхьа догIа догIур ду.

– Хьуна стенах хаьа? – аьлла, велакъежира Iабдул-Хьамид.

Тохара Iуьйранна санна, чехка лелаш, хIетахь шайн туьйлагера дIаоьхуш хилла зингатий, сихха цIехьа уьдуш а, шайн чу-ара довлуш долу Iуьргаш дIакъовлуш а дара. Иза билгало йара йочана хирг хиларан. Зингаташна хиънера, хIаваъ тIунлуш дуйла. Иза догIанна беш кечам бара. ХIара шиъ, хабар дуьйцуш, хIума кхаьллина валале, стигал мархаша дIалецира, малх къайла а боккхуш.

Зингатий, шайн хIусамаш дIа а къевлина, чудирзира.

Шаьшшиннан мангалш тIе тIоьрмигаш а оьхкина, уьш белша тIе а дехкина, мангалхой догIанехула цIехьа буьйлабелира.

«Вайшиъ Къилбаседехьара йолчу агIонгахьара веара кхуза, – элира Iалмана. – ХIинца Къилбехьа болчу новкъа а ваьлла, БIаьндукъахула Шуьйта чу а воьссина, цигара цIа ваха атта хир ду вайшинна», – Iалмана аьлча, Iабдул-Хьамида, йуха а тохара санна, вела а къежна элира: «Де кхоьлина, гуш малх ца хилча, Къилбе муьлхачу агIор йу хьанна хуур ду».

Иза хаа а хала дацара. Зингаташа дуьйцур дара цунах лаьцна бакъдерг. Зингатийн барз диттана, йуьхкана йуххехь белахь, чу-ара довлар Къилбехьа дерзийна хир ду церан. Букъ болу агIо Къилбаседехьа а, лекха а, диттах гIоьртина а хир йу. Нагахь санна, йуххехь цхьа а тIетовжийла йоцучу ирзехь, нийсачу меттехь зингатийн барз белахь, къилбехьа йолчу лач агIо тIехь хир йу чу-ара довлийлаш а, кхузахь маьлхан йовхо алсам хиларна. Къилбаседахьара агIо лекха а, ирхе йолуш а хуьлу, чу-ара довлийла а йолуш.

Зингатийн туьйлигаца Iалашо лаьцча, новкъахь тилалур вац. Зингаташа адамашна а, хьуьнна а беш болу пайда дукха хьалхе дуьйна хууш бу. Делахь а оцу гIуллакхан тидам дикка тIаьхьо бен цаа бина. Ткъа хIинца зингатийн туьйлигаш ларйеш, Iалашйеш йу хьуьнхоша.

Хьуьнан хьаьрса зингатий лардина ца Iаш, уьш доцчу хьаннашкахь даржа а до. Цхьана шарахь йуккъерачу хьесапехь йолчу туьйлигехь дехачу зингаташа иттаннаш эзарнаш зуламе сагалматаш хIаллакйо.

БЕРКАТЕ АЬХКЕ

Зевне Iуьйре гIотту, йуьллуш
Лаьттахь маьлхан дашо лар.
Iин чохь сирла дохк ду Iуьллуш,
ДIатевжинчохь тесна тар.

З. Сулейманова

Іалам! И дош доца делахь а, шен чулацам кІорггера болуш ду. Адамийн а, дийнатийн а, бецийн а, хьаннийн а дахар Іаламах хаьдда хила йиш йолуш дац. Лаьттахь долу дахар Іаламах дозуш, Іаламо латтош ду. Шен къайленах дуьззина, массо а хенахь шен хаза мур болуш ду Іалам. ХІун къайленаш хир йара Іаламан? – аьлла хета тарло. Іалам дезаш хьо велахь, хьуна, и йоьшуш йолу хаза книжка санна, деша хуур ду, цунах пайда оьцуш.

Хаза бІаьсте чекхйаьлла йолуш лаьттара. ТІе йогІуш йара беркате аьхке.

Аьхке адамашна уггаре а каде мур бу.

Массо а акхарой, олхазарш шайн бІаьста дуьнен чу йевлла кІорнеш кхиош Іалашйеш, уьш кога йохуьйтуш синтем боцуш лелара. БІаьста санна, эшарш лоькхуш, ловзуш лела йиш йацара. Іуьйранна синбилгалонаш гучу ма-йевллинехь хьала а гІаьттина, хьо араваьлча, хьан бІаьрг кхийтира Органан тогІи чухула дижинчу дахкарх, ткъа бацалахь, жовхІарш санна, лепаш тхи дара. Хьуна хета тарло, и-м хІумма а доцург ма ду, аьлла. Иза иштта дац. Иза цхьа къайле йара. Оцу Органца дижинчу дахкаро а, бацаларчу тхино а беш берг хаам бара, де декхна хир дуйла хоуьйтуш. Малх гучу ма-белли, дохк дІадайра, тхи дилхина буц Іовдайелира. Іалам малхана делакъежаш дІахІоьттира. Цул сов, ахь дикка тидам бича, хьайн ков-кертара дуьйна хьуьн чу кхаччалц бечу новкъахь дукха керла хІуманаш хуур ду хьуна. Іаламо шен къайленех пайда оьцуьйтур бу...

НИТТАШ

Берахь дуьйна вайна йевзаш йар йу нитт. Вайнехан коьртачех цхьа бецан даар ду иза.

Уьш гучубовлу уггаре хьалха бІаьста. Мотта тарло, нитташ сихха къанлуш хилча, кхин царех эца пайда а бац. Иза зуламе асаран йар йу моьттуш верг гІалат ву. Нитташ бовлу адаман гІишлонна гергахь, кертан дозанашкахула, некъан йистошкахь, бешахь а, хьуьнхахь а, къаьсттана мангалкомаршца цхьаьна. Нитто вагоза наггахь стаг хир вац. Цундела иза ца беза тарло.

Цуьнан гІашший, гІаддий шайна тІехь ира, кегийра кІохцалийн тайпа, чоьш санна, йуткъа зуьгалгаш йолуш ду. ДІахьакхавелча вагош йерг оцу зуьгалгашца йолу мусталла йу. Нитташа йагийна меттиг, цІийлой, кхартанаш хІуьттий, цхьана йукъана йогу, амма и дагар зуламе доцуш чекхдолу. Нитташ иштта белахь а, дуккха а цамгаршна дарбанна дика бу. Цуьнан гІашца кхечу бецашцачул дукха йу адаман чорхана дарбанна оьшуш йолу микроэлементаш (минеральни туьха, эчиг, мусталла).

Ниттийн гІах даькккхина баьццара басар оьшуш ду бууш болу кхача а, дарбанийн молханаш а дечохь. Йовхачу хенахь ниттийн гІаш йуххе диллина жижиг а, керла чІерий а дехха лаьттар ду, талха ца телхаш. Халкъо дукха генара дуьйна схьадахьаш ду ниттийн гІах кечдиначу молханашца пехашкара а, жаннашкара а, кхечхьара а догІу цІий сацош дарба деш хилар.

Настаршца, пхьаьрсашца энаш долчунна ниттех динчу норашца дарба дика хуьлу. Цкъа хьалха уьш

дашо деза довхачу хи чохь, цул тІаьхьа лазар долчу меттигашна тІе детта деза. Дарбанна кечдеш долу ниттийн гІаш гулдан деза, уьш къанбелла цара заза доккхучу хенахь.

Вай буьйцуш болу нитташ атта бевзар болуш бу. Иза адаман дегІе кхоччуш лекха хуьлу. Гулдина гІаш маьлхан зІаьнарех лардеш, ІиндагІехь дакъо деза.

Оцу морсачу нитташна лулахь цхьа кхин нитташ хуьлу...

ЖІАЬЛИН НИТТАШ

Вайнаха иштта йоккху оцу йарийн цІе. Цуьнан кхин цІе а йу. КІайн нитт олу цунах.

Цуьнан гІеххьа даккхийра кІайн заза хуьлу, цундела олу цунах кІайн нитт. Бошмашкахь, кертийн йистошкахь, ирзешкахь, коьллашлахь некъан йистошца хуьлу и нитт. ДегІах хьакхабелча а, цо вага ца во. БІаьсте йаьлчхьана дуьйна гуьйре тІекхаччалц зазадоккхуш хуьлу иза. Цуьнан заза багахь чам баькхича, мезан хьожа йолуш, кІезиг хаалуш, кІон чам болуш ду.

Оцу ниттан гулдеш дерг кІайн заза ду. ІиндагІехь дакъо а деза. ЖІаьлийн ниттийн зазанций, гІашций дарбанийн цхьацца хІуманаш йу, чо качйелча, кийрара шат йоккхуш, шелйелча, салоьцуш хилча, цІий кІезиг хилча, наб кхоьтуьйтуш, хьаьттана, ишта кхечу цамгаршна а молханаш кечдан мегар долуш.

Оцу ниттийн зазанах кечдинчу молханашца дарба дан мегар ду дегІана тІоьхула долчу даьІнашна,

йагийначу чевнна, йаьллачу натIаран хIуманна, хадийначу чевнна а. Цуьнан зазанах пайдаоьцу накхармозаша, цуьнца моз долу дела. Массо а кепара бецашца дарба лелочу хенахь лоьрах дагавала веза. Вайн массеран декхар ду и Iаламан хазна тIалам боцуш хIаллак ца йар. И «йараш» йоцурш, гена йоцуш гуш цхьа йоккха йар го хьуна...

IАЬIА

БIаьсте йолуш хьалхарчу муьрехь лаьттах схьакъедира цхьа гIаш. Уьш кIеда дара, тIехь, бамба санна, кIеда чо а болуш. Уьш дара IаьIанан гIаш, цкъачунна, цициган лерг санна, кегийра долуш. Iаламехь йовхо кхоччуш дIахIоьттича, оцу гIах йаккхий йараш хилира. Иза вайна тIехула гуш дерг дара. Аьхкенгахьа лестича, IаьIий сихха даккхий хила дуьйлира. Цуьнан лаьттах болчу орамах IаьIа олу, иза кIорга боьду. Ткъа тIехуларчу йараш йуккъера цуьнан гIодах IаьIалаг олу.

IаьIа хила тарло метре кхаччалца беха лаьтта бухахь. Цуьнан орам баа мегаш бу. Буучу хенахь шийлачу хица билина йа, тIе бертал урс хьокхуш, цIан бан беза.

ТIехулара IаьIалаг йаа мега, саттийча, и кеглуш йелахь. ТIера чкъор доккхуш, цIанйина йаа еза. Бухара орам а, тIехулара и къона гIад а диъча, пайдехь а, дарбане а ду, царах цхьанна а кепара зулам хиларна кхера ца оьшу.

Кхано аьхке йоьллачу хенахь IаьIийн гIад а, орам а къанло.

ІаьІан заза, кегийра тускарш санна, таьІина цІен бос болуш хуьлу. ДІахьакхайеллачу бежанан а, жІаьлийн а цІоганах тІе а летий, атта каглой схьадолу иза. Иштта дийнаташа даржадо церан хІу. Оцу хІух шолгІачу шарахь къона ІаьІий довлу.

Цуьнан заза накхармозашна чІогІа дукха деза. Цуьнца моз ду.

Нилха йаьллачу хьуьн чохь а, изрошкахь а хуьлу ІаьІий. Мангалхоша зуламе лоруш, цунах мангал ларбархьама, гонахьара буц хьакха а хьокхий, дІа а йоккхий, ІаьІа ша болчохь буьту. Мангалхоша цунна а, шайна а деш дерг гІуллакх ду.

И йар дарбанна пайдаоьцуш йу. Цуьнан орамех кечдина молханаш пайдехь ду шайца зайтдаьтта (эфирное масло) долу дела, дегІа тІехь даьІнаш хилча, хьацар даккха, хьотІана, коьртара месаш туьлуш йелахь, уьш чІагІйан а, энашна а.

И вай йийцинарш бецийн тайпа йараш йу. Ткъа хІинца вайна хьалха хІора денна ган а гуш цхьа доккха дитт ду...

КОМАР

Цуьнан гІад хуьлу дукха стомма а, бухь гена дІасабаьржина а. Вайн махкахь комар шина тайпана – кІайн, Іаьржий хуьлу. Церан стоьмаш (комарш) вайна девзаш а, дезаш а ду.

КІайн мадлучу комаршца дукха мерза шекар ду, лимонанний, Іожанний мусталла а йу.

Іаьржачу комаран стоьмашца эчиг дукха ду. Дукха эзар шераш хьалха дуьйна адамаша, къаьст-

тана малхбалехь, комаран диттан гІах дукха боккха пайда оьцуш бу.

Чилла бечу салларш олучу нІаьнашна а даадо комаран гІа.

Ший а тайпа комарш йууш мерза а, дикачу чомехь а йу. Комарш йаа мега керла йолуш а, йакъийча а.

Комарийн диттийн дарбане йоцуш цхьа а меже йац. ГІашца цхьацца дабагІина мега хІума а, зайтдаьтта а ду. ГІах кечдина молханаш дагна пайдехь ду. Іаьржачу комаран мутт дика ду бага а, легашка а кхарза легаш лозучу хенахь. Дарбанна гІашший, стоьмашший гулдан деза аьхка. Генаш тІера чкъор – бІаьста, орамаш – гурахь. Цуьнан дечиг лаьттах йалларх йахка ца луш, бос можа а болуш, хаза сурт а долуш хуьлу.

Вайн республикехь комаран дитташ кІезиг дисина. И Іаламан векал лардар а, Іалашдар а вайн декхар ду.

И вай йийцина Іаламан къайленаш гучуйевлира вешан ков-кертахь. Ткъа малхо де дохдалале аьлла хьо новкъаволу хьун йолчухьа ваха. Хьун йу шен къайленех йуьззина...

МАНГАЛ-КОМАРШ

Вай йийцинчу диттан комарах тера йац мангал-комар. ХІара коьллийн тайпана йу. Кхуьнан ирх дахана гІад ца хуьлу, генаш лаьттахула дуьйшу. Нагахь санна цхьана коьллаш йуккъехь и йелахь, тІаккха цуьнан гІад ира хІутту.

Мангал-комарш Шуьйтан лаьмнашца а, Органан бердашца а, уьшалш йолчохь а, хьуьн чохь а хуьлу. Мангал-комар дукха чIогIа пайдехь а, дарбане а орамат йу. Цунах пайда оьцу акхачу дийнаташа аьхка а, Iай а.

Аьхка и комарш йуу акхароша а, олхазарша а. Къаьсттана мангал комарш дукха йеза чана. Уьш дукха йолчу хуьн чохь а, нрзошкахь а шайн кIорнеш кхобуш дукха хуьлу черчий. Хьун хьаькхна, нилха йаьллачу меттехь къаьсттана дукха хуьлу мангал-комарш. Iаьн тIехь комарийн гIашший, генашший дуу лунаший, пхьагалший. Цундела иза лара мегар ду акхаройн хьаьвда. Мангал-комарш йууш дикачу чомехь а, хьо аьхка хьагвеллехь, хьогалла йойуш а дика йу. Шех цхьа а тайпа зулам доцуш, пайдехь йу иза. Халкъан дарбанехь цуьнан гIах молханаш кечдо хьацар долуьйтуш а, зорхаца долчу лазарна а, кийрара цIий догIуш хилча, и сацо а, оьгIазе волчу стагана мало а. Доьлаш лозуш хилча, бага кхарза дика ду гIашца кечдина хи а, цу чохь Iиллина горгам-киса кога тIехь хьаьтта йелахь, тIедиллича дарбане ду. Мангал-комаран гIаш аьхка йовхонехь IиндагIехь дакъадо, ткъа стоьмаш – пешахь.

Иштта мангал-комарш йолчу ирзошкахула лелачу хенахь хьуна ца гуш йуьсур йац, малх санна, можа зезаг долуш цхьа лекха йар. Цуьнан локхалла хила тарло говрахь волу стаг къайла а воккхуш...

ІОНТІАЗ

Іа доьлча, ІонтІазан гІад дІа а долий, орамаш дуьсу. Дукха шерийн йар-буц йу иза.

Цхьана гІода тІехь цуьнан маситта га хуьлу, буьххьехь зазанаш а долуш. Цуьнан заза, тускар санна, даккхийра хуьлу, деши санна, можа къегаш маьлхан басахь. ІонтІазна дика йезаш йолу меттиг тІуьна латта а долуш, хин йистошший, кхеба буц йолу ирзошший, коьллашший йу. Заза доккхуш, и кхуьу аьхкенера гурралц.

ІонтІаз вайн дарбанчех цхьаъ йу. Цуьнан дарбане молханаш кечдеш, пайда оьцуш дерш орамаш ду. ІонтІазан орамаш стомма а, дилхалахь а хуьлу. Уьш кечдан деза гурахь йа хьалххехь бІаьста, лаьттара схьа а даьхна. ІонтІазан орамаш, доха а ца деш, белаца охкуш, схьадаха деза, тІаккха доьдуш долчу шийлачу хийаа дила деза. Дакъадаларан сихо хилийта стомма деха орамаш дохалла уьрсаца декъа деза. Дакъочу хенахь уьш хила деза хІаваэхь, мох кхетехь, йа дарбанийн бецаш йакъочу пешахь.

Вайн лаьмнашкахь Шуьйтачухула хьала, БІаьндукъахула, Итон-Кхаьллахула, Лаха-Варандахула йу ІонтІаз.

Мангалхоша докъарна йукъа ца йахийта, йожа ца йеш йуьту иза, йар йу олий.

ІонтІазан орамах кечдина молханаш тайп-тайпанчу цамгаршна дуьхьал дика ду. Іаламан хазнех цхьаъ йу ІонтІаз. Де суьйренгахьа гІоьртича, хьуьна чуьра ара а волий, цунна йистехь боллучу хьамца кІел охьахуу хьо садаІа, Іаламан къайленех ойланаш а йеш...

ХЬАМЦ

Хьамц, колл ларахь а, стомма гІад а долуш, дитт ду.

Хьамцо заза тІаьхьа доккху. Цо зазадаькхича, гота охучуьра сацош йу. Иза аьхке йулуш хиларан билгало йара.

Хьаьмцаш, гурахь шело хІоьттича, хуьлу. Уьш мадбелча, сискалца бууш мерза хета. Хи чу буллий, Іалаш а бо вайнаха хьаьмцаш, цунах варени а йо.

Хьамца бухахь хиъна Іаш, хьан тидам хуьлу дийнахь хІаваэхь лакхахула лелла чІегІардигаш, лаьттах хьакхалуш ца хьакхалуш, лахахула леларан. И хІун ду? И дера ду, догІа дан тохаделча, лакхара тІунделла сагалматаш – чуьркаш, мозий – лаьттана герга охьадаьхкина хилар... Хьо, гІоттий, цІехьа волало.

Лелла кІадвелла, цІа кхаьчча, мерзачу набаран тар туьйсуш, дІавуьжу хьо. Кхано сахила герга дахча, хезаш дац олхазарийн аьзнаш. «ТІак-тІак» бохуш, тхов тІера оьгучу догІанан тІадамийн гІовгІа йу...

КЪОРА КОТАМ

И акха котам хьуьнан олхазарех уггаре даккхийчех ду. Цуьнан Іер-дахар хьуьнан хотешкахь хуьлу. Къорачу котамашна дукхайеза лекха дитташ долу хьун. Лаьттахь цхьацца йа кегийчу тобанашца йеха уьш, кест-кеста диттийн гаьннаш тІе а хуьйшуш.

Хьуьн чухула вогIучу хенахь, дагахь а доцчохь йоккхачу гIовгIанца хьалхара хьалаэккхий, цецвоккху хьо къорачу котамо.

БIаьстенан йуьххьехь Iаламехь гIеххьа йовхо хIоьттича, боргIалаш цхьана а кхетий, нилхайаьллачу хьуьнхахь, уьшалаш йолчу меттехь шайн гIовIанаш йеш хуьлу. Церан аьзнаш тера хуьлу тIулган гIайракх тIехь урс ирдеш хуьлучу цIийзарх. И церан бIаьстенан ловзарш цара дIахьо синбилгалонаш гучуйевлчхьана малх схьакхетталц. Оцу хенахь олхазаран цхьана а хIуманна тидам ца хуьлу. Таллархо а, жIаьла а атта цунна герга даха таро йолуш ду. Цундела аьлла цунах къора котам.

БоргIалша и ловзарш дечу хенахь меаш гена доццуш хуьлу. БоргIалан кортий, вортий, цIогана тIера меттиггий сира бос болуш хуьлу, букъ – доIахан басахь. ЦIогий, тIемашший Iаьржа-торгIал басахь, кегийра кIайн тIеданаш а долуш, некха – тIехь, сийна-баьццара варкъ диллича санна, къегаш экъа йолуш, чуо-кIело кIайн-Iаьржа тIеданаш долуш хуьлу. Котамаш боргIалел дегIана кегийра а йолуш, хьаьрса сира бос бо¬луш хуьлу. БIаьстенан ловзарийн муьрехь котамаш къурдйулий, «кIок-кIок-кIок» бохуш лела.

Къорачу котаман дахар хьуьнан кIоргенашкахь делахь а, наггахь ирзошкахь а, хьуьнчуьрчу некъашца а, татолийн бердашца а тосалуш меттиг хуьлу. Къора котамаш дIаса ца йоьлху – Iай а, аьхка а цхьацца меттехь йеха уьш.

БIаьстенан ловзарш чекх а дохий, котамаша шайна бенаш до. Церан бенаш къеначу йуькъачу

хьуьн чохь хуьлу. Бен бан гІерташ котамаша башха чІогІа къа а ца хьоьгу. Лаьттахь, цхьанхьа жимачу кІоргенехь, кІеззиг йекъа бецаш а йохкуш, меттиг тайо, цу чохь йалх-бархІ кІайн-можа бос а болуш хІоаш хуьлу, тІехь къорза тІадамаш а долуш. Вайн цІерачу котаман хІоьийн барамехь хуьлу уьш.

Аьхке йолчу деношкахь дуьнен чу довлу церан кІорнеш. Чкъоьрга чуьра схьа ма-девлли, шайн нанна тІаьхьа дІа а доьлхуш, шайна ижу а лохуш хуьлу уьш. Йаккхийчара аьхка цІазамаш, хІуш, бецаш, сагалматаш йуу. Къоначийн кхача сагалматаш йу.

Аьхке чекхйолучу хенахь, къонанаш онда а йовлий, йаккхийчарах схьа ца къасталуш хуьлу. Къорачу котамийн Іаьнан кхача тІера гІа ца дужучу диттиийн (баганаш, базанаш, кхидерш) гІаш-мехий ду.

Кхоамза хІаллак ца деш, Іалашдан деза и олхазар.

ДИНБЕРГ

Динберг дукхашерийн асаран орамат йу. Вайна иза го некъайистошца, адамаш дехачу хІусамийн бошмашкахь, уьйтІахь, хьаннийн ирзошкахь, Органан тогІийн гІайреш тІехь. Вайн республикехь иза йоцуш меттиг йац Теркан, Соьлжан тогІешкара Итон-Кхаьллан, Шаройн лаьмнашка хьалакхаччалц.

Цхьацца йолчу меттигашкахь динберг хьийкъина а, йоккха а хуьлу, ах метре кхаччалц лекха а йолуш. Цуьнан масех гІа-патар хуьлу котаман хІоан барамехь горга а, шера а долуш. Динберган нийса

ирх йахана шиъ-кхоъ Іаьрче хуьлу, буьххьехь зазадоккху кан а болуш, шена тІехь дуккха а луьста кегийра хІуш а долуш. Вай йуьйцуш йолу орамат цхьана меттехь цхьабосса хьалайолий, дукха гуллой, ца хуьлу. Дукха хьолахь иза хуьлу йукъ-йуккъехь шен къаьсттана хьаьтташ а йолуш.

Вайнаха ширачу заманахь дуьйна дарбанна лелош орамат йу иза. Цуьнца дарба леладо чов йерзош, йаьлла йолучу хІуманна. Динберган дарбане дерг гІа а, хІуш а ду. Цунах кечдина молханаш дика ду кийрахь лазар долчарна а. Іовша а Іаьвшина тІедехкича, динберган гІаша чов а сиха дІайерзайо.

Дежачу хенахь наггахь бен ца йуу динберг хьайбаназа. Амма Іаьнна кечдинчу докъарна йукъахь йакъайелла динберг дукха мел хила а новкъа дац, уьш докъарца Іаьн тІехь муьлххачу хенахь бежано а, говро а дика йуу, иза чІогІа царна пайдехь а йу.

Динбергаш гулйан йолайо зазадаккха долийчхьана цуьнан гІа маргІалдала доладаллалц, аьхке чекхйаллалц. Гулйина динбергаш йакъо йеза маьлхан зІаьнарех ларйеш, тхов чохь а, ргІу кІелахь а. Динбергаца дарба лелош, цунах хила зулам дацахь а, лоьрах дагаволуш лелийча, нийса хир ду.

МОША

Хьун! И дош доца делахь а шен чулацам кІоргга а, боккха а болуш ду. Хьун аьлча, вайна хетало уьш-м дитташ, коьллаш, зезагаш, йараш йара олий. Амма оцу дитташца а, коьллашца а цхьаьна

тайп-тайпана дийнаташ, экханаш, олхазарш цигахь долуш а, Іаламехь цхьа меттиг дІалоцуш а йу. Лохачу коьллашкахь, шайн тІаьхье дебо, бенаш до кегийчу экханаша, акхачу котамаша, мошанаша...

Моша дегІана кхокханал хир йолуш акха котам йу. Цуьнан дахар йекъачу аренашца, коьллаш йолчу меттигашкахь, Іаннаш долчохь, хьуьнан йистошца, Теркан, Соьлжан тогІенашкахь ду. Дукха йеза цунна аренашца гІамаршний, моханий дуьхьало йеш йоьгІначу хьуьнан къона синтарш долу асанаш а.

Бен мошано цхьана жимачу ор чохь бо, йалташна йуккъехь йуькъачу цанашлахь цхьана кулла йуххехь йа дечигна герггахь. Мошано а, кхечу котамашчул башха, леррина ца бо шен бен. Чохь нилхха йехкина йекъа бецаш бен ца хуьлу. Мошанийн, къорза могІанаш йолуш, овкъаран бос хуьлу. Коьртан агІонашший, вортий хьаьрса хуьлу. Чуо-кІело – кІайчу басахь.

Мошанан тевнехь хила тарло цхьайттанна тІера ткъе деанна тІе кхаччалц хІоа. Цхьаьна тайпана сирачу гІамаран басахь хуьлу уьш. ХІоаш котамийнчарал жимма кегий а долуш. Мошано Іа а, аьхке а цхьана меттехь доккху. Бен бар а, тевна хІоаш дахкар а бІаьста Іаламан йовхонехь хуьлу цуьнан. Аьхке йулуш кІорнеш дуьнен чу довлу, гуьйренан тІаьххьарчу муьрехь уьш йаккхийчаьрга дІа а нисло. Мошанийн кхача тайп-тайпанчу хІуххий, цІазамеххий, къоначу бецеххий бу, къоначара сагалматаш а йуу.

Іаламан хазаллин цхьа маьІиг дІалоцуш ду и олхазар.

ЛАЬМНАШКАХЬ

Ламанан некхах
Схьадеттара шовда,
Хьоьгучу адаме
Шех байта къурд...

А. Сулейманов

Аьхке чекхйала герга йаханера, дIаоьхура хаза а, сирла а денош.

Иштта чу цхьана дийнахь Шаройн-Органан аьтту бердаца хьалаболучу новкъахула воьдуш вара къена таллархо Ацин Халид. Цо акхарошна толлу дуккха а хан йара. Делахь а Халид дика лелалуш а, бIаьрг сирла болуш а, экханна топ нийса тухуш а вара.

Халида зуламе доцу экха дуьйш-хIаллакдеш дацара. Цуьнан доккха мостагIалла дара берзалошщий, чагIалкхашщий. Оцу тешам боцчу акхароша къиза хIаллакдора кхин долу экха, дийнаташ, церан кIорнеш, буьхьигаш.

ХIинца къеначу Халида арабаькхина некъ кхин Iалашо йолуш бара. Иза наггахь, кочара турмал караоьций, лаьмнийн баххьашка а хьожура. Цуьнан тидам хуьлура массо а хIуманан а, хьуьн чуьра хезачу шах-татанийн а, бухахула охьадоьдучу Шарой-Органан гIовгIанан а. Говрарчу таьлсаш чохь Халида хьош йара туьханан талхаш. Туьха чIогIа оьшура дийнаташна.

Некъахо кхечира тIулган некхах схьадетташ сирла шовда долчу метте. «Кхузахь-м садаIа мегар

ду», – аьлла, говрара воьссира Халид. ТIера таьлсаш а, нуьйр а схьаэцна, и паргIат йаьккхина, йажийта багара дуьрста схьа а йаьккхина, говр дIахийцира цо. ТIоьрмиг чуьра сискаллий, кIалддийи, хоххий схьаэцна, тIе шийла шовда а молуш, хIума а йууш, садоIуш Iаш Халидна тIекхечира говрахь вогIуш волу хьуьнан хехо Аьстамар.

– ГIоза йуург хуьлийла хьан, – олуш, говрара воьссира иза.

– ТIехила, цхьаьна кхоллур йу вайша, – аьлла, хьалагIаьттира Халид.

Могаш-паргIат а хаьттина, охьахиира Аьстамар а. Цхьацца хабарш а дуьйцуш, сискал а йууш, тIе шийла шовда а молуш, Iаш вара и шиъ. Де суьйренгахьа лестича, ши накъост новкъавала хьалагIаьттира. Халидана жимхалла деш, Аьстамара кхуьнан говр кечйира, бага дуьрста а йоьллина, нуйр а тиллина, таьлсаш тIе а дехкина. Цкъа хьалха луьйта лаьцна Халид говра а хаийтина, йуха ша говра хиира Аьстамар.

Шина некъахочо шайн некъ дIаболийра лаьмнашкахьа. Дукха хан йалале, бода буьйлира. Жимма дIавахча, ХIима дIакхачале цхьана басах дIалатийча санна лаьттачу лохо техкина тхевнаш долчу цIеношна тIекхечира Халиддий, Аьстамаррий. Адамаш тосаделлачу жIаьло гIовгIа йаьккхира. «ДIадала, йовсар», – аьлла Аьстамар вистхилча, жIаьла, бехкала дахча санна, жимма «гIигI» а дина, дIатийра. Иза йара хьуьнан хехо вехаш волу хIусам. ЖIаьлийн гIовгIа хезна арайаьллачу хIусамнанас, Халиде маршалла а хаьттина, ши говр дIаIалашйира, царна буьйсанна хIоъ луш.

Аьхке дІайалаза йелахь а, суьйре гІеххьа шийла йара лаьмнашкахь. Чуйеанчу хІусамнанас сихха хьалалатийра мехкдаьтта дутту шиша долу стогар. Говрашкахь беха некъ бина волу Халиддий, Аьстамаррий гІелвеллера. Кху шинна хьалхабиллина кхача бара, меца воцчо а буур болуш, безамехь. Керла деттина кІайчу ахьаран мижаргашший, кІегаш тІехь деттина дакъийна жижиггий, жен нехчий, шура тоьхна Іаждарбецан чай.

Цхьацца дуьйцуш, Аьстамара элира:

– Деллахь, Халид, ма дика ду-кх ахьа и туьха дахьаш. Кху шарахь ламанца дежийлаш дика а хилла, хьуьнхахь стоьмаш а, дечигийн хІуш (попан а, ножан а) дукха а хилла, чІогІа оьшура.

Халида йахьаш йолу и туьхан гІорзанаш хьуьн чу а, ирзошка а охьа йахка йезаш йара гезаршка, лунашка а тІе мотт хьекхийта.

– Туьха оьшуш кхача бу массо а берг йолуш долчу дийнаташна, – аьлла, набарна дІатевжира къена таллархо.

Буьйса дикачу набарца чекхйелира.

Дукха Іуьйранна хьалагІаьттина, йуьхь-куьг дилина, йуха а новкъа вала кечвелира ши накъост.

Кхушиннан говраш кийча йара. Кхарал хьалха хьалагІаьттинчу Кесийрас кечам бинера. Накъоста тІоьрмиг чу кІеда хьокхамашший, нехчий а дехкинера. Кхин дІа бан безаш болу некъ а бацара атта. ХІимахула хьала Шаройн-Орга схьадолучу шашна герга ваха дезара къеначу таллархочун а, Аьстаманан а.

ХІара шиъ новкъа велира. Органца дижина кІайн дохк дара.

– Де хаза хир ду, малх болуш, – элира Халида.

Аьстамар велакъежира. Иза тосаделлачу Халида элира:

– Хица дижина буьйсанна дохк хилча, йоькхана хуьлу. ГIеххьа де а даьлла, малх лакхабаьллера, хIара шиъ тIе къегаш гуш ло долчу лаьмнашна герга кхаьчча. Хьун йацара, гуш ира баххьаш долуш лаьмнаш а, ира тIулгаш а дара.

Делахь а бухахь йолчу нийсочо меттигашкахь йукъа йаьлла буц а йолуш, дика дежийлаш йара. Кхара шаьш йеана туьхан гIорзанаш, тIулгашна гергахь а йохкуш, охьайехкира. ДIахьаьжначу Халидан сирлачу бIаьргашна цхьана боккхачу чхарана тIехь цхьа гIалат дайра. Къеначу таллархочо, турмал чухула хьажа а хьаьжна, элира: «Акхачу газанан бож йу гуш йерг...». ТIулга буьххьехь, гIарол деш санна, кура лаьтташ хетара иза. Делахь и иштта дацара. Геннара дуьйна бIаьрг кхеттера оцу дийнатан ламанан басешкахула говрашкахь догIучу адамех.

Цунна хаа лууш дерг дара тIебогIуш берг кхерам бу-бац. Кхераме хIума а доцийла хиъча, бож тIулгаш йуккъехула дIайахара йажа. Улло тIе а вахана, цуьнга хьожийла дацара, иза дукха цеце экха хиларна. Адам цо герга ца дуьту.

Акха гезарий вайи лаьмнийн Iаламан хазачу дийнатех йу. Къаьсттана хаза хуьлу бож. Бежан схьадеана хьаж а, коьрта тIехь, тур санна, сеттина а долуш, йуккъера хара а йолуш, хьалхарчу агIон тIехь, тулгIеш санна, шеддаш а долуш, метрал сов йеха ши маIа хуьлу. Стиечуьнан маIаш кегий а, бIаьргаш а, бета буьхьиг а хаза а хуьлу.

Цуьнан лахарчу мочхал кIелахь кхозуш, гIеххьа йеха а йолуш, йуькъа маж хуьлу. Цундела цунах маж-газа ала а тарло.

МаIаш тIехьа хаза,кегий лергаш ду. Царна тIера тIаргIа хуьлу хьаьрса а, сирачу басахь а, наггахь дегIа тIехь таьIна а, Iаьржа а бос болуш хьоькхнаш а йолуш. ЦIога доца хуьлу, когаш шишша берг йолуш бу. Оцу акхачу дийнатийн Iер-дахар, бежалой шаьшший, гезарий шаьшший долуш, хуьлу.

– Кхано аьхке чекх а йаьлла, Iаламехь шело хIоьттича, бежалой гезарашна йукъа гIур йу. Цхьана баттахь лелар йу уьш вовшахкхетта, – элира хIуманан тидам чIогIа болуш волчу къеначу таллархочо Ацин Халида. – Цул тIаьхьа йуха уьш дIасакъаьстар йу.

БIаьсте чекхйолуш, газано ши буьхьиг йнйр йу. Наггахь цхьаъ йеш меттиг а хуьлу. Гезарий йеха лаьмнашкахь, хьун чекхйолучу дозанера гуттара а лой, шай лаьттачу лаьмнийн йисте кхаччалц йолчу меттигехь. Аьхка гезарий ламанца ша болчу кхаччалц хьала а йовлу. Церан кхача буц а, диттийн, коьллийн генаш а ду. Хьуьнца долу дахар церан Iай хуьлу, шайна йаахIума кхузахь хиларна.

Дуьненчу йевлла дукха хан йалале кегий буьхьигаш а хуьлу, йаккхийнаш санна, тIахъаьлла, цаьрца цхьана ларош лелаш. Кхиъна йевлча, стенаш, боьршанаш дIаса а къаьстий, шайн-шайн тобанашца лелар йу уьш.

Вай цIахь кхобуш лелош йолу гезарий оцу акхачу дийнатех схьайевлла йу.

ХIинца акха гезарий кIезиг бен ца йисина. Йолуш йерш Шуьйтан, Веданан, Несаран лаьмнашца йу.

ЦIечу книги тIе йуьккхина йу и газа. И йуьйчо деш дерг доккха зулам ду Iаламна. Вайн лаьмнийн Iаламан и хазалла ларйар хIора а оьздачу стеган декхар ду.

Шаьш даьхьна гIуллакх чекх а даьккхина, Халиддий, Аьстамаррий сехьа хьун йолчухьа а ваьлла, цхьана дакх кIелахь садоIуш, хIума кхоллуш Iара. ДIахьаьжча, кхеран бIаьрг кхийтира шайга хьоьжуш лаьттачу газанах терачу цхьана жимчу экханах. Цунна йуххехь ши буьхьиг йара. Хьежа кIордор доцуш хаза экха – лу дара гуш дерг...

Лу – жима сай бу. Вайн лаьмнашкахь а, Теркан а, Соьлжан а тогIенашкахь йолчу хьуьнхахь а хуьлуш ду иза.

Лунан дегI дай ду, боьршачу лунан ши маIа хуьлу тIехь шишша а, диъ-диъ а генаш долуш. Стечуьнан маIаш йац. Бос аьхка таьIина-хьаьрса, Iай сира хуьлу, чуо-кIело – сирла-кIайчу басахь. Цуьнан доцачу цIоганан гондахьа кIайн дуькъа чоьш ду. Оцу кIайдаргах куьзга а олу.

Стен лу боьршачул дегIана жима ду. Аьхке чекхйолуш уьш цхьаьнакхета, цул тIаьхьа исс бутт баьлча стечо ши буьхьиг йо, наггахь кхоъ йеш меттиг нисло. Цуьнан кхача буцций, гIашший, коьллийн, диттийн орамашший, хьуьнан стоьмашшпй, цIазамашший ду.

Халидан тидам хилира лунан чож детталуш хиларан. Луно шен хаза бIаьргаш адамашкахьа хье-

жадора. Ткъа ши буьхьиг ненан когашна тIетеIара. Къоначу иччархочо шен топ схьа а эцна, зIакарш йухауьйзира. Цунна хиира и лаа доцийла а, лу цхьана йамартчу экхано кхерийнийла а. Йежаш йолу ши говр а йаьллера цец. Лергаш тIехьа дахийтина, мерах «хурр» дора цара. Царна а цхьа кхерам тосабеллера. Щеххьана лу, кIегаш тIе даьлча санна, ша лаьттачуьра инзаре лекха а, гена а кхоссаделира хьун йолчу агIорхьа дIаэккха безам хилла. Нанас диннарг дан гIоьртира ши буьхьиг. Жима хиларна, цу шинга чехка йорт ца эцалора. Буьхьигаш йитина, дIа ца доьдура нана лу. Гено лаьтташ болчу боккхачу тIулга тIехьара гучуйелира къанйелла нана-борз. Цхьана когана астагIа долуш дара и йамарт экха. Борз лунаш долчу агIор дIахьадарца топ йелира, йамарт экха дуьйжира. Иччархочо топ син метта, хьалхара тIа а лоцуш, тоьхнера. Тоьпан татано Iалам самадаьккхира. ДIа ца довш дехха лаьттира цуьнан аз.

– Лу Iаламан хазалла йу. Уьш лардар вайн декхар ду, – элира Аьстамара, Халида борз йийна чIогIа резахилла.

Вела а къежаш, къеначу иччархочо, йелла Iуьллучу барзе а хьаьжна, элира:

– Топ кхетта, хьалха лазийна хилла кхуьнан тIехьара аьтту ког. Цундела чехка йадалуш ца хилла.

Цу шимма сихха схьа а йаьккхина, берзан цIока таьлсаш чу йиллира, пачхьалкхана дIайала.

ЛЕКЪ

Иза дара цхьана аьхкенан йекхначу буса. Дийнахь мангал а хьекхна, буьйсанна буьн чохь цхьацца забарен хабарш а дуьйцуш, шайн садоIуш бара мангалхой. Дара иза нуйхойн Дехачу ирзехь. Массо а седа чубан боллуш санна, сирла а, беттасе а йара буьйса. Хабарш лагI а делла, набарна тар а туьйсуш, дIатевжинера мангалхой. Гена йоцчу хьуьн чуьра схьахезаш цхьацца аьзнаш дара. «ХIе-хIе-хIеээ», – аьлла, аз хезира. Мангалхошца волчу жимчу Бекас кхеравелла ла а доьгIна элира: «И кхойкхург мила ву?».

«Стагга а вац, иза буьйсанан олхазар – бухIа йу», – аьлла, жоп делира цуьнан дас Iабдуллас, – парггIат дIавижа мегар ду». Ткъа дас и алархъ, Бенина наб ца кхетара. Вукхара, хардеш, набарш йора, шайн дукха Iуьйре мангал хьакха деза дела. Ойланаш йеш Iуьллучу Бенина йуха а хезира: «Вотта пхьид – вотта пхьид – вотта пхьид», – бохуш санна. Иза декаш лекъ дара.

Лекъ ша котамийн тайпана жима олхазар ду, жимачу котамах тера а долуш. Цуьнан дахар лаьттаца ду. Лекъана дукха деза йалтийн аренаш а, цанаш а йолуш долу ирзош. БIаьста а, аьхка а лекъ долу меттиг атта гучуйолу цуьнан декарца. Кхерийна, меттах даькхина лекъ, тIома а долий, лахахула сихха, нийсса дIадоду. Лекъан бос хьаьрса-сира хуьлу, букъан бохалла таьIна а, сирла а моханаш а йолуш. Боьршачу лекъан бIаьста – Iаьржа, гурахь – кIайн хуьлу вортий, накхий, харданггий, ткъа йаьI-

на – хьаьрса. Стечийнний, къоначийнний харданг, накхий сиро, тIехь торгIал тIедарчий долуш хуьлу. Лекъана бен бан уггаре дукха йезаш йу йалтийн аре, наггахь цанаш а йолуш йекъа меттигаш.

Лекъан бен лаьттахь бой хуьлу. Иза жима кIаг хуьлу йоккхачу йаран куллах бой, йа цхьана тарх кIелахь. Бен чу лекъо йекъа бецаш а, тевна хиинчу къуьрдиган месаш а йохку. Бенахь итт – пхийтта, кхуран кепехь, таьIна-можо бос а болуш хIоа хуьлу.

Вайн мехка лекъаш къилбехьара схьадогIу, кхано гурахь уьш йуха а Iа даккха цига дIа а доьлху. Лекъаш тевна ховшу аьхке йулуш, кхоччуш Iаламехь йовхо хIоьттича. Аьхка дуьненчу йовлу дуккха а лекъан кIорнеш. Аьхке чекхйолуш кIорнеш даккхийчу лекъех къаста ца луш хуьлу... ...Iуьйранна синбилгалонаш дуьненчу кхерсташ самабевлира буьн чура магалхой. Йуха а хезаш дара: «Вотта-пхьид, вотта-пхьид», – бохуш санна долу лекъан аз. Баца тIе тхи диллинера, буьйса сахиллалц йекхна хилла дела. Тхи дожале, хIиттира мангалхой цана хьакха. Хьалхара кес дуьллуш дIавоьдура къена мангалхо Ацин Халид. Цунна тIаьхьа бара кхиберш а, жима Бека а. «Цхаст, цхаст», – бохуш, Халида беттачу мангало йожайора цана.

Иштта и дIавоьдуш, кхунна хьалхха цаналахь боллучу шайтIанан боIан кIелхьара, тоьпо кхоьссича санна, хьалаикхира цхьа олхазар. Иза лекъ дара. Мангал саца а бина, хьаьжира Халид баI болчу цана йуккъехь хIун ду. Цана дIаса а теттина, хIара хьаьжча, гуш бара чохь кхойтта хIоа долу лекъан бен. Иза тевна дара.

Цана йуха тІеттІа а теттина, баІ ша болчохь битина, лекъан хІусам ца йохо дехьа а ваьлла, шен кес дІадолийра воккхачу стага.

Де дохдала доладелира, мангалхой ІиндагІехь делкъана хІума кхалла хевшира. Лекъ шен бена духадеара.

ДАДОЛАГ

Іуьйранна хьо беша йа хеса ваьлча, схьакхетачу малхана делакъежаш санна, лаьтташ хуьлу Іалам. Бешахь, хесахь бу тайп-тайпана стоьмаш. Хьан тидам хуьлу, гІаш хьерча а хьирчина, сийсина лаьттачу хьочан. Аьхке йоьлла дукха хан а ма йац, хІун дутехьа хІара, олий хетало. Дикка тидам бича, и гІаш хьерчош, «сийсош», зулам деш йерш кегийра сагалматаш – «Дела-котамаш» йара. Цара гІаца йолу тІуналла муьйлуш, гІа талхадора. Уьш баьццара бос а болуш, кегий зуламе сагалматаш йу.

Бешахула лелаш хьан бІаьрг кхета кхечу сагалматах. Иза чхьаьвриг йу, йоккхалинна хьаьжкІан буьртигал а, цул жима а хир йолуш. Цуьнан цІе йу дадолаг. Цуьнан дегІ горга а, севсина а, йа жимма хІоан барамехь деха хуьлу, ткъа бос – тайп-тайпана: цІен, можа, кІайн, Іаьржа. Цуьнан букъ тІера ши тІам чІогІа хуьлу, царна тІехь дукха хьолахь ворхІ тІадам бу Іаьржачу басахь. Коьрта йуххехь болу букъ тІера цхьа тІадам шина тІемо шина декъе боькъу. ТІемаш схьадиллича, оцу тІадаман ах-ах хІора тІема тІехь дІасабекъало, тІемаш ваьштадехкича, цхьа тІадам хуьлу.

Хьаьжча – бІаьргана там беш, товш, хаза чхьаьвриг йу дадолаг. Уьш Іаламехь маситта эзар тайпа ду, чхьаьвриг бошмашна а, хасстоьмашна а тІехь хуьлу. ЧІогІачу тІемаш кІелахь кхин шиъ пардон тІам бу. Цаьрца дадолаг хІаваэхула лела. ЧІогІачу тІемаша гІарол до оцу кІедачу экамчу тІемашна а, Іаьржа бос болчу дегІана а.

Иштта и хаза гуш йолу чхьаьвриг бошмашна а, хесана а пайдехь хилар хуур ду, цуьнан тидам бича. Диттан гІода тІехула хьалаоьхуш, гІашна тІелетта йолу и кегийра сагалматаш йууш, хІаллакйо цара.

Дадолагаш вайн бошмашкахь, хесашкахь дукха хиларх, кхера оьшуш дац, цара пайда бен, зулам дийр дац. Къаьсттана дадолагаш дукха хуьлу гІабакхийн, наьрсийн хуталш тІехь. Наггахь хасстоьмийн гІа дууш меттиг хилахь а, цо деш дерг доккха зен дац, цунах болучу пайдане диллича. Адаман а, Іаламан а доттагІ долу дадолаг Іалашдар, лардар вайн декхар ду.



ГУЬЙРЕ ТIЕКХОЧУШ

Хаза лаьттина и йовха аьхке чекхйолуш йара. Аьхке чекхйаларх-м Iалам а, адам а, массо а садолу хIума а саготта дацара. ТIекхочуш берг токхе мур бара – гуьйре! Уггар хьалха гуьйре тIекхочийла, цунна кечам бан безийла хаийтира мангалхоша.

Аьхкенан йуккъерчу а, тIаьххьарчу а деношкахь, Iуьйранна сай-бодий къаьстачу хенахь, мерзачу набарх а ваьлла, ахь ладоьгIча, хезаш хуьлура: «ТIов-тIас, тIов-тас, тIак-тIак-тIак», бохуш цхьа ша-тайпа тата. Иза нуьйжина тIехь жIаьвнаца магалхоша тусуш долчу мангалийн татанаш дара. Iуьйранна баца тIера тхи дожале дIахIуьттий, мангалхой де дохдалале мангал хьокхий а бовлий, де дохделча,

кхорийн Іиндагіехь садоІуш хуьлура. Цул дика садоІийла хир йац.

Суьйренгахьа лестина де шелделча, цара дІадолор ду шайн ирачу мангалшца кесарш охьадахка. Дикка бода боллалц мангал а хьаькхна, уьш цІехьа боьрзур бу, кхана йуха а хІокху метте бухабахка.

Аьхка, букъарш санна, дуькъа, даьржина догІуш хиллачу Органо а бора шегара хаам. Иза дистинчуьра чудоьжнера. Цо кхин «ха» хоьрцур дац йуха аьхке тІейаллац.

Аьхка Органо ша схьадогІу чоь кест-кеста хуьйцу, ткъа гуьйренгахьа лестича, гуттаренна цхьана меттехула охьадогІу йуха аьхке тІекхаччалц.

Аьхка можачу сазан басахь хилла и хІинца, куьзга санна, къегаш а, цІена а, стиглан басахь сийна а дара, чухьаьжча, чохь долу чІерий а гуш. Билггал гуьйре тІекхочуш хилар гойтуш, аьхкенан тІаьххьарчу деношкахь стиглара схьа хаам бира. Уьш гІаргІулеш йара шайн некъан узам а беш, низам ца дохош, кхо са болчу могІанца жут нисйина, къилбехьа довхачу мехкашка Іа даккха йоьлхуш.

Іодика йеш санна, йуьрта тІоьхула ши-кхо го баькккхина, гІаргІулеш къайлайевлира. Шеко йацара, уьш шайн маьхьаршца бІаьста йухайогІург хиларх.

Халкъо олуш ду: «Малх цІа кхаьчна». Иза гуьйре йулу де ду. Малх цІа кхаьчнийла а, гуьйренан хьалхара де дуйла а хаийтира вайн кертарчу дозанехь йолчу балгаша. Гуьйре йуола цхьа кІира хьалха тохайелира уьш зазадаккха. Уьш жим-жима йеллалуш лаьттара. Амма кхоччуш балгийн зазанаш

мажделла дІахІиттира малх цІа кхочучу сентябран 23-чу дийнахь.

Цул тІаьхьа балгийн заза макхдала дуьйлира. Иза цхьа кІира даьлла хан йара. Гуьйрено шен бакъонийн архаш кара лецира. Іаламо а хоуьйтура гуьйре тІекхаьчнийла. Кест-кеста буса-Іуьйренца дуькъа дохк хІуттура, дерзаш а догІура.

БІаьста когашкара хьала сенлуш хилла йолу хьун, хІинца можа басар тоьхча санна, лаьмнашна буьххьера мажлуш лаьттара. Жим-жима кхочуш и можа басар буха охьа а кхочур ду. Хьуьна тІера гІа а дужур ду...

ЧІИЖАРГІА

Берахь дуьйна вайна йевза чІижаргІа. Цуьнан гІодах йаьккхинчу дечиган йуккъера дог дІа а доккхий, цхьана агІонхьара гІожаца тІус чутеттича, чІоггІа тата а долуш, бехчалган йа кехатан хІоъ а кхуссуш, туьппалг хуьлура. Иза берийн чІогІа самукъадолуш ловзар дара.

ЧІижаргІа сирачу ламанан хьаннашкахь хуьлуш йу. Сирачу басахь кевстиг йолуш гІад хуьлу, дукха стомма а доцуш, дог, бамба санна, кІеда а долуш. ГІаш гІеххьа даккхий хуьлу, цхьана гена тІехь пхиъ цхьаьна а долуш. Заза кегий хуьлу, дуккха а цхьаьна гулделла а долуш.

Майхь-июнехь зазадаккха йолало и дечиг. Цуьнан заза дарбане долу дела, иза гулдо зазано кхочуш кІайн бос эцча. Макхделлачул тІаьхьа заза

пайде дац. Заза дакъо деза ІиндагІехь, маьлхан зІаьнарех лардеш. Дакъийна заза, ата а отий, кхечу хІуманех схьакъастадой, йекъачу, боданечу меттехь – мохкхетийла йолчохь Іалашдо. ЧІижаргІин заза чохь кхехкийна хи дика ду шелвелча а, кхечу цамгарна а. Амма, хууш ма-дарра, муьлхха а дарба цІахь ша лелош хилча, цкъа хьалха лоьре хатта деза.

ЧІижаргІех тера йу гІундалгІи а. Иза, Іа доьлча, лаьтта тІехь долу гІад дІа а долуш, йоккха йар йу. Цуьнан заза а, гІа а чІижаргІичух тера ду. Цунна тІе латош болу, кІурз санна, Іаьржа стоьмаш а, чІижаргІичух тера хуьлу. Царах схьадолуш долу мутт цІен бос болуш хуьлу. Цуьнца басар до чилланан кІадина-дарина. И Іаламан беркате хазна ларйан а, Іалашйан а йеза.

ТАСАДАЛАР

Хьуьн чохь къайленаш дукха йу.

Оцу дийнахь ишттаниг хир дуйла, ца хаьара хьуьнхошна Абуезидана а, Іалманна а. Ши накъост шайн белхан гІуллакхна хьуьнах ваханера. Іалман лакха хьала а ваьлла, басахь кегий бІогІамаш дугІуш вара, Абуезид лаха Іин чохь охьайетта дечигаш билгалйохуш воллура.

Кхузахь, хьуьн чохь, акха стоьмаш а бара: хьечаш, кхораш, мангал-комарш.

Дечигашна жІов тухуш воллучу Абуезидана, цхьа йекъа дечиг кагйеш санна, чІогІа тата хезира. ДІахьаьжначу кхунна гира тІехьарчу когаш тІе а



хIоьттина, гIаттийна бага а йолуш, лаьтташ нана-ча. Воха а ца вухуш, чана дуьхьало йан кечвелира Абуезид. Ча тIейогIуш йара. Хьуьнхо шен жоммагI кара а лаьцна, боккхачу попаца дIахIоьттнра. ЦIеххьана чухьаьддачу чано аьрру пхьарс схьалецира стеган. Ча лар а йеш, и кхоош, цунна чIогIа чов ца хилийта, бIостакехьа коьртах жоммагIа туьйхира Абуезида. Кхераделла и буьрса экха духаделира.

Орцах вогIуш накъост вара. Iалман тIекхаьчча, ча йедда дIайахара.

Гена йоццуш цхьанхьа мангал-комарш йууш йоллучу шен жимчу кIорнина адамо цхьаъ дарна кхерайалар бахьанехь дера хилла хила тарлора и.

Вуьшта, ша лазийна, оьгIазйахийтина ца хилча, адамна тIе ца лета ча. Цо хьуьнан стоьмаш а, зIуганийн баннаш чуьра моз а дуу.

Цкъа цхьана гуьйренан декхначу дийнахь хьуьнан хотехь хаайелира суна ча. Иза, ши ког дIа а хецна, хиъна Iаш йара, кест-кеста шен хьалхарчу тIодах цхьаъ бете а хьош. Ча, зингатий барз а бохийна, зингатий, церан хIоашший дууш йара...

БАКЪ-ЧIАРА

И мекара, хIилла долу чIара ламанан хиш чохь хуьлуш бу. Орган чохь, Къоьзан-Iома чохь, Вашандар хи чохь а хуьлу. Цунна дукхадеза чехка а, хьаьъна а, сирла а шовданийн хиш. Бакъ-чIерах олуш хилла паччахьан чIара. Шен тIаьхье дебош, бакъ-чIеро Iов тосу гурахь. Цуьнан кхача хи чохь йолу дегIаца

даьIахк йоцу садолу хIуманаш йу, хи чу эгна чуьркаш, мозий а дуу цо.

Бакъ-чIара дукха боккха ца хуьлу дегIана.

Хи чуьра кхийолу хIуманаш йиъна ца Iаш, кегий чIерий а дуу цо. Иза чIогIа исбаьхьа чIара бу. Цуьнан буккъий, агIонашший Iаьржа, цIен, баьццара, можа – массо а тайпа бос болуш хуьлу.

Дикка Iемина воццунна бакъ-чIара лаца атта дац. Иза лоцучу хенахь мIера тIе боьллина мурйоьллачу дечига йуккъера баьккхина кIайн нIаьна хила беза, дуьмин цуьрг а дика хуьлу. Оцу чIеро къегаш йолчу кIайн бос болчу хIуманах муьрг дика туху.

Бакъ-чIара дукха цец бу. Нагахь санна цунна чIерийлецархо тосалахь, цуьнан IиндагIах кхералой, хин кIоргехь лечкъа иза. Цунна уггар дукха йезаш йолу йуу хIума цуьнан бетана хьалхха йелахь а, дикка хан йаллалц муьрг тухур йац цо.

Геххьа кхоьлина долу довха де дика ду бакъ-чIара лоцуш. Тийна, кIеззиг мохо тIоьхула лоьхкуш тIулгIеш йолу, айма хIоьттина хи дикка аьтту болуш хуьлу и чIара лаца. Лоцуш цхьалха а, шалха а, кхолха а мIерий мега, дукха даккхий а доцуш. Цо муьрг дика туху Iуьйранна, малх схьакхетале, цул тIаьхьа 10 сахьт даллалц йолчу хенахь а. Нагахь санна кегийра догIа делахь, цо новкъарло йийр йац бакъ-чIара лоцуш. Цунна са гар кхоьлинчу дийнахь ледара хуьлу, цундела лаца атта бу иза.

ЙАЙ-ЧIАРА

Йай-чIара вайн махкахь хаало Терка чохь, Соьлжи чохь. Оцу чIеро дика лоруш дерг тийна, теза хи ду. Цунна дукхайеза хи чохь оьрнаш а долуш, кIорга айманаш, хи чохь гулйеллачу дечигийн орамийн кIелонаш. Йай хIилланчех цхьаъ бу. Ткъа йозалла мел йу хаьий шуна цуьнан? БIе килограммал сов хила а тарло.

Цуьнан йоккха бага йу, йагарйина ца валлал дукха, мехий санна, ира а йолуш цергаш а, бага йахана хIума арайала йиш йоцуш. чунехьа йирзина а йолуш. Цуьнан балдашна тIехь мекхаш хуьлу, лакхарнаш лахарчарал деха а долуш. Шуьйрачу хьаьж тIехь, вовшашна гIеххьа генахь жима, сагар гIийла долуш бIаьргаш хуьлу. ЧIара, тIехьаьжча, партал хеташ белахь а, хи чуьра хьалабаккха атта дац, иза мIераца лаца дикка говзалла йеза. Цунна бугIуш болу мIара ондачу болатан а, чIогIачу тIийриг тIехь а хила беза.

И чIара дика лоцу малхо малдинчу хи чохь. МIера тIетесна жима чIара, пхьид, йа жижиг хилча йай-чIара дика лацало. Нагахь санна кхелли йуккъера йаьккхина аьнгалха тIетесча, йай кхин а дика лоцур бу. ЦIераш йаьхначех ижу ца хилча, йай лоцуш мIера тIехь хила мегар ду къегаш долчу болатах дина чIеран сурт. И чIара хи чохь йолчу къегачу хIуманна тIекхеташ, амал йолуш хуьлу. Хи чохь болу мIара меттахболучу хенахь тIекхета иза.

Хьаьъна, цIена хи долчу Iам чохь, эрзаш болчу меттехь дукха хуьлу и тайпа йай-чIерий. БIаьсте

чекхйолуш, шен тІаьхье кхио йай-чІеро Іов тосу. Оцу хенахь цунна къаьсттина дезаш хуьлу мела, даьржина гечош. Іов тосучу хенахь чІерий лаца мегаш дац.

Нагахь санна мІеро лаьцна чІара хи чуьра хьалабаккха атта ду моттахь, и бакъ дац. Лаьцна чІара, хи буха боьдуш, дІасауьдуш, мІерах хецабала гІерташ хуьлу. Дечигийн орамаш кІел а, ор чохь а, шена тасабала меттиг лоьху цо.

АЬНГАЛХА

Вайна ма хаъара, Іаламехь инзаре дукха кегий а, йаккхий а сагалматаш йу.

Аьнгалха. Хьанна ца йевза и зуламан да. Иза йаккхийчех сагалмат йу. Цуьнан дегІ, куьйга пІелг санна, стомма долуш, сирнакийн беттан барамехь деха хуьлу. Цунна тІехь дуькъа а долуш, доцца чоьш хуьлу, бархат санна, кІеда. Цуьнан торгІала бос бу. Аьнгалхин шен башха цхьацца меженаш йу. Хьалхара ши ког шуьйрра дІасатесна бу. Царна буьххьехь херхан тайпана цергаш йу, лаьтта бухахула йоьдуш, цунна ахка оьшу йолу. Корта хьалхахьа озабелла, къоламан йуьхьиг санна, хуьлу. Багахь цуьнан хІума хадош, къажйеш меженаш а йу. Кегий бІаьргаш, дуткъа мекхаш хуьлу аьнгалхин.

Аьнгалха лаьтта бухахь йехаш йелахь а, цуьнан тІемаш доций, тІехьарнаш дехий хуьлу, охьадишшийначу хенахь шина тІеман йуьхьигаш, дуткъа цІога санна, дегІан дохалла хуьлу. Хьалхарчу шина

кога тIера цергаш цунна оьшу хасстоьмийн орам хадо. Тукаран хьесапехь болх беш хуьлу и когаш. Цо цаьрца орамаш хедош, хIаллакбо хасстоьмаш: наьрсаш, помидораш, бурч, копаста, гIабакхаш. Кертара картол, хила ма-йоьллехь, аьнгалхо йууш, охкий йассайо. Стоьмийн бошмашна зен до, керла кхиъна догIучу синтарийн орамаш цоьстуш, уьш дакъош.

Аьнгалха буьйсанна бен ижу лаха ара ца йолу. Нагахь санна, арахь рагIу кIелахь, хьо стогар а латийна, хьайн гIуллакх деш велахь, кест-кеста хьуна хьалхха кхоьссина богIу тIулг санна, тхапп олий цхьа хIума охьайужу. ДIахьаьжча, иза аьнгалха хуьлу. Иза бодашкара схьа стогаран серлонга тIемашца йогIу.

Аьхке йоьллачул тIаьхьа, леррина лаьттах кечбинчу бена ши бIе-ши бIе ах бIе хIоа охьадуьллу стечу аьнгалхо. Цо уьш чIогIа лерина лардо садолчу хIумане хIаллак ца дойтуш. Итт, пхийтта де даьлча, хIоаш чуьра схьа а йовлий, аьнгалхин кIорнеш дIасайоьлху.

Кхано, йовха аьхке чекх а йаьлла, шело хIоьттича, аьнгалхаш цхьана метте дIагулло Iа даккха. Царна Iа даккха уггаре дукха йезаш йерг кхаьлли йу.

Аьнгалха къинхетам боцуш хIаллакйан йезаш сагалмат йу. Цундела хьайн бешахь йа кертахь, гурахь ор а даьккхина, цу чу кхаьлли йилла йеза. Аьнгалхаш цу чу Iадаккха гуллур йу, кхано шело чIагI а йелла, чиллахь ор схьа а даьстина, аьнгалхаш цу чуьра хьалайаха йеза, шелонехь уьш хIаллакьхилийта.

ЦІОКЪ

Лаьтташ дара гуьйренан хаза денош. Хьуьна тІера гІаш тайп-тайпанчу басахь дара. Іаламехь гІеххьа шело хаалахь а, денош – буьйсанаш йекхна хуьлура.

Иштта цхьана хазачу дийнахь хьуьнхахула вогІуш вара къена таллархо Ацин Халид. Кхуьнан когаша кегош долчу декъачу гІан бен хаалуш кхин гІар-гІовгІа йацара хьуьн чохь. Дукха хенахь дуьйна шен дахар талларций, хьуьнций дозуш волчу Халидан массо а хІуманан тидам хуьлура. Цунна дика йевзара хьуьнан акхарой а, церан амалш а, хууш вара церан Іер-дахар муха хуьлу а.

Даккхийчу пепнийн хьуьна кІелахула схьавогІучу Халидан тидам хилира горга кІаг беш, гІах паргІатдаькккхинчу лаьттан. Таллархочунна хиира, кхузахь лунаша буьйса йаькккхинийла. КІаг маситта хилар кхузахь буьйса йоккхуш кхушарлера къона лунаш, церан наной Іихкина хиларан билгало йра. Луно ша охьадижале бергашца гІа дІаса а хьокхий, латта гучудоккху. Иза иштта цара до лаьтто йовхо луш хиларна.

Хьоьжуш, схьавогІу къена таллархо Халид цхьана коьллашна тІе кхечира. Иза хьалха ирзу хилла меттиг йара. Дола деш цахиларна ирзу дукъделлера. Кхузахь дуккха а мангал-комарш а, хьуьнан кхораш а бара.

ХІокху ширачу ирзехь дола деш цхьа экха лелларера. Мангал-комарийн хуталш хьешна йара, ирзонна йукккъехь боллучу Іожан га, датІош, схьадаькккхинера. Хетарехь, кхузахь чано, стоьмаш бууш, «той» дина хиллера.

Кхузарчу хьуьнан охIла ша йолу дела, кхера а ца кхоьруш, шена ма-луъу дезарш динера чано кху ирзехь. Цуьнан Iаьнна ша дIайижале йарста дезара.

Иштта оцу балхе, кхин цец а ца вуьйлуш, хьежа а хьежна, гено лаха чохь Ваштар-хи долчухьа Нежнийн ирзехьа чу волавелира Ацин Халид. Басах чу а воьссина, ирзу йистехь боллучу къеначу боккхачу ножа кIел садаIа хиира иза. Къеггина кхетта малх а болуш, сирла гуьйренан де дара. Iаламах сакъералуш, декъа чIийш а гулдина, цIе латийра Халида. Де делкъе даьллера, къеначу таллархочунна хIума а кхоллуш садаIа дагадеанера. ГIеххьа цIе кхарста йоьлча, ша хьалхе дуьйна ножан генах хьала оьллина болу йай схьа а эцна, ирзонна дехьа йистерчу шовдан тIе хи дан ваха дIаволавелира иза. Шуьйра, баьржина бухь болчу ножан кIелхьара гIашший, латтий кегийна дара. Кхузахь неяшаш дууш хьуьнан хьакхарчий йаьжнера.

Воккхачу стагана тамаша хеташ дацара и сурт, дуьххьара гуш цахиларна. Жимма дIанехьа хIара ваьлча, гуш къеначу хьакхарчийн а, херсийн а, лунийн а хи мала шовдан тIе ихна лераш йара. Шовданна гонахара латта тIуьна хиларна бергийн лераш дика къаьстара. Акхачу дийнатийн хи молу меттиг йара хIара.

Хьакхарчийн, лунийн бергийн ларашна йуккъехь кхечу экханан лар гира таллархочун сирлачу бIаьргашна. «ХIара гIуллакх лаа-м хьаха дац», – аьлла, карара йай шовдан йистехь а битина, чехкка йуха а веана, ножан диттаца хьалахIоттийна лаьтташ йолу шалгу топ схьа а эцна, кагйеш, цу чу ши

патарма а буьллуш, йуха сихонца шовданехьа веара Халид. Жимма шовданера дIанехьа ваьлча, ши экха тасаделла меттиг йара. Къеначу таллархочунна хиира и хьалха шена гина лар йолчу экхано кхузахь цхьа ймартло йинийла. И кхунна гина лар кIедачу, тIехь мIараш йолчу коган йара. Халидана хаьара хIокху хьаннашца йамартчу экханех борз а, чангIалкх а, хьуьнан уггаре доккха цициг – цIокъ а хуьлийла. Дикка тидам бича, йевзира воккхачу стагна лар: иза цIоькъан йара.

Дехьо, элхьамчийн коьллаш йолчухьа ваьлча, таллархочунна цIийн тача а, гена йоццуш Iоххуш цхьана дийнатан йаьжна даьIаххаш а, йохош этIийна цIока а гира. Дикка хьаьжча, къаьсташ дIайайна йовлаза цIокана тIехь гуш йохаллехь, мохарчий йара. Шеко йацара йамартчу экхано йийнарг кхушарахьлера херси хилар. ЦIокъ ша дуззалц жижиг диина, сахила гергадахача, цхьанхьа дижа дIадаханера. И гIуллакх цо буса динера, хьакхарчий хи мала йогIучу хенахь, кIело а йина. Кхано де серладаьлча, цIий даьккхинчу метте олхазарш гулдделлера, йоьжна йисина хIума йелахь, и йаа.

Уггаре хьалха орца даьккхинарш йара чIегIагаш. Цул тIаьхьа олхазарийн тоба стамйелира. Схьахьаьлхира къийгаш, маккхалш, кхуза кхаьчнера цхьогал а. Цунах къаьхкина олхазарш, дIасадевлла, диттийн баххьашка хевшира. Таллархо вогIуш тосаделла мекарниг а дедира.

Хьакхин жижиг диъна, дуьзна долу цIокъ цхьанхьа дижина садоIуш хир дуйла хаьара къеначу таллархочунна. ЦIоькъан лар лаьцна Ваштар-хин бер-

дашца хьалаволавелира Халид. Дукха хан йалале иза нисвелира цхьана къеначу кхура кIел. Кхузахь лар йайра. Таллархочунна хиира цIокъ кхуран буьххьерчу стаммийчу генашца цхьана кхечу экхано кхерийна тIедаьллий- ла. Барзах йа чанах кхераделла хила тарлора иза. Дикка шен сирлачу бIаьргашца тидам бинчу иччархочун бIаьрг кхийтира экханах. Кхуран гIодан йуккъехь дукха лахахь а доцуш доллучу шалгочу стоммачу га тIехь лаьтташ хиллера иза. Га шалгу долучу йуккъехь бара цуьнан шуьйра йуьхь а, беснеш тIехь маж а, гIеххьа даккхийра лергаш а долу корта. Хьалхара ши ког шалгочу шина гена тIехь бара, тIехьара шиъ – генан буха тIехь.

ХIинца цIокъ дижина а йа набйеш а дацара. Цунна таллархо тосавеллера – и сема дара. Цуьнан ши бIаьрг, кIега санна, богуш, нийсса таллархочунна тIехьоьжущ бара, ши лерг догIаделла дара, иза ца тIекхета, йа дIаэккха бина кечам бара йамартчу экханан. ЗIакарш йуха а оьзна, йуьйлина топ хьажийра цIоькъана Халида, бIаьргаца Iалашо а лоцуш. Топ йелира, экха кхура тIера, кхосса а луш, чудеара. Лаьттахь жимма когаш а хьаькхна, дIатийра иза.

Делла цIокъ ша латийна цIе йолчу ножа кIел дIа а даьхьна, шен топ хьалха хиллачу дIа а хIоттийна, шовдане йухавеара Халид, чай кхехко шена хи иэца. Йай бахьаш схьа а веана, цIарна дехьий, сехьий ши гажолаг а боьгIна, пурх тIехула йиллинчу гIож тIе а оьллина, цу кIел цIе а латийна йай кхехккашехь, цIоькъана тIера цIока йаккха кечам бира Халида. ТIаьхьарчу когех тIийриг а тесна, ножан генах Iункар ирах а оьллина, цIока йаккха хIоьттира таллар-

хо. ТIехьарчу когашний, йуханий шо а дина, цхьанхьара а хада ца йеш, горга охьайаькххира иза хIара тайпа гIуллакхаш дукха дина волчу Халида. Тоьпан хIоъ нийсса бIаьрга кхеттера экхана – иччархочо цIока ца талхо тоьхнера иза иштта.

ЦIока хьарчийна тIоьрмиг чу а йиллина, шен цIера хьалха охьахиира къена Халид. Щергахь кхозу йай, шен «цIузз» а деш, кIеж йаккха гIерташ бара. Йайн эшаре ла а доьгIуш Iачу таллархочунна чIегIагийн, маккхалийн маьхьарш дара хезаш. Тохара тоьпан гIовгIано къаххийна и олхазарш йуха тIегуллуш дара, цIоькъо йууш йисинчу хьакхийн херсийн даьIахкаш йажа. КIеж туьйсуш, йай кхехка болабелира.

Ножан хари чуьра тохара хьалхе ша дIабиллина каддий, шекаррий схьаэцна, довха чай а мелла, дика са а даьIна, йай чохь дисина хи а тухуш, цIе дIа а йайина, шен топ белшах а тесна, цIоькъан цIока чохь йолу тIоьрмиг ги а биллина, цIехьа ваха дагахь Ваштар-хи чу буссучу новкъа велира къена таллархо. Маситта Iин хадош некъ бан безара цуьнан. Де суьйренгахьа а лестинера. Орган чухула хьала догIуш долу гуьйренан дохк хIинца Ваштаран бердашца дуьжуш лаьттара.

Дукха хан йалале, говр йоьжначу варданца цIехьа вогIуш волу хьуьнхо Iабдул-Хьамид кхиира цунна тIаьхьа. Воккхачу стаге салам-маршалла хаьттина, цуьнан суьйра дика йина:

– Варданна тIе хаа, – элира цо.

Шен кIадвелла волчу воккхачу стага, дукха резахилла, дира цо бохург.

Варданан цIа чу йиллинчу кIедачу алах дукха хаза хьожа йетталора, хиъна Iен цу тIехь аьтто болуш дара. Цхьацца хабарш дуьйцуш и шиъ, муха кхочу а ца хууш, Халид вехачу кIотара кхечира.

Кхоччуш дижинчу дуькъачу дахкаро Ваштархин берда йистехь йолу кIотар къайлайаькхинера. Кхеран а, ворданан а гIовгIа хезна летачу жIаьлеша хаийтира кIотар кхузахь йуйла.

Халидана лаарна а, бода булуш а боллу дела а, Iабдул-Хьамида ворда Халид вехачу хIусамехьа йахийтира, кхузахь буьйса йаккха дагахь. ХIорш уьйтIа кхаьчча, шайн да вевзина жIаьлеш, шаьш латарна бехкала дахча санна, дIатийра.

Шен комаьрша хиларца а, дика стаг хиларца а цIе йахана йолу Халидан зуда, йоккха стаг СегIа дуьхьал йелира цу шинна.

ХIокху шиммо говр дIахецна паргIат а йаькхина, буьйсанна хIоъ белла, докъар а диллина, и дIаIалашйира. Цул тIаьхьа хIусаме чу а вахана, шаьшшинан йуьхь-куьг дилина, паргIат велира.

Чохь йогуш аьчкан пеш йара, тIехь лаьтташ кхехкаш боккха чайнан йай а болуш. Дечиган маьнги тIехь дIатаьIна Iачу шина стагна хьалха довхачу чIепалгийн богий, кхийра кедахь лалийна хьелийн даьттий хIоттийра хIусамнанас. Латийна богучу мехкадаьтта дуттучу стогаран серлонгахь гIеххьа мацвеллачу шина стага чомехь хеташ диира чIепалгаш, тIе шура тоьхна Iаж-дарбецан чай а молуш. ДегIана там хуьлуш, кIадйелла меженаш метта йалош, йовхо йара цу хьуьна йистехь динчу оти чохь.

Щеххьана Халида элира:

– Зуда, схьайал и сан тIоьрмиг чуьра цIока.

СегIас тIоьрмиг схьабеара. ЦIока схьайаькхина, маьнги кIелхьара схьаэцначу IаддаргIина, коч санна, тIейуьйхира цIоькъан цIока Халида, дика нис а йеш, массо а метте йовхо а кхочуш иза йакъайалийта.

Iабдул-Хьамида тамаша беш хаьттира:

– Халид! И хIун экха ду ахьа тахана дийнарг?

– ЦIокъ ду, – жоп делира къеначу таллархочо.

– ЦIокъ дуьйцуш-м хезнера суна, делахь а гина дацара, со толлуш ца лела дела.

– ЦIокъ, – элира Халида, – иза цицигийн тайпана хьуьнан экха ду, буто долуш санна, онда дегI а долуш. Цуьнан дегIан дохалла метрал сов хила тарло, терзанан барам – гIеххьа болчу уьстагIан санна, ткъа килане кхаччалц. ЦIока, буькъа, кIеда, месала чо болуш йу. Цуьнан лергаш буьххьехь – хьажал хьо – Iаьржа бос а, деха чоьш а хуьлу. ЦIоькъан дегIе хьаьжча, цуьнан ондий йеха настарш йу, лаьтта ловзуш болу когаш шуьйра а, тIехь мIараш йолуш а хуьлу. Бос мерцича санна, хьаьрса йа мокха хуьлу и, тIехь тIедарчий а долуш. ЦIога стомма а, доца а ду. Иза деха йуькъачу къеначу хьаннийн хотешкахь. Къаьсттина цIоькъана дукхайеза ширйелла моан хьун.

ЦIокъ – буьйсанан экха ду. Дийнахь шен хIусамехь садоIуш йоккху цо хан. Цуьнан бен адамна тIекхача хала долчохь, мохо охьайиттинчу дечигийн орамашна кIелахь, кIоргачу ор чохь а, йа ширделлачу, чохь дIама йаьхначу Iуьргахь хуьлу. Буьйсанна цIокъ арадолу, шена ижу лаха. Цуьнан болар тийна,

меллаша, шах-тата доцуш, паргIат хуьлу.

Адамашлахь дуьйцуш хабарш хуьлу, цIокъ лакхара дечига тIера тIекхета бохуш. И бакъ дац. Дитташ тIе а и дала-м долу, вуно атта а долуш. Иза а цо шена цхьа кхерам хилча бен ца до. Аса топ тухучу хенахь цIокъ кхура тIе даьллера, хетарехь, чанах йа барзах кхераделла. Ижуна буса арадаьлча, цо некъ бо итт - пхийтта километре кхаччалц, делахь а дехаш-Iаш долчу кIоштара ара кIезиг долу иза. Толлучу хенахь цIоькъана дукха йезаш йу ирзошна а, уьшалшна а, аренашна а тIе йоьлху хьаннаш. Оцу меттигашкахь хуьлу цунна кхачина дезаш долу дийнаташ: пхьагалш, дехкийн тайпана кегий дийнаташ. Шен аьтто баьлча, лоьцу тарсалш, кегий хьуьнан олхазарш, акха котамаш, лунаш, хьуьнан хьакхарчий а. Наггахь кIотаршкахь бехачу нехан цIерачу хьайбанашна тIелеташ меттиг хаало, стохка сан эса а дийра цIоькъо. Чов хилла долу цIокъ адамана а кхераме ду хьуна, Iабдул-Хьамид.

Iаьнан чиллахь цхьанакхетий лела стен, боьршан ши цIокъ. Кхано, бIаьсте чекхйолуш Iаламехь йовхо хIоьттича, аьхкенан хьалхарчу деношкахь стечу цIоькъо шиъ-йиъ кIорни йо. КIорнеш сихха кхуьу, ши-кхо бутт баьлча, йекхачуьра дIа а йовлий, жижиган кхачане йоьрзу. Щоькъан доьзал вовшах ца болуш Iаьн тIехь цхьана а лелий, йуха бIаьстенан йуьххьехь дIаса а къаьстий, шайна амал йеш лела, – чекхдаьккхира шен къамел къеначу таллархочо Ацин Халида.

АКХА ЦИЦИГ

Иза дара БIаьн-дукъахь. Кхузахь хьун хьокхуш, белхаш беш бара. Охьадетташ дара къанделла инзаре даккхий а, стомма а, лекха а пепнаш. Цхьа бIе ах бIе – ши бIе шо церан хир дара хIораннан. ТIоьхула хаза йелахь а, цаьрца дукха нислора телхинарш а. Хара йолу а, дог дехка долуш а нислора.

Дечигаш охьайетташ лелаш волу херханча Мусин Хьамид цхьана лекхачу попана тIе вахара. «ХIара охьа а йожийна, делкъанна садоIур ду вай», – шен накъосте а аьлла, попана херх хьакха хIоьттира Хьамид. Кхуьнан накъост вара даима мукъачу хенахь толлуш лелаш волу Дауд.

Дечиган гIодайуккъе баьлча, Хьамида, херх цкъа схьа а баьккхина, йуха биъ пIелг биллал йукъ йуьтуш, хьалха хьаькхначул лакхахула, дечиган даг тIе кхаччалц дIахьаькхира. Дечигна дагарца кеп йаккха бина кечам бара иза.

Дауда дагарца цкъа лакхара охьа диг тоьхна, киртиг а йаьккхина, йуха бIостанехьа диг тоьхна, попан гIода йуккъера пот схьаэккхийтира. Иза сискалах тера йара. Цул тIаьхьа Хьамида, вукху агIор а ваьлла, йаьккхинчу кепана дуьхьал херх хьаькхира и йуккъе а балале. Поп охьабуьйжира, йоккха гIовгIа а йоккхуш, йуххера кегий дечигаш а кегдеш.

Поп охьабоьжна баларца, мичара дели ца хууш, цхьа дийнат попан кIелхьара схьа а иккхина, хьуьнхула дIахьаьдира. Хьамид цецваьлла хьоьжура.

– Цициг ду, – элира Дауда.

– Кхузахь хIун деш хир дара цициг? – аьлла велакъежира Хьамид.

Ши накъост делкъана хIума кхалла гена йоцуш йогучу цIера улле вахара.

ХIара шиъ хIума йууш Iаш, Дауда элира:

– Хьамид! И вайшинна гинарг акха цициг дара?

И дехаш хилла охьатоьхначу попан хари чохь. И акха дийнат хIилланчех ду. ТIехьаьжча вайн цIерачу цицигах тера делахь а, цунах дикка къаьсташ ду и хьуьнан акха цициг. ДегIана иза гIеххьа цIерачул доккха ду. Букъа тIерий, агIонашкарий чоьш таьIна-мокха-сируо, можа бос кхеташ ду. Гай тIера кIай-сирачу басахь хуьлу. Коьрта тIеххьий, вортан тIеххьий йохалла йоьдуш йиъ моха а, агIонаш тIеххьий, букъа тIеххьий бархI-шийтта пурханехьа моханаш а хуьлу оцу хазачу дийнатан.

Акхачу цициган дахар хин бердашца йолучу хьаннашца ду. Цунна дукхайеза адам кIезиг кхочу поппан хьаннийн йуькъа хотеш. Наггахь коьллашлахь дехаш а хаало акха цициг. Дитташ тIе иза атта долу, майра лела.

И дийнат хаало Шаройн-Органан, Ваштаран, ЧIаьнт-Органан а бердашца йолчу хьуьнца, кхечу меттигашкахь.

Дийнахь акха цициг къеначу дечиган хари чохь дуьжий хуьлу, талла буса ара а долуш. Цуьнан хIусам хила тарло мохо бухйаьккхинчу дечиган ораманна кIелахь а, даккхийчу тIулгашна йуккъехь а.

Iаьнан чиллахь вовшах а кхетий, стечой, боьршачой цхьаьна бутт сов хан дIахьо. Цул тIаьхьа бIаьсте чекхйолуш цхьанхьа хари чохь йа кхечу ша дехачу меттехь стечу цициго кхоъ-йалх кIорни йо. Дуьненчу йевлла цициган кIорнеш бIаьргаш белла-

за хуьлу. Цхьа кIира даьлча бIаьргаш схьа а боьллий, ловза а ловзуш, лела уьш. Церан кхиар сихха хуьлу. Ши-кхо бутт баьлча, даккхийчу цицигашка дIагIоьртташ дегI а доккхий, жижиган кхача а бууш хуьлу цициган кIорнеш.

Акхачу цицигаша хьуьнна пайда бо дехкийн тайпанах долу кегий дийнаташ дууш. Делахь а, оццу цицигаша пайде олхазарш, къона пхьагалш а лоьцу. Наггахь цара сен, лунан кIорнеш лоьцуш меттигаш а нисло.

Акха цицигаш дукха дац хьаннашкахь. Цуьнан цIока мехала а йац. Иза Iаламан хазаллин дийнат ду. Цхьаммо а хIаллакдан мегар дац хьуьнан акха цициг.

БУЛА

Нохчийн иллешкахь, дийцаршкахь, туьйранехь хьахош шуна хезна хир ду, бераш, була боху дийнат. Дуккха а адамашна ца хууш хила тарло була хIун йу.

Була! Иза уггаре даккхийчех хьуьнан экха ду. Иллешкахь а, дийцаршкахь а дуьйцуш хир дацара иза вайн махкахь, вайн хьаннашца цхьана заманахь ца хиллехь. Ши-кхо бIе шо хьалха оцу доккхачу дийнатан хIу дайра вайн лаьмнашкара. И экха хIаллакьхиларан бахьана дара цуьнан жижиггий, цIокий. Жижиггий, цIокарчий йахаран дуьхьа адамаша цхьа а тIалам боцуш хIаллакдеш, дуьнен чуьра а дIадала гергга дIадигира и хьайба. ХIинца дукха баккхий Iилманан белхаш бу вайн махкахь беш и хьайбанаш деборна тIехьажийна.

– Була – хьаннийн дийнат, бергаш йолчу дийнатийн тайпана, нох доккху хьайба ду. И дийнаташ чохь доцу хьун йеса хетало. Уьш, адамаша шайна тIехь Іуналла деш, паргIатехь, хьуьн чохь дехаш акха хьайбанаш ду. Церан лелар тобанашца ду, исситт бежана цхьана а йолуш. Вайн хьаннийн акхаройх иза уггаре дегIана йоккха а, зоьртала йу. Цуьнан терзанан барам цхьа эзар ши бIе килане кхочуш хуьлу.

БIаьсте чекхйолуш булийн атто эса до, наггахь шиъ деш меттиг хуьлу. Барзах а, кхийолчу йамартчу экханах а була кхоьруш йац. Цунна тIехь буькъа тIаргIа а болуш, ондда стомма ворта а, чIогIа неI а хуьлу.

Вайн республикан ламанан хьаннашкахь буланаш, ткъех шо хьалха йалийна, дIахецна йу. ХIетахь уьш исс бен йацара, ткъа хIинца ткъей итт сов йу.

ТIехьаьжча була буьрса экха делахь а, иза адамашна зуламе дац. Шен эсана цхьа кхерам бу аьлла, меттиг хилча, атто дуьхьало-м йийр йу хьанна а, шена дуьхьал ннсйелла хIума цо хьаьшна дIайоккхур йу.

Буланаш дебийтар а, Іалашйар а декхар ду массеран. Иза хууш, хьуьнан белхахоша церан дола до. Іай уьш меца ца лелийта хьалххе докъаран литтанаш дIахIиттадо, царна тIе мотт хьекха туьхан гIорзанаш охьайохку.

ТIехьаьжча зоьртала а, партал а йолу була боларна маса а, йадар чехка долуш а йу.

Була ЦIечу книги тIе дIайазйина а йу, и ларйархьама. Несаран а, Итон-Кхаьллан а лаьмнашца то-

садала там бу и экха. Адамах и ца къаьхка, ша Іалашдо дела.

ШИЙЛА ІУЬЙРЕ

Шаройн-Органна тиллинчу тІай йуххьехь лаьттара балха баха бевлла хьуьнан белхалой.

Аьчкан бІогІамашна тІехь кхозучу лакхара ток йолчу серашна тІехь кІац йара массо а меттехь.

Органан шоралла тІехула долчу сераш тІехь кІац йацара. Оцу тІехь кІац йоцчу метте сера тІе йеана чІегІаг хиира. Жимма цу тІехь а Іийна, йуха хьала а гІаьттина, газа санна, «Іоьхуш» дІайахара иза.

Амма дукха хан йалале, шеца кхо-йиъ чІегІаг а йолуш, йухайеара. ЧІегІагаш моггІара охьахевшинера малхбалехьа йирзина. Цнгахь гуш йара цІен серло. Хеталора лома тІехьа латийна йогуш цІе йу аьлла. Иза шийлачу Іуьйрено цІийбина схьакхета гІерта малх бара.

Йуха а йахара чІегІаг шен «маьхьарца» цхьана агІорхьа дІа. Басешкахь йолчу коьллаш йуккъехь хезаш дара цуьнан «къа-къа-къа» бохуш аз. Дукха хан йалале Органна тІоьхула долчу оцу сераш тІе схьагулделира тайп-тайпана олхазарш: кхокхарчий, къийгаш, сира маккхалш, Іаьржа шоршалш, мокха хьозарчий. Цара дІалаьцнера серийн кхо га. Массо а олхазар дусаделла буьрканан суьртехь горгделлера. Иза Іуьйре шийла хиларна дара.

Олхазарш дІатарделла довллушехь орцал тІехьара маьлхан цхьа дакъа гучуделира. Массо а ол-

хазар малхехьа дирзина Іара. Бол-болуш малх гучу-белира, дуьнен чу шен серло йаржош, Іалам мал а деш. Дитташ тІера а, сераш тІера а кІац охьайожа йолайелира. Малх гІеххьа хьалабаьлча, олхазарш а шайн дийнан белхашка дІасадахара, цхьацца-шиш-ша доьдуш. «Маьхьарий» а хьоькхуш, чІегІагаш а дІайахара шайн гІуллакхе. Серашна тІе олхазарш гулдаларан ша бахьана дара.

Буьйса а, Іуьйре а шийла хилча Органан хи хІа-ваал мела дара, цу тІера Іаь йара гІуьттуш. Оцу Іаь-наро Органна тІехула долу хІаваъ малдора, серашна тІехь кІац ца соцура. «Хьекъал» долуш йолчу чІе-гІагашна иза хаа а хиъна, цара даькхинера и орца.



ІАЬНАН ЦХЬА ДЕ

...Гуьйранна доладелла ло суьйренга делира. ГІайба санна, кІеда охьадиллира иза. Даккхийчу чимашца ло догІуш чІогІа хаза а, тийна а дара де. Хеталуш дара хьуьн чохь долчу акхароша, олхазарша хІун дийр ду-техьа, аьлла.

Суьйранна ло дуьллучуьра сецира. Буьйса йуккъе йахча, йекха а йекхна, стигалара массо а седа охьабан боллуш санна, къегина дІахІоьттира. Буьйса шийла йеанера. Сай-бодий къаьстачу хенахь хьалагІаьттина со, говрахь новкъа велира. Сан некъ бу Шаройн Органца хьала, иза Нуй ломана, БІаьн-Дукъан бердашкара арадолучу кхаччалц. Ор-

ганан тогIийн бердашца лаьтташ йолчу хьуьн чу хьажа веза, цигахь буса хилларг хIун ду хаархьама. Амма воьдучу хьо дIакхачале хьуна новкъахь дукхха а хIуманаш гур ду, тидам беш хилахь.

Iуьйре. Дохк. ХIумма а гур дуй-техьа, олий хетало. Амма дохк новкъа дац. Дохк хилча, шело кIеда хуьлу. Лай тIехь дерг гуш хуьлу, куьзган чохь санна. Йуьртана гена валале хьо кхочу хьаьмцийн, элхьаьмчийн коьллаш йуккъе. Кхузахь декаш хеза олхазарш. Говрахь вогIу стаг гича, уьш къаьхкина гена а ца довлуш, коьллаш кIел а, тIе а охьаховшу. Цунах цецвала тарло хьуьнан къайле ца хууш верг. ХIорш ду вайн махкахь Iа доккхуш долу олхазарш. Шоршалш йу церан цIе. Тидам бича, коьллаш кIелахь гуш дара хьаьмцийн а, элхьаьмчийн а легнаш, чкъоьрнаш. Хьуьн чуьрчу олхазарша «той» динера кхузахь.

Шайчу лай тIехь гуш йара, тIадамаш диттича санна, кегийчу когийн лар. Кхузахула хIун экха дахана-техьа, олий хьо цец а волуш, хьожу. И лар талла дезаш хуьлу, цуьнан къайле хаархьама. Лар схьайаьлла гуш йу цхьана ширйеллачу кхуран гоьрга кIелхьара. ЭхI! ХIара-м хьаха йу дингадан лар. Иза тамашийна экха ду. ДегI дуткъа, деха, жима ду. Цуьнан даар ду кегий дехкий а, наггахь олхазарш а.

Иза Iай ло санна кIайн хуьлу, наггахь цIоганан йуьхьиг Iаьржа а йолуш. Оцу гоьрга кIелхьара схьайаьлла, шена ижу лаха арайаьллера иза. Хеталуш дара хIокху доккхачу лайлахь хIун карор йара цунна, аьлла. Дингадо, шен дегI, гIад санна, дуьйлина, сатта а дина, цкъа хьалха ладуьйгIира.

ТIаккха кхос-кхоссалуш, чехкачу боларца гена доцчу Iина йистехь боллучу къеначу хьаьмцан йуьхкан орамашна чу йахара.

Лар йухайеанчухула гуш кегий цIийн тIадамаш дара. Дингад йуха шен бена йирзинера. Iаьнан йехачу буса мацйеллачу дингадо йохийнера хьаьмцийн диттан орамашна кIел дехаш долчу дехкийн хIусам. Масех дахка бен а бийна, шена суьйранна баа цхьаъ багахь схьабохьуш шен хIусаме йухайирзинера дингад. Иштта йехаш йара цу коьллашна йуккъехь хьуьнан акхарой. Дингадан лар тергалйинчул тIаьхьа Шаройн-Органан тогIи чу воьссира со. Турпална (сан говран цIе йара иза) хи малош сецна лаьтташ, аса тидам бира сирлачу хин бухахула дIасауьдучу чIерийн. Уьш хIун чIерий ду аьлла хеталур дара Шаройн-Орга ца девзачунна. ХIокху Орган чохь хуьлу бакъ-чIарий, мекхаш-чIарий, чабакх-чIарий. Iаьн тIехь кху хи чохь уьш наггахь бен ца хуьлу. Бакъду, бакъ-чIерий дукха хуьлу.

Говр хи мелла йаьлча, со сайн новкъа дIавоьду. Амма гена валале сан тидам хуьлу хи йуккъехь болчу тIулга тIехь Iачу цхьана хьозанан. Бакъду, мегарг тидам хилла балале, и олхазар ган а гуш, хи чу а эккхий, тIап-олий дов. ГIеххьа хан йолу Органан айми чу хьоьжуш со лаьтташ, делла а иза гучудер дац-техьа, бохуш. Амма олхазар лийр дац. Цуьнан дахар хица доьзна ду. Цхьа хан йаьлча, ткъа метр генахь хи чуьра хьала а даьлла, йистехь Iуьллучу гоьрга тIе а хиъна, шен месаш а, пелагаш а кего делира олхазар. Схьахетарехь, ша куьце далош дара иза.

Оцу хин олхазарх оьрсаша оляпка олу. Бердашца дехаш долу иза хи бухахула генна доьду, шена кхача лохуш. Хи чуьрчу тІулгаш тІера, бухара, шен зІакарца даьІахк йоцу садолу хІуманаш а, сесий а, нІаьний а лоьцу цо.

Кхузахь хьо лаьтташ, дохк айаделла, малх гучуболу, Іалам къагош. Цхьа тамашийна гІовгІа хеза хьуна хьайна тІоьхула, «шах-шах-шах» бохуш. Хьалахьаьжча, гуш йу бедийн тоба.

Бедаша стагах а, говрах а къаьхкина, охьа ца ховшуш, ши-кхо го баькккхира. Шайна кхерам боцийла хиъначул тІаьхьа, уьш охьахевшира цхьана гІеххьа йоккхачу айми чу. Цхьана агІор, пен санна, тІулган берд бара, ткъа хи арадолучохь – у дуьхьал тоьхна дечигийн чалх. И чалх бІаьстенан муьрехь Органо йеана йисинера. Цундела сецнера кхузахь дикка айма. Бедашна экханехьара кхерам бацара. ХІокху айми чохь буьйсанаш йаьхначух тера дара бедаша. Хи чохь бен бедийн ижу лохийла дац Іай.

Бедаш йуха а говрах къаьхкина, тІема йевлира. Церан дахарх тамаша беш вогІу со новкъа волу оцу аймина йистехула. Амма цІеххьана цецволий, соцу. ХІара хІун ду? Аймина гонах хи тІедогІучу агІор йолчу гІайри тІерачу лай тІехь гуш жІаьличух тера йолу цхьогалан лараш йу. Аймина йистерчу жимма дешна ло долчохь, дикка хьаьжча, гора цхьогалан дегІан а, цІоганан а сурт.

Садаьржачу хенахь мекарчо меттахъйаьхнера и бедаш. Буьйсанна сахиллалц уьш ларйинчух тера дара цхьогало. Амма бедаш Іовдал йацара. ТІулган пенна йуххехь ша а ца беш лаьтташ долчу хи чохь

буьйса йьккхинера цара. Цхьогалан царна тIекхочийла йацара. Бад шега ца лацайелча, мекарниг хьуьна йуккъе даханера. Кхузахь гора цхьогало ло кегийна меттигаш – лай бухахь долчу гIаш кIелхьара дехкий цо лецна хиларан билгало. Мекарниг а ца дисинера ижу йоцуш...

Турпал, цIеххьана цец а йаьлла, сецира. Дикка хьаьжча, лай тIехь гуш йара чен лараш. Iаьнна дIадижина хила дезаш долу и экха хьуьн чухула лелаш долчух тера дара. И санна йолу ча дера а, кхераме а йу.

Гена валале гуш бара гома когаш болчу экхано кегийна зингатийн барз. Шена хьуьн чохь кхин йаан хIума ца карийча, чено барз а бохийна, зингатийн хIусамаш хIаллак а йеш, уьш а, церан хIоаш а диънера. Иштта «вон а лелла», дIайаханера ча.

Де чекхдолуш доллура, Iаьнан малх анайисте охьалахбелира шен таханенна некъ чекхбаккха гергабаханера. ЦIехьа верза ойла йеш со лаьтташ, мичара дели а ца хууш, цIеххьана хьалхахула дIаэккха лу – хьуьнан и хаза экха. Цуьнан чож детталора, левсий санна, хаза бIаьргаш цеце бара. Иза а цхьана хIумано къахкийнера. Гена валале гуш дар а лу а, гIаш дIаса а кегош, баькхина кIаг (бен). Кхузахь луно буьйса йаьккхинера. Лай кIелхьара латта довха хуьлу, цундела до цо иза.

Шаройн-Орга арадолучу бердашка дIа а кхаьчна, вухаверза со кхиале, йуха а Орган чу дохк дижира. Кхин Iаржйалале аьлла, со цIехьа вирзира. Сан говр лелла йезаш йацара, ша цIа йогIуш йуйла хууш, цо болар сихдинера. ГIамара Iине кхаьчна со вогIуш,



бода булуш бара. Щеххьана хьуьн чохь зударий тийжаш санна, гIовгIа йелира, говро цIеххьана йоргIа ийцира,

Уьш чангIалкхаш йара, буьйсанна шайна ижу лаха арайовла кечлуш...

Iай хьун йеша хуучунна чIогIа самукъане книга йу.

IАЬНАН ЧИЛЛАХЬ...

Iа Iаламехь уггар шийла хан йу. Муха хуур ду, Iа доьлча?

Халкъо олуш ду: «Малх цIа кхаьчча, Iа дулу». Иза нийса ду. Де уггар дацделла хан хуьлу иза. Цул тIаьхьа догIу масех де, кхин хийца ца луш лаьтта. И денош дIадевлча, де дахдала долало. Iаьнан уггаре а шийла цхьа мур хуьлу. Цунах чилла олу. Чилла йулу Iа доьлла ткъа де даьлча. Иза шовзткъа дийнахь-бусий лаьтта...

Чиллахь, гIайба санна, тIе ло а дилина, массо а генаш лаьтта хIуттуш букардахана хуьлу дитташ, коьллаш. Iаьнан хьун, хьежа ца кIордош, исбаьхьа хаза хуьлу. ХIаваъ цIена, садеIа атта долуш.

Иштта хазачу хьуьн чу вуьйлира шайн гIуллакхана лам тIе вахана цIа вогIуш волу Iабдул-Хьамиддий, Iалманний, Жамалайлий. Iаьнан доца де чекхдолуш дара, говраш гIелйеллера. Царна басехула чуйисса хала дара, бергашна кIел ленашна йуккъе ло лацаделла, когаш шершаш хиларна.

– Кхузахь таллархоша йина оти йу, чохь буьйса йаккха а, говраш чу лахка а меттиг йолуш, вай кху

хьуьнчохь буьйса йаккха совца деза, – элира Жамалайлас.

– Мегар ду, – аьлла, накъостий буьйса йаккха севцира. Говраш паргIат а йаьхна, уьш йузийна дIа а хIиттийна, кхо накъост оти чу вахара. Чохь аьчкан пеш а, тIе охьа вижа кIедачу жIоламех дина «маьнгеш» а, чай кхехко йай а, тховх хьала оьллина кхозучу тIоьрмиг чохь сирникаш а, туьха а дара. Уьш тIун ца йалийта ирх оьхкинера тIалам болуш болчу таллархоша. НеIарехьа сонехь охьадиллина декъа дечиг дара.

Ша жимха хиларе терра, хьаьдда вахана Iин чуьра хи а деана, йай пеша тIе а хIоттийна, Iалмана цIе латийча, аьчкан пешо чоь йохйира. Йай шен «цIузз» деш кхехка болабелира. Довха чай мелла, накъостий паргIат а бевлла, хабарш дийца буьйлабелира. Пешахь, «тIах» деш, лелхаш, догура дечиг. Хеталора кху шийлачу буса хьуьн чохь садолу хIума хир йац аьлла. Амма и иштта дацара. Хьуьнан акхарой, олхазарш шайн дахарца дехаш дара...

Чиллин и шийла буйса йуккъе йаханера оти чохь буьйса йоккхуш болчарна набаран тар тийса йолалуш. Оццу хенахь хьуьн чуьра схьа цхьа аз хезира. «ХIей-хIей-э-ээ – бохуш, цхьаъ кхойкхуш санна. Цунна дуьхьала деара иштта аз. Вайн накъосташа ладуьйгIира. «Иза хьуьнан буьйсанан охIла – бухIа йу», – элира Жамалайлас.

БухIа шена ижуна гIайгIа беш йара. Попан лакха буьххьехь Iаш йолчу цунна гира бухахула кIайчу лай тIоьхула цхьа Iаьржа тIадам боьдуш санна. БухIа, шах-тата доцуш, шен тIемаш даржийна, ша

Іачуьра чунехьа йиллайелира, и Іаьржа тІадам схьалаца. Цо и схьа а лецира. БухІано лаьцнарг хьуьнан дахка бара.

Дукха хан йалале говраш, мерах шакарш йетташ, меттаххьен йуьйлира, цхьана экхано кхерийча санна. Кхаьрца цхьаьна долу Гуьйриг цІе йолу доккха жІаьла «гІагІ» дан доладелира. Хье ца луш хьуьн чуьра схьахезира «ууууу», аьлла деха аз. Иза мацалла угІуш борз йара. Араваьллачу Іабдул-Хьамида топ кхоьссира. Тоьпан гІовгІа дІайаьлча, хьуьн чохь тийна дара. Іабдул-Хьамид чу а веана, пеша дечиг а тиллина, охьавижира, сахиллалц хьуьн чохь тийна хир ду аьлла хеташ. Говраш а, Гуьйриг а дІатийра.

– Хьуьн чохь тийна, шийла йелахь а, акхароша шайн белхаш сахиллалц бийр бу, – элира Іалмана. Хьуьнан «бахархой» шайн гІуллакхаш деш бан а бара. Хьуьнан акхарой дийшина ца Іохкура.

Іуьйранна сай-бодий къастале гІаьттинчу Іалмана чай кхехкийна, шен накъостий самабехира. Довха чай молуш, кІегаш тІехь деттина жижиг-сискал а диъна, шаьш буьйса йаьккхинчу оти чу деана декъа дечиг, сирникаш охьайехкина, шайн говрашна нуьйраш а техкина, накъостий цІехьа баха новкъабевлира.

Хьуьнан хоти чохь кхос-кхоссалуш йахана цхьа лар йара. Цхьана меттехь дІай-схьай кхоссайелла йохийна а йара. Иза хІилла дара, шен лар йайархьама пхьагало дина.

Мацаллех кхоьрийла йацара цуьнан. Сахиллалц ловзуш, йежаш лийлира иза. Йежаш, цо тІера кевстигаш йиъна, чІимдина лаьтташ дара акхтаргаш.

Вукхузахьа ирзона гонах долу хьуьнан Iежийн а, кхорийн а синтарш, цергашца гIад кIайдеш, даьжнера цо. Сахуьллуш йуха а йуьзна, де йижина даккха, цхьана куллах йоьлла, дIайижинера пхьагал. Шен кIайчу цIоканца кIайчу лайлахь атта ган а ца го иза цхьогална.

Мекарниг а хьийзира буса хIайтъаьлла. Кхунна шелонах кхоьрийла йацара. Цхьогалан кетар йовха, кIеда йу. Цкъа хьалха ша ижуна арадолуш, букъ саттош, дегI дулуш, меттадалийра цо. ТIаккха муцIар ирх йерзийна, къегаш долчу седарчашка хьожуш, хIаваах хьожа а йаьккхина, сих ца луш, шен лар йохарна кхоьруш санна, хьалха ког баьккхинчу тIаьхьара ког боккхуш, хьуьн чуьра ара а даьлла, Горгачу ирзехула дIадаханера иза. Ткъа кхузахь масийттанхьа дина лаьтташ элан литтанаш дара.

Кхузахь дуккха а меттигаш йара цхьогало, ло кегош, аьхкина. Иза лаа дацара. Шен ла а дугIуш, догIучу цуьнан семачу лергашна лай бухахь дехкийн гIовгIа хезира. Мекарчо сихонца ло аьхкина, даххка схьа а лаьцна, биънера. И гIуллакх цо маситтаза а динера. ТIаьххьара, ша дуза гергадахча, лаьцна дахка ловза а бина, шена кIорднйча, и дIакхаьллина, садаIа къайладаьллера и хIилланча. Иза Iуьллур ду цхьанхьа Iуьргахь йа такхорах доьлла...

ОЛХАЗАРИЙН БУЬЙСА

Чилланан хIокху шелехь муха мега-техьа олхазарш? Царна шелонах кхерам бац. Кхераменига

мацалла йу. Акха котамаш, мошанаш, маккхалаш, къийгаш, хенакIураш, кхидолу кегийра олхазарш а Iадаккха довхачу мехкашка дIа ца доьлхуш Iа.

Iаьнан шийла йеха буьйса тайп-тайпана йоккху олхазарша. Дукха хьолахь цара шайна буьйса йаккха ирзош, царна гондахьара хьун билгалйо. Маккхалший, къийгаший цхьанхьа а гуллой, тобанаш а йой, диттийн генаш тIе а ховший, вовшашна тIеттIа а таьIна, шайн месаш самса а йохий, дегIан йовхо а Iалашйеш, сахуьланга йовлу. Кегийчу олхазарша буьйса харанаш чохь а, хенакIуьран бен чохь а цхьаьна а гуллой, йоккху.

Харанаш чохь и кегий олхазарш мацалла делла метти¬гаш тосалуш хуьлу.

Деха цIога долчу хIуьрцIилдиго буьйса базана буьххьехь, шен зIок тIома кIел йуллий, йоккху. Мокха хьозий, маьлха хьозий, сийна хьозий буьйса йаккха дIаховшу гIодамийн такхорийн баххьаш йуккъе, цIенойн тхов чу, туьнкалгашна гондахьа а, корийн гураш тIехьа а.

Хьуьнан котамийн тайпана долчу олхазарша, вирамерIуьргаша буьйса лай бухахь йоккху. Сарахь ло семса долчу хенахь уьш, дитташ тIера чу а кхиссалуш, лай буха йоьлху. Iуьйранна цара буьйса йаькккхина меттиг къаьсташ хуьлу, лай тIехь гуш олхазарша буха доьлхуш даьхначу Iуьргашца.

Оцу олхазарша буьйса йоккхучу меттехь акхачу котамашна тебаш берзалой, цхьогалш, акха цицигаш хаало. Лай кIел буьйса йаккха хевшина олхазарш, наггахь буьйса малйелча, Iуьйранна шело йогIий, лай тIехула айра санна, ша лоций, хьаладовла

ницкъ ца тоьуш, хІаллакъхуьлуш меттиг нисло. Оцу буьйса йаккхарах олхазарийн йоккхачу тобанна каш хуьлу.

Буьйса Іаламехь кхин хийцам боцуш чекхйаьлча, шайн зІакаршца кортошца семса ло доха а деш, Іуьйранна хьаладовлий, Іаьнан и доца де цара шайна рицкъа лохуш доккху. Цара йуу декхнаш, бІаьллангаш, меънаш тІера чІенигаш.

Буьйсанна дІатийна и олхазарш лардеш санна, йижаза а, сема а хуьлу хуьнан гІаролхо – бухІа. Сахиллалц шена кхача лоьхуш лелий, де серладала доьлча, цхьанхьа хари чу а йулий, дийнахь наб йеш Іа иза.

Ткъа кхидолчу олхазарша шайна йаахІума дийнахь лоху.

Іаьнан де деха ца хуьлу. Шаьш йаьккхинчу шийлачу буьйсанна бала балхош санна, Іуьйранна сай-бодий къаьстачу хенахь шайн шабар-шибарш деш дІасадовлу уьш. Маккхалшший, къийгашший, чІегІагашший, сийна хьозанашший, лайхьозанашший адамаш дехачу кІотаршна, йарташна гергахьа доьлху. Йартийн урамашкахь, адамех къахка а ца къаьхкаш, лела тайп-тайпана олхазарш. Царна цигахь йаахІума хуьлу.

Цхьа хаза кегий олхазарш тІелетта дохку тохара гурахь мангалхоша хеда ца деш дитинчу лекхачу баьІийн кортошна. Церан зІакаран цІен, лерган йаххаш кІайн-сийна бос болуш, туьтана тІера Іаьржа, букъ можа-мокха, тІемаш можа-кІайн-Іаьржа бос болуш, Іаьржа-мокха-сийна сизаш дІахалла догІуш цІога долуш дара. Царах чІевнаш олу.

Оцу баьIийн хIуш дууш дузура и хаза олхазарш. Цара шайна а, мангалхошна а беш берг пайда бара. Мангалан хенахь новкъа хуьлуш долу и баьIаш дебар лахло хIуш диъча...

ХЬУЬНАН ДИЙНАТАШ IАЙ

Акхароша а шайн амалехь токху Iаьнан шело – чилла. Чано, дIамо, зуьно, шело хIун йу ца хууш, йоккхура хан-зама. Уьш гурахь лаьттан кIоргенехь йолчу шайн хIусамашкахь, чIоггIа наб кхетта, дIайийшинера. Церан самайовлар хир ду бIаьстенан йуьххьехь.

Хьакхарчий хаалора хьуьн чохь. Цара латта охкуш, цхьацца орамаш дуура, хьуьн чуьра гIаш кегош, гурахь охьаэгна дисина попан хIуш, нежнаш дуура. Акха гезарий, лунаш, къоначу хьуьнан синтарийн баххьаш дууш, мацаллех хьалхадовлура.

Тарсалш генаш тIера генаш тIе кхийсалуш, новкъа говрашна тIаьхьа хIоьттина догIучу жIаьле хьуьйсуш, ловзуш йара. Церан ловзийла а йара, шаьш меца цахиларна. Оцу кегийчу дийнаташа шен хенахь, тохара гурахь гулдина бIараш а, жIаьлин нускалш дакъош дIа Iалашдинера...

ШАРОЙН-ОРГАНЦА БОГIУ НЕКЪ

Хьуьн чухула басах охьаболу некъ чекхбаьлла, ГIамар-бердехула Органа гIайри тIе чубиссира хьуьнан гIуллакххой. Де шийла хиларна хи тIера Iаь йара гIуьттуш.

Говрана хи мало дIанехьа ваьллачу Iабдул-Хьамида мохь туьйхира: «Жамалайл! Схьадуьйлийша кхуза», – аьлла. Iалманний, Жамалайлий тIевахара. ТIехула бина ша а болуш, гIеххьа йолу айма йара гуш. Кхоь а накъост тIеваьлча а, каглуш бацара ша. Чекх са а гуш, сирла бара иза бухахь, гIийла меттаххьеш гуш чIерий а долуш. ХIокху аймина тIедогIуш хи цахиларна, ша а бина, кIелахь дисинера и чIерий. Уьш мекхаш чIерий, бакъ-чIерий дара.

«ХIокху тIе догIу хи хIара дечиг такхийначо сацийна», – элира Iалмана. Айми чу догIуш долу татол чухула пурх, жагIа дIаса тоссуш харш доккхуш, цхьаммо говраца хен такхийнера, ткъа айми чу оьхуш хилла хи, оцу хорша дирзина, дIаоьхуш дара. Iабдул-Хьамида, диг диттина ша боха а беш, Iуьргаш дехира шах. ХIетталц тийна Iаш хилла чIерий, цхьацца-шишша болуш, меттахдуьйлуш, ша бохийначу бертехьа гIертара, садаIа хIаваъ дезара царна.

Жамалайлас дагарца цхьа хьокха а баькккхина, харцахьа дирзина и хин татол йуха айми чу дерзийра чIерйн тутмакхал-ла дIадаккхархьама. Цхьана йуьххьехула чу а догIуш, лахахула хи арадолуш хилча, тIоьхула мел стомма ша хилча а, чIерашна кхерам бацара. «Шах-шах», аьлла тIехула хIаваэхь цхьа гIовгIа хезира. Хьалахьаьжначу кхаа накъостана бедаш гира. Уьш дIанехьа лекхачу берда йуххьехь йолчу йоккхачу айми чу хевшира. Гонаха Iуьллуш кIоргга ло делахь а, бедаша цуьнан башха терго ца йора. Уьш хин буха оьхуш сесий а дууш, тIемаш детташ хи чохь ловзуш йара.

Цара муха йаьккхира буьйса? Башха хала а ца йаьккхира. Цхьана агIорхьа лекха тIулгийн берд а

болуш, вукханхьа гIеххьа меллаша доьдуш кIоргга доккха хи а долуш, хьуьн чуьра арадолуш долу шовданан хи шех схьакхеташ йара и йоккха айма. Цундела хи тIехь бина ша бацара. Берда кIелахь гIеххьа кIорга хьех йара, шена хьалха гIамаран экъа а йолуш. И шовда, нийсса оцу гIамара тIехула долуш, кхетара Органах. ХIара меттиг шайна буьйсанна дохьаховша билгалйинера бедаша. ХIилла долу экха кхарна тIекхачалур дацара, йа хих ца даьлча, йа лекхачу берда тIера чу ца иккхича. И ший агIо а экханна аьтто болуш йацара.

Делкъал тIаьхье йаьллера, шайн болх чекхбаькккхина, паргIатбевлла накъостий шайн-шайн цIа баха дагахь, ЧIаьнтий Оргий, Шарой Оргий вовшех уьйчу тогIи чохь лаьттара. Оцу хенахь хIаваэхь гучуйевлира акха гIезаш. Уьш нийсса бархI йара, шайна хьалха йаьлла нана-гIаз а йолуш. ПаргIат тIемаш лестош, тогIина тIоьхула хьийзира уьш. Адамаш а, машенаш а дукха лелачу Шуьйта боьдучу некъа йистехь хьалха хьер лаьттина меттиг йу. Цигахь духдолуш, тIэра гIуьттуш Iаь йолуш, шовда ду. БархI гIаз, лелла-а, оцу шовдана охьахиира. Лелаш долу адамаш, машенаш царна новкъа йолчух тера дацара. Шовдана гонахьа ша база йоккха меттиг йара, хатт а болуш. Оцу хотталахь царна а хIума карочух тера дара.

ГIезаш, шовда паргIат дитина, дукха хан йалале, «палл-палл» аьлла тIемаш детташ, оццу шовдана тIе ши олхазар деара. «ЭхI! И шиъ ма тамашийна олхазар ду-кх», – элира Iалмана. Церан йеха настарш йолуш когаш бара, пIелгашна йуккъехь пар-

дош дацара, бедийн санна. ДегІана кхокханал жима, йу санна, йуткъа йеха зІакарш, овкъаран басахь Іаьржа-къорза месаш йара. Хи чу и шиъ гоьллец бен ца йолура. Шайн, йу санна йолу, йеха зІакарш оцу кочачу хоттала оьхуьйтуш, садолу хІуманаш йуура цара. И ши уьшал-котам кхузахь бехаш болчу нахана хьалха аьхка дуьйна йевзаш йара. ХІинца хІара шиъ йежаш йолчу меттера итт-пхиййта гІулч дІаваьлча, уьшал йу. Цу чохь кІорнеш йохуш, эрзалахь йехаш йара и ши котам. Ткъа и уьшал, бІаьсте йаллалц чиллано стомма ша бина, дІакъевлинера, котамийн хІусам йохош…

ХЬУЬНХАХЬ ІА

Тийна ду хьуьн чохь. Хезаш дад шах-тата. Керла диллинчу лайно дечигаш дІахІиттийна, тІе кІайчу кисех, бамбех дина йургІанаш оьхкича санна. Мичча агІор хьо дІасахьаьжча а, кІайделла дуьне бен гуш хІума дац. Дикка тидам бича, хьун йеса йоцийла хаьа. Дитташ тІехь гуш олхазарийн Іаьржа бенаш ду. Уьш деса ду, олхазарех цхьадерш бовхачу мехкашкахьа дІадахана, Іаьнна вайн махкахь совцуш дерш шайн гІуллакхаш идош, хьуьнхахула кхерсташ, лела.

Иштта хІокху тийна садоІуш лаьттачу хьуьнан ойла а йеш, йогучу цІергахь кхехкаш чохь чай долчу йайно лоькхучу «эшаре» ла а дугІуш, цхьацца хабарш а дуьйцуш, Іаш вара Келойн-Эвлара Бекий, сой. Кхихкина даьлла довхха чай молуш тхойша

Іаш, мичара йели ца хууш, нийсса Бекина тІе дукха чехка йедда пхьагал йогІура. ЦІеххьана ша кхунна тІенисйелча, тІехьарчу когаш тІе а хиъна, Іадийча санна, цецйаьлла сецира гІуьнжар бІаьргаш долу лергаш деханиг. Пхьагал Бекига хьоьжура, Бека пхьагале хьоьжура. Щеххьана пхьагал схьаиккхича, кхеравелла Бека метта веара. Цо шок а тоьхна, пхьагал йедда бІаьллангийн коьллаш йуккъехула дІайахара. Иза цхьана кхечу экхано кхерийначух тера дара.

Чай а мелла, вох а велла, садаьІна ваьлча, и деха лергаш долу гІуьнжар бІаьргаш хьан кхерийна хьажа лиира тхойшинна. Бека пхьагал дІайаханчу а, со и схьайеанчу а агІорхьа вахара, гуш йолчу ларо гайтира: и йедда йеанчу лорах тІаьхьа пхьогал ондда лар йара. Адамех а, цІарах а къаьхкина мекарниг, духа а дирзи¬на, петоьхна дІадаханера. КІайчу лай тІехь пхьагало шен ларах «шеддаш» динера цхьогал тІаьхьара даккха гІерташ.

Воьдуш, со тІекхечира пхьагал йижина Іиллинчу метте. БІаьлланган кулла кІелахь, гІеххьа ло таІош, баькхкина кІаг бара. Буьйсанна йежаш, ловзуш а лелла, де дайа дІайижина пхьагал кхузара гІаттийна, эккхийна хилар гуш дара цхьогало.

Вукху лорах вахана Бека а схьавеара. Цунна гира пхьагало кхин дІа бинчу некъан лар. Цкъа саца а сецна, тІехьарчу когйш тІе а хиъна, шен деха лергаш, дІасахьийзош ладуьйгІира пхьагало. Кхерамах ша кІелхьара йаьллийла хиъна, майрайаьлла пхьагал, шен лорах хІун йу цахуург йеш, дехьа кхоссайелира. Йуха а кхоссайелла, цхьана куллах а йоьлла,

дІатийра буьйса йоллалц. Пхьагал кхин къехка ца йеш, схьавеара Бека.

Хьуьнахула лелачу адамаша шайна зулам ца дойла хиъна акхарой, олхазарш хаам беш дара хьун йижина ца хиларан хьокъехь. Гаьнна тІера гаьннаш тІе кхиссалуш хаалора тарсалш, шайн пхьола (дечигашна лоьралла) деш йара хенакІураш. ЧІогІачу зІакаршца цара схьадоху дитташна зуламе нІаьний, кхоьбанаш.

Къанбеллачу ножан эттІачу чкъура йуккъера Іа даккха дІалевчкъина йолу садолу хІуманаш йууш, цуьнан гІода тІехула охьий, хьалий лелаш гуш дара цхьа жима олхазар. Цо шен, йу санна, йуткъа, сеттина зІок йуккъе а оьхуьйтуш, ножан кевсиг бухара схьа а йохуш, сагалматаш йуура.

Иза текха-хьоза дара, цунна йуххехь, уллорчу ножа тІехь шен болх беш дара цІийзарг цІе йолу олхазар а.

Хьун а, цуьнан «бахархой» а шайн Іаьнан мур дІахьош бара.

ТАМАШЕНИГ

Іа шийла, хала мур бу Іаламехь. Адамашна, акхарошна хала хуьлу Іай. Делахь а унахцІена, синкъераме хан йу иза. Амма аьхка хуьлуш дерг дукха ца хуьлу Іай.

Іаьнан уггар шийлачу, чилла йуккъе йахана чІагІйеллачу хенахь хилира дагахь а доцург. Іуьйре сирла, маьлхе йара. Дерригено а гойтура де довха

хирг хилар. Амма суьйренгахьа лестича, Іаламехь цІеххьана цхьа тамашийна хийцам хилира. И санна дерг хилла дагадогІуш йуьртарчу баккхийчу нахах цхьа а вацара...

Делкъал тІаьхье йаьлча, жимма догІа доладелира, дукха хан йалале иза чІагІделира. Нур сега а, стигал къекъа а йолайелира. ТІаккха, аьхка санна, догІанца, хьаьжкІан буьртигаш санна, баккхий ша бетта болийра.

Буьйса йуккъе йаххалц иштта лаьттира. Буса догІа лайца хийца а делла, гІайба санна, ло диллира. Оцу Іаламан хийцаман тешаш хилира Дочу-Борзе, Улус-Керт, ЧІишка йартийн бахархой.

ХЬОНКА

Іилмаанехь цуьнан цІе йу «Чен хох». Иза нийса ду. Іаьно наб йеш йижина а Іиллина, бІаьстенан йуьххьехь самайаьллачу, мецачу азйеллачу чена йаа хІума оьшу. Ткъа уггар хьалха хьалаболуш берг хьонка бу. Чено иза буу. Цундела аьлла хила тарло цунах чен хох.

Байн республикехь хьонка кхуьу попан, пхонан, моан дечигаш йолчу тІуьначу хьуьнхахь. Ламанца – Органца хьала йолучу хьуьнхахь а, Теркан, Соьлжан тогІешкарчу хьуьн чохь а, Илсхан-Юьртара, Ойсахархула дІа йолчу регІахь а. Вайн республикехь болу хьонка ша-тайпа бу. Іа йукъал тІехдаьлча, цуьнан зІийдиг хьалайолу. ТІаккха хьонка баккха болабо. Хьон¬ка баа мега цуьнан гІа маждаллалц.

Церг-кхела цалазийтарна чIогIа пайдехь а бу хьонка. Къилбаседа Кавказ йоцчохь и тайпа хьонка Украинерчу Карпатан лаьмнашкахь а хуьлу.

Хьонка вайн Iаламан хазна лара мегар ду. Эрна хIаллакбан мегар дац иза.

КХО КОГ БОЛУ БОРЗ

И экха вайна кегий доллушехь туьйранашкахь девза. Ас йуьйцург борз йу. Иза сутара а, йамарт а экха ду. Цо леца а лоьцуш, йуу хьуьнхара цхьацца акхарой. Барзо хIаллакйо акха гезарий, пхьагалш, олхазарш. ЦIа йаза йисна йоккха бежана: йетт, гомаш, ша цхьаъ йелахь, говр а йуьйш меттиг хуьлу.

Амма цхьана барзана тешнабехк шена хиллера. Иза дара Iаьн тIехь. Дохк дара хIоьттина. Йуьртахь цIеххьана жIаьлийн гIовгIанаш йевлира, йуьрта чу борз йеанийла хоуьйтуш. Iа шийла долуш, схьахетарехь, шена кхалла хIума лоьхуш йеанчух тера дара и сираниг. Таллархочо Наьлбин Абубакара топ тоьхна йийра иза. Борз йер-м башха тамашийна хIума дацара, иза йуьрта йар а тардалийта йиш йара. Тамашийна дара берзан кхоъ бен ког цахилар. Хьалхара аьтту ког бацара цуьнан (гоьлал лакхахула, уьрсаца хадийча санна, дIабаькхинера иза).

Шена хьуьн чохь ижу лоьхуш лелаш йолу борз таллархочо боьгIначу гурана тIенисйеллачух тера дара. Гуро лаьцна ког шега йуккъера схьа ца баккхабелча, барзо цергашца ша хадийнера иза, паргIатйалархьама. Цул тIаьхьа, тIе мотт хьоькхуш,

чов йерза а йина, кхаа кога тIехь дIалеллера и декъаза борз, йуьрта а йеана, таллархочо ша йеллалц.

ОРЦА

Чилла чекхйолуш лаьттара. Iаламехь йовхо йара хаалуш. Дийнахь хIаваъ мела хуьлура. Цхьана дийнахь ткъов йилхинера. Лой, догIий цхьаьна деача хуьлуш ду иза. ТогIи чуьра уьшалш хударх йуьзча санна йара.

Лакха берда тIера, тIема а йевлла, хIаваэхула лела а лелла, йажа майдана охьаховшуш йара гIезаш. Цхьа гIаз, бай тIе ца хууш, уьшал чу хиънера. Делахь а цуьнан аьтто боьхнера. Уьшал хьалха санна йу моьттуш, охьахиъна гIаз, даржийна тIемаш ткъевнах хиллачу пардона тIехула а долуш, когаш буха хи чохь болуш. йисинера. «Къа-къа-къа!» – бохуш, орца дохура гIезо. Цуьнга тIемаш меттах ца хьалора, деггIий, когашший бухахь хиларна.

Важа гIезаш-накъостий, уьшал йисте а гулйелла, цкъа хьалха «къакъий» деш, шайн хабарш дийцина, накъостана орцах йевлира. ТIаккха хьалха гIаз-нIаьна а йаьлла, уьш лайн и дуькъа худар дIаса а тоьттуш, хи гучадоккхуш, шайн накъостана тIе боьду некъ баккха йуьйлайелира. ТIаьхь-тIаьхьарчо хьалхарниг тIе а тоьттуш, йуккъехь йисинчу гIезана тIекхечира вуьйш.

ГIезана тIехьара а, гонахьара а и лайн хударшаткъ дIаса а теттина, и паргIат а йаьккхина, уьш цхьаьний йуха сехьа йевлира.

Орца шен хеннахь кхечира. Сарахь Іалам шелделча, уьшална ша бича гІаз адамийн гІоьнца бен схьайаккхалур йацара. Иза сарале, гуро санна, лоцур йара шано.

ТІАЬХХЬАРА ДЕНОШ

Іаламехь шийла мур бу Іа. Оцу муьрехь уггар шийла маьІиг йу чилла. Ша шелонан мур белахь а, наггахь мелла а кІеда денош а нисло оцу хенахь. Чилла йоьллийла хьалха хьонкой, цІахь болчу саьрамсекхой хоуьйту. Хьонкано лай кІелхьара хьала зІийдиг хоьцу...

Сихха чекхдовлу чиллин доца денош.

Іуйренца бешара а, хьуьн чуьра а схьа «заза-дада», «заза-дада» бохуш цхьа аз хеза. Иза чилла чекхйалар хоуьйтуш, кхаъ боккхуш декаш сийна хьоза дара. Малхехьа доьрзий, шен хазачу озаца бІаьсте гергаийзош санна, вайна гуш хуьлу и хаза олхазар. Іаьнан чиллахь бала хьегнехь а, хІинца цуьнан сакъералора. ТІейогІуш йерг хаза бІаьсте йара...

Дикка лаьтташ шело а йоллушехь хоуьйту бІаьлланг дечиго Іа чекхдала герга даханийла. Цуьнан генаш тІехь кхозуш йара корталийн чечакхех тера йолу бІаьлланган зазанан чІенигаш. Иза а бара хьалхарчарах цхьа кхаъ.

И чІенигаш чІогІа дарбане йу ахкаргашкахь, жаннашкахь лазар долчунна. Кхано гурахь цу тІе латон бІараш а вайна дика девзаш а, чомехь а, пайдехь а ду. Иза къар дайначарах цхьаъ йа. Мел дагар-

ца хьоькхуш дІайаккхарх а, иза сихха йуха денло, цхьа ши шо далале маргІалш а довлий, оцу меттехь бІаьлланган йоккха колл дІахІутту.

Хьуьнхахь лай йуккъехула халакъедаш а, ло доцчу хьаьтташкахь а гучудуьйлу стигалан басахь а, кІайн а зезагаш. Уьш бІаьстенан векалш ду. Оцу зезагех «Іовдал зезагаш» а олу. Уьш лай кІелхьара довлу дела. Нийса хир дара, царах «майра зезагаш» аьлча. ХІунда аьлча уьш дорцах, шелонах а ца кхоьру дела.

Чилла чекхйаьлчахьана, вогІу-воьдучунна некъашца а, ирзошкахь а гуш дара тобанашца лела чІегІагаш. Цара беш а бара Іа чекхдаларан хьокъехь хаам. ГІовгІанаш а йеш ловзура уьш. Дитта тІера шайн бенаш а тодора.

Іаьно мел чІогІа дуьхьало йича а, гуш дара цуьнан тІаьххьара денош хилар.

ЧУЛАЦАМ

БIаьстенан мукъамаш 5
Ставно – ворхIазза... 7
Хьуьнан акхарой бIаьста 8
Зевне хьеший 10
ЧIегIаггий, лаьхьий 14
Бен 15
Баркалла 16
ЧIегIаг 17
Ахархой 19
ХIусамаш 20
Элхьамч 21
Тутмакх 22
БIаьстенан аматаш 23
Лаьхьа 26
Iаждарбуц 30
Баппа 31
Аьхке 33
Лийчар 34
Хьуьнхара дIавоьдуш 35
Накхармозийн мостагI 36
ЗIуганаш 37
Вай 38
Цициг 40
Латталуьттург 41
Йийсар 42
БаI биъча санна... 43
Нана 44
Комаьрша хьун 46
Зуьнан амалш 48
Бохам 49
Зингатий 51
Беркате аьхке 53
Нитташ 55

ЖІаьлин нитташ 56
ІаьІа 57
Комар 58
Мангал-комарш 59
ІонтІаз 61
Хьамц 62
Къора котам 62
Динберг 64
Моша 65
Лаьмнашкахь 67
Лекъ 74
Дадолаг 76
Гуьйре тІекхочуш 78
ЧІижаргІа 80
Тасадалар 81
Бакъ-чІара 83
Йай-чІара 85
Аьнгалха 86
ЦІокъ 88
Акха цициг 96
Була 98
Шийла Іуьйре 100
Іаьнан цхьа де 102
Іаьнан чиллахь... 108
Олхазарийн буьйса 111
Хьуьнан дийнаташ Іай 114
Шаройн-Органца богІу некъ 114
Хьуьнхахь Іа 117
Тамашениг 119
Хьонка 120
Кхо ког болу борз 121
Орца 122
ТІаьххьара денош 123

Литературно-художественное издание

Хасаев Хьамзат

ЛЕСНЫЕ ТАЙНЫ

(на чеченском языке)

Редактор – *Цуруев Шарип*
Дизайн и верстка – *Хасиева Амина*

Подписано в печать 10.04.2023. Формат 84х108 1/32. Бумага офсетная. Тираж 500 экз.
Заказ № 0401.



Отпечатано в АО «ИПК «Грозненский рабочий»,
г. Грозный, ул. Санкт-Петербургская, д. 12/35